Rambetoek tèh boengah katjida tina sabab munang perangna, bidjil tina iroeng singa-barong. Toeloelj hiber, karepna rèk oewar-oewar, ngabèdjakun munang perangna djung singa-barong, samalah pikarepunnana sato-sato ogè rèk dibèdjaan kabèh. Tatapi bawaning roesoeh tuing hiberna rambetoek tèh naradjang ramat lantjah, gus tu bisa oesik, bakal manggih paèh didinja. Rambetoek munang soesoeker katjida, ari biju perang djung singa-barong, lain tanding, bisa munang perangna.

Hartina iju dongèng: Djelema koemaki matak tèrèh munang tjilaka, sarta manèh lamoen munang padoe atawa geloet, oelah sok soesoembar tuing, masing inget mangkè diharup aja noe males, tjara rambetoek tiwas koe ramat tatahunan lantjah.

MANOEK TITIRAN DJUNG NJIROEAN.

Aja njiroean kasaatan, rèk nginoem kana pantjoeran, tiso-rodot, ketjemploeng, titulum, mèh paèh. Doemadakan aja titiran kur untup, néndjo njiroean titulum. Karoenjaun titiran tèh, ngaguwat metik dangdaoenan, diragragkun kana tjai. Njiroewan tèh ngarajap kana dangdaoenan, tu toeloes manggihna pati.

Tu pati lawas èta titiran rèk dipanah koe paninggaran. Barang kur dikètjèng panahma, titiran tèmah tu njahoun rèk dipanah, tatapi njiroean hantu samar kana manoeke noe noeloengan, njait manèhna basa tikoentjoeng. Gantjang njiroean hiber tjara angin, ngadjodjo bitisna noe rèk manah manoeke tèja; tjeletèt baè disurud paninggaran tèh, nga-goeroeboeg, tu toeloes manah manoeke tèh. Titiran hiber, lèsot tina balai, noe bakal djadi katiwasan manèhna.

Hartina iju dongèng: Hantu dipéntaan toeloeng ogè, lamoen daèk toeteloeng ka noe lijan, nja manèh bakal diteloengan dui.

MOEMOELÈ PARÈ.

Aja boedak lalaki doewa, anak noe tatanèn, aroelin di sawah bapana. Boedak noe hidji ngomong: ltoe parè gura tэндjo, noe gus toengkoel djung noe tanggah kènèh. Noe kur toengkoel semoe aloem, hantu hoerip tjara noe kur tanggah kènèh. Boedak noe hidji dui ngomong: Kolot tèja baè kitoe. Tjoba dèwèk djadi bapa, èta parè noe toengkoel tèh diraboetan baè, dipitjunan kabèh, tinggalkun noe tanggah kènèh.

Bapana ngadèngè boedak kur ngaromong. Tjarèk bapana:

Bu, hadé pisan ^{manéh, ari noe} pirempeog manéh noe kadèngè koe aing. Èta, lamoen manéh tu njaho, éta gorèng pamoemoelè manéh, tu njaho di anoe hadé. Parè noe tu dipikaresep koe manéh, nja éta parè noè hadé. Noe matak toengkoel, bawaning buratun koe béas. Ari noe taranggah, éta gaboeg kabèh. Mangka waspada, anak aing kabèh: adat watek djelema nja ? tjara petaning tandoeran aing parè. Djelema taja kanjaho, angkuhna rék ngoengkoelan ka noe boga pangabisa.

5.

OETJING DJUNG TITIRAN.

Aja titiran, ngopènan kalakoean oetjing, oenggal-oenggal poè anakna sok dipindah-pindah. Tjék titiran tèh: Oetjing, manéh naha réja tuing akal, ngarah kasalametan anak tèh, oelah datang ka dinjenjeri koe satroe. Saha noe mapatahan ati-ati kitoe? Oetjing ngawangsoel: Kanjaho sorangan baè, taja noe mapatahan. Balikan manéh, sainget kami, tu kapanggih mindah-mindah anak, noe matak remen sok ditjokot koe djelema djung koe kami.

Hartina iju dongèng: Djalanan jatna koedoe ngawaskun kasalahan anoe sédjèn. Èta ngaran kapinteran. Noe hadé, noe gorèng bunang dipaké tjonto.

6.

BURIT TJANTOENG DJUNG LANDAK.

Kur oesoem tiris aja landak djung burit tjantoeng. Landak boga pamènta ka burit tjantoeng, hájang mondok dina lijangna, soepaja bisa njingkahan tiris. Burit gantjang baè nitah asoep kana lijangna, tapi landak barang gus asoep kana enggon burit, tjitjing baè, tu bidjil-bidjil, toeloj ngunah-ngunah baè, depa dina lijang burit. Noe boga lijang tèh ngèntja ngatoehoe, koekoerilingan, tu bisa asoep tina hurin, kaboe-

rang koe soedji rangseb, gus tu munang tjitjing, katjotjog koe boeloe sémahna.

Dina mangsa harita burit tjantoeng katjida kadoehoengna, roemasa munang salah, datang ka bidjil omongna ka landak: Ajuna koela gus tu betah njorangan diloewar; ari asoep kadjero hurin, tu asoep dienggonan koe doewaan. Ajuna, sakadang landak, gura oendoer, oelah aja di lijang koela. Landak ngawangsoel bari suri: Saha noe tu ngunah dina lijang iju? Hadè manèh bidjil; kami moal datang ka njingkah. Emboeng oendoer tina lijang iju, tina manggih kase-nangan.

Hartina iju dongèng: Lamoen manèh rèk ngawawoehan djelema, koedoe dipikir hula béakkun. Sok rèja djelema manggih kasoésahan djalan tina jkoerang pamikir, gantjang njobat.

7.

EMBÈ LALAKI DJUNG SAPI LALAKI.

Aja embè badot hidji luwih bedas. Sasamana embè atawa doeloerna kabèh taja noe kadoega njangga karosaannana, noe matak djadi ruus, rasana gus tu boga lawan, nepi ka bisa nangtang perang tandingan ka sapi lalaki. Pareng panggih, toeloej anggang-anggangan, sed rèk nunggar. Geprak sapisan nunggar. Embè roeboeh satengah paèh, tandoekna remoek; sapi lalaki noe munang perangna, toeloej baè lumpang. Barang embè lalaki gus inget tina kalengerna, sobatna hidji ngaliwat didinja, nendjo manèhna ngadjoprak dina tanuh. Toeloej ditanja: Kur naon, uj, ngadjoprak didinja? Wangsoelna: Kami hajang njaho di awak sorangan, njoba-njoba kabedasan.

Hartina iju dongèng: Kalakoean embè lalaki èta ngaboek-tikun omong paribasa, djalma koemaki palatat-polotot samè-mèh tiwas, ari gus tiwas, ngalèhlèh.

KALDÈ, MANOEK GAGAK DJUNG NOE NGANGON.

Hidji kaldè, kur njatoean djoekoet di tegal, ditoempakan koe gagak, matjokan babakna. Kaldè tèh ngarasa njeri kajida, sabisa-bisa ngarah njingkahna gagak tina tonggongna, tatapi gagak tèh tu daèkun oendoer.

Noe ngangon aja didinja tu djaoeh, tatapi gagak matjokan tèh diantep baè. Ngan tiba didukutan, ngagebah mah te daèk, anggoer susurian tjatjalakatakan néndjo polah kaldè, dianggap sisiwo baè. Kaldè ngomong: Uh, kanjeri kami djadi lipet doewa, tina sabab anoe wadjib noeloengan ka kami anggoer sèg baè njungsurikun!

Hartina iju dongèng: Tu aja noe luwih njeri ati ngan kajaba tina ditjatjampah. Tatapi saha-saha noe njatjampah, njungsurikun ka noe kur njeri, kasoekeran atawa kawirangan, éta pantes dipikangèwa koe djelema hadè.

MANOEK KÈRAK, TINGGAL PAROENGPONGNA.

Dina hidji luwung aja manoek kèrak, moeroe paroengpoengna, tatapi paroengpoengna diandih koe tjijoeng, nepi ka endogan dina paroengpoeng paranti kèrak tèh. Anak tjijoeng barang kur hoemihid djangdjangna, noe hidji anak tjijoeng tèh gus tu sabar ngadago oesoem, hajangun hiber baè, rèk bidjil tina paroengpoengna. Ditjarèk bari dipagahan koe indoeng-bapana, tapi tu dièstoeun. Barang kolotkolotna kur pareng njaba, anak tjijoeng noe hidji bidjil tina paroengpoeng, hiber. Sarèhning boeloe djangdjangna tatjan pepek, hiberna tu djaoeh, toeloej ragrag baè kana tanuh. Kapanggih koe boedak angon, dipakè karesapan oelin; soekoena hidji ditalian koe rara, toeloej disangsara sapoè dje-poet. Barang gus pepek djangdjangna, boga karep rèk hiber;

ngan soepaja paguh ditjangtjang soekoena, maksa baé hiber sataker tanagana. Enja bisa lèsot tina tjangtjanganana, tapi soekoena sabulah sempal, tinggalun dina tjangtjangan, gus djadi tjatjad sapanjangna hiroep, sarta djadi gawè doeloer-doeloerna noe welasun ngingonan, dipernahkun dina doengoes.

Hartina iju dongèng: Oelah karéjaan tuing sedja rék mawa manéh, lamoen manéh tatjan katjonggah koe akal; saloe-^{at kuring} poetna ogè manggih tiwas tjilaka saemoer-oemoer.

10.

BANGKONG DOEWA.

Kur mangsa katiga bangét, saat sagala sitoe, bangkongna noe aja dina sitoe éta, pada néjangan enggon sédjèn. Ngan bangkong doewa, noe manggih hidji soemoer djero sarta aja kènèh tjaina, ngomong ka batoerna: Èh batoer-batoer, saajuna montong lumpang djaoeh-djaoeh. Tah, aja soemoer; hajoe pada njemploeng kadjero soemoer. Wangsoelan batoerna: Gampang njemploeng, tapi koedoe pikir hula. Iju soemoerna djero sotèh ajuna, ari mengkèna saat, hèsè bidjilna. Èta doewa bangkong hantu ngagoegoe ka omong anoe bener; kur rada pinoeh tjaina, hantu loentjat, tjitjing didjero soemoer baé, rasa manéh ngunah tiis. Hantu lila, tina bange-ting katiga soemoer tèh saat. Bangkong, noe aja didinja, rék bidjil, hantu bisa tina sabab djero; toengtoengna paèh garing dina djero soemoer.

Hartina iju dongèng: Sagala karep, anoe rék disorang, pikiran hula pidjadijunnana. Oelah inget tuing kana kangunahan ajuna; bisi, tjara éta bangkong, tiwas koe kangunahan sautik.

11.

TJARUH DJUNG TITIRAN.

Aja tjaruh, kuna koe pitapak, katjida sangsarana; tu aja dui pikir, roemaos jèn bakal manggih pati baé. Aja manoe-

titiran, pidik atina, njaho jèn tjaruh kuna koe tatahunan manoesa. Titiran gantjang hiber, njampurkun indoengna bari poepoelih, tjarèkna: Indoeng, soekoer, bagdja kamajangan. Satroe oerang bakal ngaharupan pati. Soemangga oerang ningali, bari singsijunan lelewang, soepaja katjida ruwasunnana.

Wangsoelan indoeng titiran: Emboeng aing rèk dibawa kitoe. Manèh ogè oelah balik dui kaditoe. Tu boga kaèra, boga omong kitoe? Karana hantu hadè moewas-moewas ka noe kur munang balai, sanadjan ka satroe kaboejoetan ogè, kadongdora wani ngalawan moesoeh, sabab kur manggih tjilaka. Lamoen aja djalma kitoe, tanda djedjerih sarta gorèng ati.

Hartina dongèng iju: Djalma oelah moewas-moewas ka noe kur kataradjang balai. Sanadjan satroe, soemawona sobat wadjib ditoeloengan.

12.

MERAK DJUNG BANGO SAIR.

Dina hidji poè aja merak pasèja, pasija-sija djung bango sair, paaloes-aloes roepa. Tjarèk merak: Tingkah manèh matak idjid tuing. Tjoba, salambar boeloe manèh djung boeloe kami saroewakun gedèna djung roepana djung gilapna. Kira kami tangtoe aloes kami, tètèla kaoengkoelan boeloe manèh.

Wangsoelan bango sair tèh: Èta omong manèh bener pisan, ngan saprakara djangdjang, noe hadè roepa, handjakal koe-rang gawèna. Moal njoesoel kana kaluwihan kami, masih manèh hadè roepa ogè. Merak nanja: Naon kaluwihan manèh? Bango sair lèmèk: Kaluwihan kami hiber; gura sèg soesoel hiber kami masing nepi kana mèga. Gus ngomong kitoe, toeloej hiber moeloek pisan; merak tinggalun sarta isin.

Hartina dongèng iju: Djelema oelah sok agoel tuing koe kahadèannana sautik; bisi kaoengkoelan katjida koe batoer.

SOBAT.

Aja noe sosobatan, pada loemakoe babarengan, sarta gus djangdji, lamoen aja bantjang pakèwoeh, rèk sili-toeloengan. Barang kur loemakoe tu koengsi lila kapapag djung baroewang, nja èta hidji sato, anoe buki djelema. Rèk ngedjat, gus dukut tuing, mowandè katjerek, tapi salah doewanana, lamoen daèk djadi hidji satingkah, sapolah, sakarep, murun katjonggah ngalawan baroewang. Tapi sobat anoe hidji, barang njaho jèn baroewang, toeloej baè naèk kana kai gedè, noe dukut kadinja. Batoerna noe ditinggalkun tèja, bawaning gus kaselempek, tu munang papan, hèg ngalaboehkun manèh nangkoeban kana tanuh sarta mègeg ambekan, krana baroewang èta tu daèkun njat^oe babatang. Baroewang njampurkun ka anoe laboeh nangkoeban, toeloej diambuan sarta dilètakan soengoetna, tjulina. Toengtoengna los baè ditinggalkun koe baroewang, tu dikiju-kiju, tina tu katara jèn hiroep.

Barang baroewang gus asoep kana luwung dui sarta gus tu aja balai, noe naèk kana kai tèja gantjang toeroen, nanja ka batoerna bari susurian loemah-lamèh: Èta baroewang tèh ngabarèwoskun naon ka manèh? Wangsoelannana: Kami diwisik woewoeroek ahèng pisan. Malah lamoen ti tadina kami njaho jèn kitoe pamagahannana, murun resep katjida, moal sijnun. Ari woeroekna tèja pokna: Manèh oelah daèk dui rurudjungan lumpang djung sobat noe sok tjidra, hantu daèk sili-toeloengan, ngan soepaja salamet manèhna baè.

BAROEDAK LALAKI DJUNG BANGKONG.

Aja baroedak lalaki rada loba, kur aroelin pada doegal-doegal; oelin dina sisi sitoe, karesepannana mentoeran

bangkong, noe kur ngambang dina sitoe. Loba noe kuna kana hoeloena, toeloej bangkong tulum. Baroedak tèh soeka, susurian ting-tjarikikik. Aja hidji bangkong lèmèk: Èh baroedak, kalakoean manèh kitoe tèh tu dipikir. Manèh kabèh nijat oelin soekan-soekan, ari kami sabatoer kabèh nJORANG balai gedè.

Hartina iju dongèng: Taja kalakoean anoe gorèng, kadjaba djalma ngantur kasoekana, kadjun matak tu ngunah ka dUNgun-dungun.

15.

MONJÈT DJUNG BOEWAH SANINTEN.

Hidji monjèt nimoe boewah saninten tina djoekoet. Boewah saninten aja kènèh koelitna; toeloej digègèlan, sedjana rèk dihakan usina, tatapi hèsè dihakanna, bawaning tuas sarta tjbetjoekan tjangkangna.

Aja hidji monjèt néndjo kalakoean batoerna ti kaanggangan, njungsurikun baè ka noe ngokosan saninten. Tjarèk monjèt anoe nimoe saninten tèh: Oelah katjida tuing manèh njungsurikun ka kami. Aing tu samar kana boewah iju; ari tjangkangna rada tuas sarta tjoetjoekan, tatapi sikina poelen, semoe amis, asa boewah gajam.

Hartina iju dongèng: Sagala kabisaan djéng kanjaho mimitina mah hantu matak resep, malah matak hèsè. Tapi lamoen ditemenan, djadi bisa sarta hasil.

16.

GALATIK.

Aja toekang mikat manoeek galatik, djontrotna tu tjitjing-tjitjing, disada baè bari njisilan parè. Galatik kèntja-katoehoeumana pirang-pirang, noe ngadèngè. Gantjang pada njalam-purkun pamikat. Barang datang kana pasangan pikat, manoeek noe loba tèh pada ngomong: Rèja temen parè didiju, djung kami pada ditjeloeakan njatoe koe kantja, sarta omongna manis. Lah, hajoe oerang pada moro kaditoe.

almater 5

Bareng asoepna kana koeroeng pamikatan, saajana galatik bunang kabèh sarta bakal manggih pati. Dina mangsa harita ngan galatik noe hantu daèkun dukut, noe hantu bunang tèh. Djontrotna nanja: Saba noe mapatahan pinter ka manèh, sabab tu daèk dukut kadiju? Wangsoelannana: Bapa kami noe mapatahan; kiju mapatahannana bapa tèh: Agoes, lamoen manèh diènèng-ènèngan bagdja gedè, noe gampang hasilna, mangka perjatna, karana alamat hantu pibagurun.

Hartina iju dongèng: Djalma masing awas kana pangwoedjoek. Ari pangwoedjoek tèja, tangtoe manis, tapi mangkéna tangtoe kadoehoeng.

17.

MENTJEK DJUNG TANGKAL AWI.

Aja mentjek, diboeboerak koe paninggaran, loempat ngadedempès dina dapoeran awi, boeni tu témbong sautik-utik atjan. Noe moroan kalungitan lari. Mentjek barang gus roemasa kaloewar tina balai, toeloj njatoean daoen awi, noe mindingan awakna tèja. Aja kènèh hidji noe moroan tadi tèja, ninggalkun manèh dina dukut kebon awi, ngadèngé krosok-krosok dina awi sarta njaho jèn aja mentjek. Gantjang njeloekan batoer, tu koengsi lila mentjek katjekel. Barang rèk dipaèhan, mentjek bidjil omongna kiju: Pati kami iju rèk diangken pahoekoeman adil, tina kami males gorèng ka noe mihoetangkun kahadéan.

Hartina iju dongèng: Noe njiun kahadéan sok manggih wawales gorèng. Èta ges loembrah boeboehan alam-doenja. Tapi noe tjidra mangké munang wawales ti Goesti Allah, noe sipat adil.

18.

LANDJAM DOEWA.

Aja landjam doewa, sapandaj, sawadjana djung saengonna digawè. Noe hidji ditundun baè dina djoeroe, munang

sataoen tu dipaké-paké, toentoengna tai-hijangan. Ari gus lawas noe boga ingetun kana tundun landjam, gantjang baé ditjokot. Landjam tai-hijangan téh hêran nêndjo batoerna, noe sok dipaké oenggal' isoek, katêndjona awakna aloes sarta gilap. Omongna: Kami hêran katjida nêndjo awak manèh. Tadi roepa manèh djung roepa kami saroewa; naon noe matak hêrang awak manèh, ari kami ngunah-ngunah nganggoer baé, djadi gorèng patoet? Wangsoelan noe ditanja: Nja éta panganggoer manèh noe matak djadi gorèng roepa téh. Ari noe matak hadè roepa kami, djalanan diadjar nja-bak gawè, djadi ngoengkoelan ka manèh.

Hartina iju dongèng: Djelema noe sok nganggoer ngahoe-dangkun nijat gorèng, ari pagawéan tangtoe noengtoen ka-boengahan sarta kangunahan.

19.

BOEHAJA, MAOENG DJUNG DJELEMA NGALIWAT.

Aja djelema lumpang, nJORANG djalan singget, noe sabulah ti katoehoe goenoeng loehoer djung sabulah ti kèntja tjai waloengan gedè, ngaran Logangga. Tu koengsi lila nêndjo maoeng toeroen ti goenoeng, njampurkun rèk ngahakan ka manèhna. Bawaning gus kaselempek, rèk ngetjeboer ka tjai, nêndjo boehaja kur ngambang, matak djadi soe-sah katjida, lèmèkna kiju: Teges tjilaka awak kami, sabab dipihapitkun koe balai, noe bakal djadi lantaran pati, bawaning gus koempoel kasoésahan. Toeloej baé ngagedeboegkun manèh kana tanuh. Maoengna gantjang ngarontok ka djelema noe ngagolèr, tapi kalangkah kalepasan. Maoengna ketjeboer ka tjai, ditampanan koe boehaja, toeloej dibawa tulum. Djelema toeloej baé loemakoe, tu koengsi munang balai.

Hartina iju dongèng: Nadjan manèh kedatangan koe balai gedè, oelah pegat-pegat neneda salamet. Ari balai tēja tu tangtoe noe mangka djadi lantaran salamet awak manèh. Aja noe siga matak tambah tjilaka, tapi radjun djadi lantaran salamet.

MANOEK GAROEDA DJUNG KOEJA.

Aja koeja, boga nijat bisa hiber, remen ngomong ka manoe k garoeda, neda diwoeroekan. Oenggal ngomong ka manoe k garoeda, tjarèk garoeda: Sok ngomong tu patoet djung tu pantes kana pipatoetunnana. Bawaning kukuh noe hajang, kukuh noe njarèk, toengtoengna nja diantur karepna tina ngaroedetkùn kana ati batoer. Toeloej koeja diranggum koe manoe k garoeda sarta kebat dibawa hiber. Barang gus nepi ka loehoer, diragragkun, kadjadjadiannana njata saomong manoe k garoeda: koeja ragrag kana tanuh, awakna remoek.

Hartina iju dongèng: Oelah sok nganijatan noe tu pikalalonun. Karep kitoe èta bidjilna ti ati takaboer, noe noengtoen kana karoeksakan.

SINGA-BARONG DJUNG EMBÈ.

Aja singa-barong, ngadulu embè tjitjing dina gawir loehoer. Karepna singa-barong rèk njatoe embè, rèk ditaèkan, tu bisaun. Toeloej baè ngomongan manis: Kur naon nja gawè manèh aja didinja? Manèh anggoer toeroen kadiju: rèja djoekoetna djung roejoek rèja noe djaradi, sakoer noe sok dihakan koe manèh.

Embè lèmèk bari suri: Ari omong manèh nja aloes pisan, sabab enggonna sorangan, tatapi tu ngarah ka salamet kami. Ngan ngarah subuh butung manèh baè, malar soepaja kami aja dina enggon, anoe katjonggah koe manèh. Iju gawir moal bunang dioenggahan koe manèh.

Hartina iju dongèng: Oelah pertjaja kana pirempeog djelema akal djoeroedjana. Pirempeogna ngan ngarah hasil kana awakna sorangan baè, tu pisan mèrè hasil ka noe lijan mah.

BOEDAK LALAKI DJUNG KALOEWA TJANGKALÈNG.

Aja noe ngaloewa tjangkalèng, diwadahan koe gotji, lijang-na rada lutik. Anakna noe lalaki katjida hajangun kaloewa tjangkalèng. Bapana nitah njokot sautik; boedak lalaki toe-loej ngodok kana gotji, njokot sakupul, tapi lungunna tu bunang dipaoet. Ditarik-tarik paguh baè, toengtoengna boedak tèh tjurik. Tjarèk bapana: Noe matak manèh tjurik tèh kagorèngan manèh. Karep manèh njokot tèh hajang rèja sakali. Tjoba, lamoen njokot sautik-sautik mah, mangka mindeng, djadi sakarep manèh. Pikarepun hantu djung kira-kira sok tara djadi. Asoep kana paribasa: Gedè tuing tjanggum. Kalakoean èta hadè noe lukun ngurujuh, madjoe lalaoenan, soepaja oelah ngarandeg.

als mau
mits

HAJAM DJAGO DJUNG NOE BOGA.

Aja sahidji hajam djago, lèmek bedas, moedji gedè wawa-nèna? gus poegoeh kasèp roepana sarta dikawoelaan, dipikasijun koe bikang-bikangna. Noe boga nangtoengan aja didinja tu pati djaoeh, susurian ngadèngè hajam moedji manèh. Katampana koe djago dièra-èra, toeloj nanjakun djago tèh: Djoeragan, sabab koemaha noe mangka sampéan ngagoemoedjengkun omong kawoela? Naha kawoela tèh bohong? Djoeragannana ngawangsoel: Lain kitoe; bisi aja noe tu ngandel kana omong manèh, tina lalampahan anoe hadè, èta loembrah dipoedjina koe sédjèn. Lamoen dipoedji koe manèh, koerang antebna; tjek paribasa tèh: Goong nabuh manèh.

PUTJANG DJUNG BANGKONG.

Aja putjang, kur ngarijoeng rèja pisan batoer; gawèna kur mirempoeg perkara karisina, tu petot-petot manggih

kasoelah, sok diojak-ojak koe andjing. Ngoe hidji ngomong, pokna: Hè batoer-batoer kabèh, koemaha pèdah oerang tu petot-petot manggih kasoeker, diojak-ojak koe satroe oerang, noe taja pisan rarasannana karoenja. Oerang kabèh gus diangen tutundunnana baè, wenang dihakan sakarep-karepna. Ari pirempeog koela, luwih hadè oerang bareng paèh baè, manan hiroep kiju mah, saoemoer-oemoer ngan ngandoeng karisi baè. Hajoe oerang ngoentjoengkun manèh kana sitoe baè; didinja minangka koeboer oerang.

Batoerna kabèh rempeog; gus pada ihlas atina rèk pada nulunkun manèh kana sitoe, noe dukut kadinja. Toeloej pada laloempatan, moeroe kana sitoe tèja, ngagoeroeh pating-karebet, pating-korosok, matak kagèt bangkong-bangkong, noe pada aja di sisi sitoe. Èta bangkong-bangkong pada giras, laloentjatan, naringgangkun manèh kana tjai. Putjang ngadarèngè sora pating-karetjemploeng ka tjai. Noe hidji ngomong: Hè batoer-batoer, èta sora naon pating-karetjemploeng? Kawas aja sato noe sarijunun koe oerang. Batoerna nèmbal: Enja, bangkong laloentjatan. Siga sijunun koe oerang, toer oerang tèja taja pisan pangarah kadinja. Palangsijang oerang nja tjara kitoe boeroengna, mastikun anoe tatjan tangtoe. Waka nijat maèhan manèh, koe sabab sijun dipaèhan koe batoer. Djadi oerang luwih hadè sabar baè sarta ati-ati, soepaja oelah kabongohan koe moesoeh.

Hartina iju dongèng: Salawas hiroep koedoe ati-ati, oelah kasorang koe prihatin. Tatapi lamoen gus manggih prihatin, kasoelah gedè, tjara koemaha ogè, oelah rèk moetoeskun paneneda, djung koedoe inget tangtoe aja noe ngoengkoelan dui kana kaprihatinan oerang.

TANGKAL GEBANG DJUNG WALOEH.

Aruj waloeh ngarambat kana tangkal gebang; tatjan pati lawas gus nepi kana poetjoekna. Aruj waloeh ngomong:

Nja ahèng katjida. Sakanjaho kami ngadèngè noe ngaromong, oemoer iju gebang gus saratoes taoen. Tatjan saratoes poè, kami gus njoesoelan djangkoeng ka iju gebang. Ngawangsoel tangkal gebang tèh: Enja, tèrèh: tapi saroewa baè tèrèhna djung toempoerna. Samèmèh béak mangsa ngidjih iju, daoen manèh tangtoe toehoer kabèh.

Aruj waloeh nanjakun: Noe matak manèh njaho taksiran, njeta ka noe lijan, ti saha manèh nja goegoeroe? Wangsoelan tangkal gebang: Njaho tina ngalaman sorangan baè, djung gus nèndjo mangsa ngidjih sabaraha kali. Ari aruj waloeh, noe ngarambat ka kami, gus loba pada karoemaki sarta tèrèh roeksakna tjara manèh.

Hartina iju dongèng: Oelah soewaban omong atawa taka-boer, doemèh tèrèh naèk, krana radjun ogè noe tèrèh naèkna, tèrèh dui ragragna.

26.

GAGAK DJUNG GENTONG.

Aja gagak doewa, halabhabun nginoem; pada nèjangan tjai, pada hiber doewana. Manggih hidji gentong, aja tjaina loba; tatapi bawaning katjida djerona, éta gagak tu kadoe-gaun aboes. Ari rèk digolèmpangkun, tu kabawa, atawa rèk diarah bulahna, tanggel. Noe hidji gagak poendoeng sarta toeloelj hiber, noe hidji tinggal, nèjangan akal, bawaning hanaang. Toengtoengna manggih akal: gagak tèh matjokan batoe djung tjadas, dikeljemploeng-tjemploengkun kana gentong. Barang gus lila, tjai dina gentong oenggah kaloehoer: tu koengsi satengah djam gagak tèh bisa subuhun nginoem.

Hartina iju dongèng: Sagala kalakoean, lamoen aja hèsèna, oelah dipakè wegah. Koedoe kurujuh baè, oelah sijun koe hèsè, oelah pegat-pegat nijat ngangguskun pagawèan, noe tadina ditaksir pitubunangun dipigawè; tina dikurujuh tangtoe djadi.

BURIT DJUNG TJOEBLOEK.

Aja burit hidji, gus ngadèngè bédja bab pibalaiun manéhna djung batoerna kabèh, nja éta oetjing, djung sadjaba tidinja babakoe manoesa satroe panggedèna, tina rèja akalna. Pareng dina hidji mangsa ti puting éta burit lumpang, manggih tatahunan tjoebloek, didjerona aja parab dèèng sakurut. Burit ngomong: Kami moal kalakon njatoe dèèng éta, tapi lamoen diambuan baè mah, moal djadi koemaha. Ari gus kitoe burit tèh toeloej ngadukutan tjoebloek, sedja rèk aboes kana tahun tjoebloek, rèk ngambuan dèèng. Lila-lila antel iroengna kana sesetilna; pundut tjoebloek tèh ninggang, burit bunang koe tahun.

*lila-lila
ngadukutan*

lamoen diambuan

Hartina iju dongèng: Sagala pagawéan gorèng éta koedoe singkiran sakali, djung oelah pisan-pisan wani dukut; bisi kapoeket koe panggawè gorèng, njaho-njaho gus kakoe-roengan.

DJELEMA DOEWA LUMPANG, MANGGIH KANTONG, DIUSI DOEWIT.

Aja djelema doewaan, lumpang babarengan. Noe hidji tu lila ngarongkong; aja noe ditjokot tina tanuh. Ngomong ka batoerna, pokna: Iju tëndjo, kami nimoe kantong, diusi oewang. Batoerna ngawangsoel: Lamoen djelema lumpang babarengan djung batoer, di djalan manggih naon-naon, benerna lain kitoe pokna. Koedoe: Iju oerang pada manggih kantong, diusi doewit, sarta doewitna parokun. Wangsoelan noe nimoe: Hantu hajang ngomong kitoe, da saenjana kami anoe nimoe tèh.

lamoen diambuan

*lila-lila
ngadukutan*

Sangus kitoe, hantu lila ngadèngè sora djelema, alok-alok kasebrotan, pokna: Tjekel djelema, noe njebrot kantong doewit. Noe nimoe kantong tèh ngomong: Doeh, batoer,

oerang djung silaing doewaan bakal katiwasan; tangtoe ka-boektian, kantong diseboet bunang njebrot. Batoerna ngawangsoel: Benerna ajuna silaing oelah ngomong kitoe, njambat-njabat ka dèwèk. Koedoe njeboet: Ajuna kami bakal katiwasan, karana kami ajuna emboeng kabawa-bawa ditangkep. Da tadi ogè, basa nimoe, koe manèh hantu dibawa-bawa. Toengtoengna ngan èta djelema, noe nimoe kantong, ditalian tèh, sabab kaboektian; batoerna tu pisan noeloeng, malah poewasun baè.

Hartina iju dongèng: Ari lumpang babarengan djung batoer, koedoe sapapait, samamanis. Lamoen emboeng mèrè mamanis ka batoer, oelah hajang dibèlaan papait.

29.

DJAPATI BODAS DJUNG GAGAK.

Aja djapati bodas, roto semoe hidung, asal dibentoer koe boedak, dibentoerna koe tanuh belok. Djapati digunggruhkun koe gagak, semoe dièra-èra. Omong gagak tèh: Manèh djapati saroewa djung roepa aing. Wangsoel djapati: Nja bener omong manèh, tapi reged sotèh ngan boeloe baè, ari kana koelit daging mah tu teroes. Samangsana mandi ogè, tangtoe bersih dui. Balikanan manèh, masih mandi satoen lawasna, moal bisa djadi bodas.

Hartina iju dongèng: Djalanan ngagorèngkun ka noe bersih, sadawoeh tèmpongna roto, tatapi lawas-lawas bersihna katara sarta matak welèh noe ngagorèngkun.

30.

OENTJAL DI SISI TJAL.

Aja oentjal, nginoem dina waloengan, hèrang tjaina. Nèndjo kalangkangna, toeloj ngomong, pokna: Bèhna mah babagian papastèn, anoe aja dina hoeloe aing, oetama. Katèndjona

ngarangkadak dina hoeloe tèh tandoek, tatapi ngan soekoe asa koerang prajogana. Lamoen ditimbang djung tandoek mah, gus tangtoe kami djadi sato pangkasépna baè, sanggoep ngadoe kapantesan djung kantja sato noe lijan.

Kur ngomong kitoe ngadèngè korosok paboeroe ti kadja-oehan sarta néndjo andjing rèja, pada moeroe bari ngagogog. Oentjal loempat tarik, naradjang tegal; andjing tinggalun, oentjal asoep kana luwung. Ari rèk njoempoet dina roejoek, tandoekna kapoeket aruj-arujan, kaboeroe koe andjing rèja sarta dipagorènjangkun. Barang rèk paèh, sasambatna: Doeh, tjilaka temen awak kami lantaran tina gedjoel aing. Sobat rèk diangken satroe, satroe rèk diangken sobat. Soekoe aing, noe ditjawad, mèh bisa noeloengan kana diri; ari noe dipoedji aloes, tandoek, nja èta noe matak tjilaka tèh.

Hartina iju dongèng: Arang-arang djelema njaho noe matak mawa salamet atawa noe mawa balai kana awakna.

31.

TANGKAL MALAKA.

Aja njiroean, ngenggon dina tangkal malaka, madoena rèja. Tangkal malaka tèja giroek atina, samalah moerang-marèng, sirik kana kai noe sèdjèn. Aja tangkal hampelas, noe ngagungguruhkun kana tangkal malaka, tjarèkna: Naha manèh kabina-bina tuing pamogol manèh tèh. Rasa kami noe matak manèh dipikaasih koe manoesa, sabab nja èta dienggonan njiroean, da boewah manèh mah kesed. Tu lila njiroean oendoer tidinja, pindah kana kai sèdjèn. Sanggus kitoe aja djelema, rèk ngala madoe tapi gus kosong. Djelema ambek, moerang-marèng; toeloelj tangkal malaka tèh ditoe-war, sabab gus taja mamanisna.

Hartina: Koemaki noe matak djadi katiwasan, hantu njaho ditoeeloengan sobat, noe matak djadi kasalametan, sarta matak diadjènan.

PUTJANG DJUNG DJALAK.

Aja djalak untup dina roejoek; tu lila aja manoeek garoeda, njamber putjang noe dukut kana djalak, toeloelj putjang tèh dibawa hiber. Putjang sasambat, mènta toeloeng, tapi taja gawèna, gus pinasti djadi kahakanan manoeek garoeda. Djalak tèh goréng atina, moewas-moewas kana putjang, munang balai, omongna: Soekoer, manèh sabab bongan, tu loempat mangka gantjang tangginas; tangtoé bisa njingkirpan panjamberna manoeek garoeda. Djalak tèh kur ngomong kitoe, gaproek disamber koe alap-alap. Djalak sasambat, mènta toeloeng, tjara sasambat putjang tèja, tapi taja noe noeloengan.

Hartina iju dongèng: Oelah pisan-pisan sok njotjoh-njotjoh ? ka harè-harè hiroep, ka noe kur kataradjang balai, sababna awak manèh ogè munang kataradjang balai.

HAJAM DJAGO DJUNG BAROEDAK AWÈWÈ.

Aja hidji nini-nini, lampahna wekel digawè. Oenggal-oenggal kongkorongok tjotjooannana hajam djago, waktoe soeboeh, nini-nini ngahoedangkun batoer-batoerna, dititah digawè satjabak-tjabakna.

Batoer-batoerna pada giroekun kabèh ka èta hajam djago, tina kamelidannana, sanguk hoedang isoek-isoek sarta sanguk digawè. Remen ngomong djung batoer-batoerna, pokna: Si djago bangkawah, noe matak djadi kapoesingan oerang tèh. Lamoen taja èta mah, djoeragan moal tanghi isoek-isoek, murun oerang munang subuh hès. Tina kagarètèkannana sarta hajang lungit karoedetan, hajam djago tèh diparijuskan buhungna datang ka paèh, dosana ngan koe sabab sok kongkorongok soeboeh.

Sarèhna si djago gus paèh, djoeragannana sasat kalungitan

djam. Wantoe-wantoe gus kolot, hantu bisa sarè tibra, oenggal-oenggal ngalilir, batoer-batoerna diharoedangkun, mèh pada hantu bisa hèès, tina remen dihoedangkun. Tambah garètèkna, tjajakan lamoen bisa mah, si djago tèh murun dihiroepan dui baè.

Hartina: Lamoen manèh hajang ngalungitkun kasoelah, koedoe dipikir masing asak; bisi djadi manan lungit, anggoer tambah.

34.

BANGKONG DJUNG SIDAT.

Aja anak bangkong, diadjar kènèh ngomong, sakudung-kudung disada. Papanggih djung sidat dina beber; ari sidat tèh noe sakaroepa djung beloet ajana dina beber sisi laoet. Bangkong mojak ka sidat, tina sabab piru, tara disada. Wangsoelan sidat: Disada ogè hantu poegoeh alang-oedjoerna, asoep ngatjo baè, malah matak niwaskun ka diri. Djelema noe ngadèngè ngèwaun, murun toeloelj dibentoer. Rasa koela mending tjitjing manan ngatjo mah.

Hartina: Hadè tjitjing manan ngomong hantu poegoeh mah. Lodong kosong ngalentroeng.

35.

RUNGIT DJUNG LANTJAH.

Kur wantji sorè rungkit tirisun, tjitjing diloewar, toeloelj moeboes kadjero imah, ngarah hanut sakudung-kadungun. Mimitina asoep ka imah lutik, anoe oerang lemboer. Didinja nulu lantjah, nahun kun rawè. Rungkit njaho jèn èta lantjah djadi hama, satroe sagala rungkit, katjida risina, hiber pindah enggon, asoep ka boemi gedong. Ari gus datang kadinja, boengah katjida, noe sok ngarawè taja, pokna: Ngunah naker,

hanut tjitjing di kamar iju; kami moal bidjil-bidjil, matoeh dina kamar iju, nepi ka oesoem katiga.

Barang gus puting, rèja damar rateng, tjaang matak nga-boengahkun. Toeloej hiber-hiberan, ngoerilingan damar tèja; hantu lila djangdjangna karèrab, rungit ragrag kana damar, toeloej paèh. Soemawona bisa njaho ka oesoem katiga dui, ka isoekna ogè hantu nepi.

Hartina dongèng iju: Lamoen manèh gus bisa njingkahan ^{maning} sahidji balai, oelah pisan-pisan njipta, jèn salamet ti sagala balai. Karana moenggoeh noe hiroep, sasat dikepoeng koe balai; saha noe wèja, kuna.

galyah
alorj

36.

KAPITING DOEWA.

Aja kapiting doewa, noe hidji gus kolot, noe hidji dui ngora kènèh. Noe kolot tèh ngomong: Manèh lumpang oelah sok miring, koedoe mangka djedjeg.

Wangsoelna noe ngora: Ari hajang mah pantèg lumpang djedjeg tèh, tapi ari prak dilampahkun, tu bisa. Ajuna koela tjik woeroekan koe sampéan.

Ana hég njontoan miring dui baè.

Hartina iju dongèng: Oelah sok ngagungguruhkun patjatjadan noe lijan, ari saroewa tjatjad mah.

37.

DOEWA TJIJOENG.

Dina hidji taoen pareng katiga 'banget, rèja tatangkalan hantu baroewahan. Aja doewa tjijoeng, katjida langlajusunana, nahnaj, tunanganun. Lèmèk ka batoerna noe djagdjad kènèh: Batoer, tjoba ngadjadjal hiber, ngoebeng saider dui baè. Soegan aja boeboewahan, soepaja oerang oelah katjida tuing nja lesoe, soegan munang tanaga. Tapi lamoen manèh

manggih boeboewahan, kami koedoe dikirim sautik-utikun, mangka gantjang, bisi dèwèk kasedek paèh langlajusun. Noe rada djagdjadg tèh sanggoep rèk ngirim, lamoen manggih redjeki sarta manggih bagdja.

Toeloej hiber nējangan tatangkalan noe boewahan. Pareng manggih djamboe bool, kur boewahan sarta gus asak kabèh. Omongna: Lah, dalah kami djung sobat munang pitoeloeng! Sanggus ngomong kitoe, untup dina tangkal djamboe tèh, bari tonggoj njatoean boewahna, nepi ka subuhun; lilana dina tangkal djamboe sadjam. Srengèngè rèk soeroep, tji-joeng gus rèk nijat balik djung rèk ngirim ka batoerna. Mangsa harita ngarasa tunangan kènèh, sarta inget baè kana boewah djamboe noe arasa, noe matak kabita, lila-lila toeloej kahèsan. Ingetna gus isoek dui, toeloej baè hiber, ngadjoegdjoeg ka enggon sobatna, noe langlajusun tèja; barang kapanggih, gus paèh.

Djelema èta, ari gus manggih bagdja, tara inget kana pitjilakaun atawa kasoésahan noe sédjèn.

38.

NJIROEAN LOBA DINA GOTJI.

Aja njiroean loba, ngagembrong dina gotji, diusi madoe; agahannana rèk disusupan, datang ka pada kaleboeh, tigoebroes kana madoe. Barang rèk hiber, tu bisaun, tina tjiproek koe madoe. Njiroean pada sasambat, tjurik, ngarasa jèn gus dukut kana patina. Ari njiroean anoe loba, noe pada salamet asal tina ati-ati, untupna dina biwir gotji baè. Enja tu pati subuh njusupna, tapi salamet tu tikoentjloeng.

Basa kur pada rèk hiber, ngomong ka batoerna, noe katiwasan tèja: Kami pada karoenja ka maranèh, tapi bongan maranèh. Naha moen tadi, samémèh njusup, pikiran hula koe maranèh, hèsèna gampangna pibidjilun.

Hartina iju dongèng: Hawa gampang njoerangna, tapi samangsa gus disorang, balikna luwih hèsè. Èta oelah pohopoho. Koedoe pikiran hula, karana handjakalna sok kapanggih

ditoekang, tapi taja gawèna, sabab gus béak waktoena. Koedoe ditijoeng méméh hoedjan.

39.

SINGA-BARONG DJUNG BURIT.

Aja burit hidji, wani-wani oenggah kana gigir singa-barong kur hèès. Singa-barong kagèt, toeloej njarung, sarta burit tèh ditjaploek. Sambatna burit tèh: Uh goesti, moegi-moegi aja pangampoenten dalem ka abdi, tina djalan pandjenengan dalem, noe luwih perkosa sarta gedè wawanèn. Oepami rèk maèhan abdi, noe apes tjara kiju, pandjenengan dalem gus tangtoe hamo saé kakongaskunnana, djadi ngahandapkun kana kaloehoeran dalem. Burit tèh dihampoera sarta guwat dilèpotkun, barina ngomong: Koe aing dikentjarkun dui sotèh, ngan tina karoenja baé; aing hantu ngarep-ngarep kana pamales manèh.

Tu koengsi lawas, singa-barong kuna koe rawè, ambekna méak-méakkun tanaga, ngarah lèsot tina rawè, tatapi tu boga bubunungan, malah buki katjida mulitna. Gerona matak sijun katjida; sagala sato-sato kaboer, laloempatan sakarep-karepna. Ngan burit téja, anoe hantu sijunun tèh, malah-malah noeloengan. Gantjang njampurkun, toeloej rawè tèh dikurut koe burit. Singa-barong bisa ngentjar dui, sarta roemasa, lamoen hantu ditoeloengan koe burit, murun datang ka paèh, sarta roemasa njatjampahna tadi salah.

Hartina iju dongèng: Njiun kahadéan sarta njaah ka sasama hiroep, tangtoe aja gandjarannana, sanadjan ka noe lutik. Karana hantu moestail, radjun ogè koering bisa noeloeng gedè ka ménak.

40.

TJARUH, OETJING DJUNG MÈJONG TOETOEL.

Aja tjaruh djung oetjing, pating-alider, loemakoe djaoeh bari ngaromong. Noe diomongkun bab adil djung roentoet,

sarta pada ngomongkun kasalahan éta doewa prakara: maling djung maéhan; gus ditetepkun panggedè-gedèning lampah gorèng.

Kur ngomong kénéh kitoe, njaho jèn aja mèjong toetoel, njatoe embè. Tjaruh, néndjo kalakoean kitoe, katjida njawadna, pokna: Panggorèng-gorèngna kalakoean noe sok ngahakan sato, noe tu boga dosa. Kami mah tara kitoe. Bunang diseboetkun éta si mèjong-toetoel sato panggorèngna, pangodohna, pangdengkina.

Salilana ngomong kitoe, lampahna buki dukut ka lemboer. Didinja néndjo hajam bikang hidji, loba anak-anakna. Tjaruh gantjang ngarontok kana hajam bikang téja, sarta toeloej dihakan. Demi oetjing noeroetan polah tjaruh téja, toeloej ngarontok anak hajam, sarta dihakan. Mangsa harita kaoeta-maannana, kapinterannana, djung kasalèhannana pada lungit.

Hartina: Manoesa hajang katjida ngagungguruhkun kaloe-loepoetan atawa kagorèngan anoe lijan, kari-kari awak sorangan ngalampahkun. Oetuk tongo dina tarang batoer kanjahoan, gadjah depa dina poendoek tu karasa.

41.

SRENGÈNGÈ DJUNG ANGIN.

Dina hidji poè srengèngè ngadjak perang tandingan ka angin. Noe dipakè pasanggiri atawa panajogjaan, saha-saha noe bisa ngahiberkun tijoeng noe ngaliwat, nja éta noe oenggoel perangna. Mangsa harita angin ngageleboeg, mamawa hoedjan gedè. Noe ngaliwat tèh tu madjoe, balas ngomèkun tijoengna; disingsetkun sabisa-bisa, noeloejkun lakoena, tijoeng buki paguh.

Diganti koe srengèngè, anoe metakun karosaan. Pareng ka tengah pisan, sorotna nenggel; panasna morèrèt, bèngras kabina-bina. Noe ngaliwat tadi, mangsa kur ngageleboeg angin, ngan maguhan tijoeng baè, ari kataradjang panas, toeloej ngalaan tijoeng, sarta ngijoehan handapun kai gedè. Srengèngè boengah, sabab oenggoel perangna.

Sagala kalakoean, lamoen sarèh sarta rapat, bunang di-tangtoekun sok hadè kadjadjadiannana, tikel sapoeloeh djung noe huras regas, ngadjoedjoer hawa napsoe.

42.

HAJAM DJAGO DJUNG INTEN.

Aja hajam djago, langlajusun koerang parab, ngorèh dina kusik, nimoe inten gedè sahidji. Barang nèndjo inten, hajam djago tèh ngomong: Tada tuing boengahna toekang nja-rawèdi, lamoen nimoe inten iju. Ari lebah kami mah, mending nimoe béas sasiki, manan nimoe inten sarèwoe noe tjara iju.

Hartina iju dongèng: Naon anoe djadi redjeki, noe matak ngoewatkun kana badan, hantu bunang digantian koe noe lijan, nadjan roepa sosotja.

43.

BAGONG DJUNK MÈJONG TOETOEL.

Aja bidji bagong, kur ngasah sihoeng dina tangkal kasambi, digungguruhkun koe mèjong toetoel, pokna: Manèh tèh kur naon? Wangsoelna: Kami kur ngomèan pakarang paranti ngalawan moesoeh, bisi aja satroe rèk nganijaja ka kami. Tjarèk mèjong toetoel tèh: Rasa kami mah tu pati perloe, sababna tatjan aja moesoeh, pikarisiun manèh. Tjarèk bagong: Nja éta sababna koe kami noe matak dikedap. Ari gus bèh mah moesoeh, moal kaeur ngasah sihoeng, ngan kari taroeng baè. Luwih hadè sadija, samèmèh nepi kana gawèna.

Hartina iju dongèng: Noe pinter ati-ati kur mangsana salamet, ngingetkun atawa njadijaan baris noe pikapakèun mangkè, bakal noelak balai. Ari datang kana mangsana, ngan kari makè baè. Sagala kalakoean, noe kaselepek, arang-arang aja hasilna; nja luwih hadè sadija ti awalna.

TJIJOENG DJUNG KOETOEK-KOETOEK.

Aja tjjoeng, aboes kana paroengpoeng, diarah koe koetoek-koetoek, tapi matjokna atawa njakarna koetoek-koetoek tèh hantu nepi, sabab djero paroengpoengna. Tjjoeng ngadempès didjero paroengpoeng, koetoek-koetoek tjitjing ngadago diloewar, ngarah bidjilna. Tjjoeng garètèkun, bidjil napsoena, pok soesoembar: Èh toekang maèhan, koenaha aing tèh koedoe sabar baè, oelah ngalawan ka manèh? Hèg rasakun koè manèh; apes-apesna mata manèh sahidji bakal djadi wadal.

Sanggus soesoembar kitoe, tjjoeng tèh toeloelj bidjil. Koetoek-koetoek njingkah, api-api sijun. Tjjoeng soesoembar dui, pokna: Èh koetoek-koetoek, masing ati-ati, oelah njingkah. Koetoek-koetoek naradjang; njamber dui tjjoeng, diranggum, toeloelj dibawa.

? Hartina dongèng iju: Lamoen manèh diarah koe noe saloehoerun manèh pangawasana, ari munang kènèh njoempoet mah, montong dilawan, tina wayanèn manèh toengtoengna matak tiwas. Oepama bontèng ngalawan kadoe, tangtoe bontèngna, anoe leboer.

PUTJANG DJUNG KOEJA.

Aja hidji putjang, mojok koeja, sapèdah tu bisa gantjang. Koeja ngawangsoel: Enja baè lumpang aing kendor, tapi lamoen balap djung manèh, kadoega. Gantjang baè putjang nangtang bari suri. Bareng lumpangna; ari koeja lumpangna ngageleser baè sarta teroes, hantu urun-urun, lain tjara putjang, méakkun karosaannana, loeloentjatan ngèntja ngatoehoe. Kakara munang satengahna pangbalapan, gus tjapè balas loentjat tuing; toeloelj urun bari hèès sakudung. Omong

putjang: Doewa atawa tilòe loentjat ogè kami bisa njoesoel si koeja. Putjang ngunah-ngunah baè hèès, hoedang sotèh kagèt koe noe ngageder susurian, noe nongton djung noe njaksian. Toeloej loempat moeroe pawatesan babalapan, tapi tu loeloes, krana koeja, noe hula datangna kana wates tèja.

Hartina iju dongèng: Hadè noe ngurujuh sarta temen welkel, manan noe gantjang rurundahan atawa gantjang pintjang. Mending laoen ngagendol.

46.

KELENTJI.

Aja kelentji hidji, kur njatoean dina djoekoet. Tu lila ngadèngè goeroetoek-goeroetoek koeda tjongklang djung sora djalma rèja. Omongna kelentji: Sora èta kawas anoe rèk moro, toeloej njoempoet. Noe toempak koeda tèh ngaliwat baè, tu ngopènan kana kelentji. Toeloej kelentji bidjil tina panjoempoetannana, bari ngomong, pokna: Èh, kami moal loempat, sabab taja noe ngopènan; kadoewana djalma, noe nèndjo ka kami, semoe rada sijnun. Tu koengsi lila aja djelema ngawaskun, api-api noe sijnun, dodongkoan. Tjarék kelentji: Tah, noe matak kami hamo loempat, moal aja pikarisiun. Djalma ogè djiga sijnun koe kami. Barang bidjil omong kitoe, dibedil koe djalma paboeroe tèja, toeloej paèh.

Hartina iju dongèng: Tu aja balai noe luwih gedè, kadjaba magar manèh taja pibalaiun, tinggal tjaringtjing.

47.

TJARUH DJUNG OERANG LEMBOER.

Aja hidji tjaruh, asoep ka boeroean oerang lemboer. Barang gus njatoe djapati, bidjil sedja rèk balik. Papagag djung noe boga lemboer, tapi tatjan nangèn djapatina dihakan

koe éta, ngan soepaja éta tjaruh moepoelikhun manéh, roemasana gus kanjahoan. Omongna: Sainpéan tadi isoek-isoek gus ngarungu, tatapi koela sorangan tara opèn kana djapati. Ngan tjaruh noe loba, noe sok njatoean djapati tèh; ari kawoe-la mah tara pati kitoe. Oerang lemboer tèh lè mèk: Tah, aja kènèh noe boga dosa tèh. Baroedak, paèhan éta tjaruh, sok njatoean djapati tèh. Gantjang anak-anakna pada narung-gulan tjaruh, datang ka paèh.

Hartina: Oelah sok pertjaja ka djalma, sok mihadè manéh, krana ari djalma hadè mah tara moedji manéh, djung djalma boga dosa radjun bidjil ti sorangan. Tjarèk paribasa: Kalapa bidjil ti tjoengap.

48.

DJALMA TOEKANG NGALA KAI DJUNG MONJÈT.

Aja monjèt, lila nèndjokun kalakoean toekang ngala kai, mulahna gepak-gepoek, bangga katjida kur terap pantjir, ngarah babari bulahna. Pikir monjèt tèh: Naha éta djalma, noe mulah kai tèh, kawas hèsèun pisan. Tjoba lamoen kami, moal hèsè tjara kitoe, krana gus ngintip kalakoeannana. Kami kadoega toempangan ogè, gus tangtoe gampang baè, moal kitoe. Barang toekang kai kur pareng urun, njingkah tidinja, monjèt gantjang baè toeroen ti loehoer kai, ngaraboet pantjir, noe kur nantjeb dina kai, kur dibulah. Barang pantjir diraboet, kai noe kur dibulah tèh, ngadempèt soekoe monjèt. Tu lila datang toekang kai tèh, monjèt ditjerek, bu-nang.

Hartina iju dongèng: Rorosaanan sarta boemisa matak tiwas.

49.

KOEDA KOLOT.

Aja hidji koeda aloes; tu koengsi lawas djadi kapibanda koe noe soegih, tu kakoerangan hakan, djoekoet soemawona

parè. Ari gawèna hampang. Oenggal ditoempakan koe noe boga, matak hèran noe nulu, sarta diaralem koe djalma rèja. Buki lawas, buki kolot. Barang djoeragannana gus paèh, éta koeda didjoewal koe ahli-warisna ka soedagar, toeloej dipakè momot. Koeda tèh katjida prihatinna bawaning tjapè balas dimomotan, sarta soesah koe hakan, diutik-utuk marabannana, djung djoekoetna gorèng, noe dihakanan koe koeda tèh.

Barang aral koe papastèna, koeda momot, batoerna, njarèkan, ngawewelèh, tjarèkna: Koemaha noe matak aral tèh, tu roemasa dèwèk djung silaing tèh, dibakoekun kana momot, djung dui tu roemasa diparaban? Sababaraha lobana sato-sato, noe burat koe gawè alah batan oerang, tu boeroeng hiroep. Ari silaing katjida pisan nja aral, matak woewoeh-woewoeh karoeksakan awak baè.

Wangsoelna koeda kolot tèh: Bener pisan omong manèh sakitoe, tatapi koedoe ka noe pantar manèh. Lamoen kami gus tabah ti ngongora mah dimomotan, tangtoe lèmek tjara oetjap manèh. Ari noe matak djadi soeker djung tu koewat ngalakonan, lain papantjèn dèwèk. Bèda papantjèn tadi djung ajuna.

Hartina iju dongèng: Toeman noe matak djadi kangunahan. Hèsè gawè, ari toeman ti ngongora, djadi hampang.

50.

MÈJONG TOETOEL DOEWA DJUNG BOEDAK ANGON EMBÈ.

Aja doewa mèjong toetoel, kakoerangan njatoe, banget tunangan. Babarengan lumpang djung pada mèjong, nèjangan hakanun. Nèndjo embè loba sarta lalintoeh, araloes. Gantjang mèjong tèh diboro koe boedak angon djung andjing-andjingna, sabisa-bisana ngahalangan. Gus mèjong doewa tèh tu bisa ngantur pikarepunnana, lantaran manoesa, noe metakun akal. Noe dukut kadinja aja luwung; mèjong noe hidji asoep ka luwung éta, noe hidji dui ngalungit, mihulaan

lumpangna, megat di pidjalanun embè tèja. Sèg tèmpong, njingsijunan, kawas rèk ngarontok anak embè. Noe ngangon madjoe bari ngahojah-hojah. Digogogan koe andjing loba; mèjong tèh loempat, toeloej diboroan koe andjing noe ngangon. Tu pati lila balik, poelang moroan; ari datang kana embè, gus ngadjaloprak embèna, noe lalaki pangaloesna sarta panglintoehna lungit, dihakan koe mèjong, noe njoempoet tèja, ngarontokna gampang baè. Batoerna, noe dioedag-oedag tèja, dibagéanan laeok embè.

Hartina iju dongèng: Balai éta aja noe tu bunang dikira-kira; ditaksir di noe aja, tampolanana taja; dikira-kira taja, bet aja.

51.

KALDÈ NOE DIMOMOTAN.

Aja kaldè, dimomotan oejah, muntas tjai. Barang datang ka tengah tjai, toeloej depa sakudung. Nangtoeng dui, gus ngarasa momotannana hampang katjida, noe matak kitoe tina oejahna adjoer koe tjai. Nijat kaldè, akal kitoe petana bakal diinget-inget baè, moal poho-poho, rèk dilampahkun dui. Noe boga éta kaldè ngarti dipikarepun kaldè. Barang isoek dui, kaldè dibawa dui lumpang, dimomotan kapas. Muntas dui dina tjai, noe kamari tèja. Nepi kana tengah-tengah tjai kaldè tèh depa. Barang nangtoeng, kagèt; buki burat momotna, nikel buratna djung basa kur toehoer, nepi ka tu kadoega ngadjoengdjoengkun momotannana. Akal depa tèh tu dilampahkun dui-dui.

Hartina iju dongèng: Samèmèhna manèh ngalakonan sahidji kalakoean, koedoe dipikir hula hadèna djung hantuna pihirunana. Rèja perkara dina poè iju ngabalaikun ka manèh, dina mangsa poè kamari mah ngoentoengkun.

52.

KOEJA DJUNG WALILIS.

Aja koeja dina sisi rantja, nèndjo walilis sakoeren. Barang

rèk hiber ka darat, digungguruhkun koe koeja. Tjarèk koeja: Uh, bagdja temen manèh, bisa njaho kamana-mana, lain tjara kami oedar-ider dukut baé. Wangsoelan walilis: Lamoen manèh hajang njaho kamana-mana, sug, kami daèk noeloeng, mawa ka manèh. Tatapi saratna, koedoe ngègèl kai lutik pandjang; digègèlna mangka malang dina pamatoek manèh, soepaja bunang dibawa hiber. Koeja tèh rèja-rèja bidjil omongna, narima ka walilis, sarta noeroet saporèntahna, ngègèl kai. Ari tjongona kai tèh digègèl koe walilis kèntja katoehoe, toeloj dibawa hiber.

Bral kakang ka pos karèta api. Didinja gus pinoeh koe djalma noe rèk noempang: Njonja-njonja, Toewan-toewan, Tjina, noe rèja Djawa baè. Tu lila nèng lotjèng, toeloej arasoep saenggon-enggonna. Parantina dijoek aja tiloe pangkat, nomer 1, 2, 3; kakang dina nomer 3. Barang gus èntèp, djalma gus asoep kabèh, gulujur karètana lumpang, mimitina lalaoenan, buki tarik-tarik; ana sedot tèh asa ngalajang baè. Ari nulu ka tegalan, tatangkalan siga rebah kabèh. Indit ti Samarang poekoel $8\frac{1}{4}$, datang ka Solo poekoel $12\frac{1}{4}$, djadi ngan 4 djam di djalan. Tajoh iju mah gantjang alah

batan hiberna Gatotkatja. Di pos Solo gus njampak pirang-pirang karèta sèwa; toeloej kakang njèwa karèta, ngadjoeg-djoeg Kapoerbanagaran.

Di Solo kakang tu pati lijar; ari ti burang sijun nJORANG larangan, ti puting sijun dikètjoe. Ngan koewat 4 puting, moelang dui baè ka Samarang, dina karèta api dui. Di Samarang doewa poè, toeloej moelang baè.

Njaba tèh uwuh bubunungan; ngan njaho bèdana bawah Goepernemèn djung lain, saperti di Solo rasana sarowèa baè djung didjero pandjara, ngan risi djung kaloeman noe aja. Oentoeng oerang aja dina panangan noe adil. Sakitoe tjarita kakang.

Salam talim kakang

Tanggal 30 Sawal 1290.

.....

15.

Kahatoerkun ka kang rama Radèn anoe, noe linggih di dajuh anoe.

Noen, kang poeta sedja ngoeningakun lalampahan diri, rèh ajuna gus tampi poetoesan lepas baè tina padamelan Wadana distrik anoe, tapi tu munang pansijoen. Ajuna kang poeta sedja ngalebetkun rekès, njoehoenkun koernija Goepernemèn, rèh gus munang 22 tahoen nja njekel padamelan, ngètang tina awit djadi Tjamat, malah lamoen ngètang tina ngadjoeroe-toelis mah, gus munang 29 tahoen. Ngan èta djaman bahula mah djoeroe-toelis Wadana tèh tu munang bisloewit, noen.

Sembah djisim kang poeta

Kaserat tanggal 19

Pèbroewari 75.

.....

Kang poetra Radèn anoe di' distrik anoe, Kaboe-
patèn anoe.

Paman kagèt pisan tanpa soerat ti awak, jèn gus munang poetoesan lepas tina pagawéan. Tapi paman hantu hêran; nja pantes baè dilepas sarta tu munang pansijoen, malah lamoen munang pansijoen, paman hêran, ningal saki-toe kalakoean awak. Sagala kalakoean ngan mokaha baè, toengtoengna mokahaan.

Tah, ajuna mah karasa oejah-tarasina. Tu salah sautikutik atjan, njata kasorang mamalana pamagahan tèh. Tapi awak mah moal ngarasa, tjara paribasa: Oetuk tongo dina tarang batoer kanjahoan, tapi gadjah depa dina tarang manèh tu karasa.

Ajuna awak rèk ngasoepkun rekès ka Kangdjeng Goepernemèn, njoehoenkun pansijoen djung njeboetkun sabab gus 22 tahoen njekel padamelan Goepernemèn. Èta koemaha tu isin? Koemaha lamoen saer Goepernemèn: Manèh gus doewa poeloeh doewa tahoen nja dadaharan gadjih doang, tu kabajar koe gawèna. Koemaha pidjawabun manèh?

Noe dipitjangtjamkun koe manèh, èta distrik salawas ditjangking koe manèh, tjatjah djiwana gus tambah saanoe. Murun pidjawabun Gospernemèn: Èta djalma, koeda, sapi, moending lain bunang manèh: sanadjan uwuh manèh ogè, moal boeroeng loba.

Noe saenjana kasab manèh:

1. Toempak koeda toeroet djalan rondaan, urun di imah loerah, ngawangkong tu poegoeh bari ngadago tji kopi.
2. Ari mondok di pilemboeran, ngoempoelkun noe toekang ngadoe, omong manèh: Hajoe oerang oelin tamba toendoeh, — der baè ngadoe. Kur naon toendoeh mah ditambaan? Naha, hadè mana, hèès djung ngadoe? Rasa

paman mah hadé hèès, isoek-isoek hoedang ngoeroes anoe perloe, manan ngahadja tu hèès bari ngalampahkun kagiroek Goepernemèn djung karoegian awak sorangan.

3. Karesep manèh mangkoe karija; noe dipambrih 4 perkara. Saperkara, tanpa pamoros; kadoewa, noeroet baranghakan; katiloe, resep midang djung ngigel ronggèng; kaopat, nja èta bakoena, ngaloeloegoekun ngadoe, da aja pidakoeun tu dilarang koe Goepernemèn ngadoe di noe kur boga gawè mah.

Tah, koemaha kalakoean manèh sakitoe rasa tèh djadi moekaha baè?

Paman munang bédja pangmanèh-dilepas:

a. sabab tu djadi gawè, kebon kopi bala, pilemboeran koesoet, sawah rèja noe tjilaka koe burit djung rèja noe katoran;

b. sabab rèja paling, mèh taja noe bunang bangsatna.

Atoeh, koemaha pibersihun kebon kopi, pibèrsun pilemboeran, da koerang rondana, koerang magahannana, aja ngaronda bari oelin? Djung koemaha sawah tu koe hama, da tara diala buritna, ngan ngandelkun enggus maréntah baè? Ari ti burang ngan hèès baè, ti puting ngadoe, tara pisan ngaboektikun paréntah. Djung koemaha tu rèk katoran sawah, da mantri oeloe-oeloena diadjak ngadoe baè, lain dititah néjang solokan? Djung koemaha, atoe, tu rèk rèja paling, da kapala-kapalana kabèh resep ngadoe? Taksiran paman mah bangsatna gè boa èta baè noe sok dibawa ngarijoeng ti puting koe Wadana. Ari gus tu boga doewit, naon dui, atoe, kadjaba mipit tu amit, ngala tu mènta?

Tah, lamoen ditimbang kana kalakoean manèh sakitoe, manèh tèh oentoeng gedè tu dibowang ogè, kana munang pansijoen mah djadjaoehun.

Manèh matja iju soerat tangtoe palal rasana; moal aja hidji djelema noe njoeratan kiju ka manèh. Paman mah njoeratan kitoe sotèh lain malar ditoeroet, da gus kaliwat mangsana, loepoet waktoena, ngan ngahoewalkun

pamagahan bahula baé. Djung aja ogè gawèna, soepaja manéh oelah njeri tu munang pansijoen, da murun karasa sababna.

Paman

.....

17.

Kahatoerkun ka kang raka Radèn anoe, tjalik di anoe.

Mangsa ajuna kang raji kur resep pisan diadjar tani, tina ngingetkun gus kolot, koedoe mikir kur ninggalan anak intjoe. Tatapi hajang oelah sahinasnana tuing, koedoe aja ketjapna. Tjarijosna kang raka mah melak kalapa ogè toedjoeh tahoen gus mimiti boewahan. Panginten kang raji tangtöe aja doe'ana atawa paririmbonna; kang raji sedja ngalap berkah.

Soepami badé dipasihan, sedja doemuhus pisan pagèto malem Djoemaah, soepaja matih.

Salam talim kang raji noe sedja
ngagoeroe.

Tanggal

13 Rajagoeng 1290.

.....

18.

Kang raji Radèn anoe, linggih di distrik anoe.

Kang raka atoh pisan reh kang raji gus ngamanah kana tani. Leres rasa kang raka gè taja kalakoean anoe ngoengköe-lan tani. Sautikna modalna, gedè batina, saperti oerang

ngebon-kalapa, dina lahan sabaoe pelakan kalapa lima genep poeloeh, pager koe djarak, boewahna loemajan kur linting, djeroun djarak pelakan kawoeng hulut opat lima kaki, djadi pager lawas-lawas bunang disadap. Mémèh gedè kalapa, pelakan koe palawidja, kajaning: talus, hoewi, katjang atawa naon baè noe kira aja hasilna. Hentu kesel ngadago-dago kalapana boewahan, tjara kebon kalapa kang raka noe di lemboer Karèès tèja. Kalapana ngan 50 tangkal; tahoen 1857 dipelakna, di tahoen 64 gus mimiti aja noe tjengkiran. Ari di tahoen 67 gus rempeg kabèh boewahan.

Koe kang raka diingetkun modalna :

muli kitri	f 12,50,
muli oejah kur njitjian soepaja oelah koe	
rinjoeh	„ 2,00,
balandja melak	„ 3,00,
	<hr/>
	djoemlah . . . f 17,50.

Ajuna kang raji tingali jèn aja noe nawar f 300, tina kabita koe lubutna.

Tapi oelah aja manah jèn makè djampè; éstoe sabong-brong pisan. Ngan dibéakkun kijas-tarèkahna, nja èta :

- a. bibitna koedoe kalapa kolot di tangkalna;
 - b. koedoe kolot tangkal;
 - c. koedoe, barang dipelak, ditjitjian oejah, ngadjaga rinjoeh;
 - d. koedoe digandjelan batoe, oelah diantelkun kana tanuh, nja èta ngadjaga rinjoeh kènèh;
 - e. dimana gus bagalan, koedoe remen digemoek, papas akarna, akarna ngora manggih gemoek;
 - f. toerihan kalokopna, soepaja randokèt, tèrèh bidjil sintoeng;
 - g. koedoe mudjuhna tjarangna, nja èta oelah koerang tina $2\frac{1}{2}$ toembak, oetamana 3 toembak. Lamoen 3 toembak bunang seselana dipelakan tangkal boewah atawa djeroek.
- Tah, kitoe djampè kang raka mah. Ari kang raji hojong ngagoeroe djampè noe enja mah, koedoe ka toewang rama Radèn Hadji Djalaloedin. Tjarijosna pepeke pisan; aja djampè

sarining kembang, aja doa tanem toewoeh, nja kitoe dui waktoena, poèna, tanggalna, tu munang salah. Tjarijosna poè Saptoe kur melak tatangkalan gedè, poè Kemis noe diarah butina, kajaning hoewi sampu.

Tapi gura tingali kebon kalapana di lemboer Sadang. Tjarijosna aja 200 tangkal, mèh kabèh djotjong baè; aja hidji-hidjiun noe boewahan, nja èta noe rada nenggang. Koemaha atoeh rèk hadè, rèk lubut, pepelakan taja pisan atoerannana, ditjampoer hoewi, haoer, waroe? Masih oenggal poè didjam-pèan ogè, moal aja toeloengna. Panginten kang raka mah saboelanna moal jasa noeroenkun 50 hoeloe kalapana. Ari kang raka mah gus majeng pisan saboelan 300, toer tangkalna ngan 50.

Nja èta atoeh kang raka mah sok kuhul ka kolot moe-moelan. Kang raka inget di tahoen 56 kang raka muli lemboer f 100, usina tjampoer-adoek pisan; aja kalapa 5 tangkal, kadoe, limoes, djamboe Samarang, tangkalak, aja 10 tangkal kawoeng noe gus tjaroeloekan. Koe kang raka diboekbak, toeloej dipelakan kawoeng, kira aja 500 tangkal noe djadi. Ajuna gus aja genep toedjoeh tangkal noe rèk disadap, balandjana moal luwih f 1, da tjaroeloek mah kari moe-loengan.

Kang raji moegi masing toeloes nja ngarsakun tani, insa Allah moal boeroeng kasari kaboekti.

Salam kang raka.

.....

19.

Kahatoerkun ka kang rama Radèn anoe, linggih di nagara anoe.

Kaoela-noen. Djisim koering ngoendjoekun rèhna gus kaloewar ti Iskola, sareng ladjeng baè dikarsakun djadi

Mantri Goeroe di nagara anoe, tampi gadjih saboelan *f* 50, badè oenggah saban lima tahoen *f* 5 dongkap kana *f* 100 dina saboelan.

Èta moegi aja berkah oewa djsim koering dipaparinan sabar tawekal sareng salamet salalamina. Moenggoeh pikir saliwat mah rada soebaha ogè, mikir sakiju nja hèsè diadjar, ahirna ngan gadoeh gadjih *f* 50, antèkna ngan *f* 100. Ari noe tu rèja pangadjarannana dongkap ka oedjoeg-oedjoeg munang gadjih saboelan *f* 100, tu lila oenggah *f* 200, nja èta djadi Wadana. Tatapi gantjang lungitna, dièlingkun kana takdir. Moegi munang berkah, salamet, pandjang oemoer baè, koela-noen.

Sembah djsim koering,

poen

20.

Kang poetra Radèn anoe, Mantri Goeroe di nagara anoe.

Oewa poedji soekoer rèh kang poetra gus kaloewar ti lskola sarta toeloj baè dikarsakun djadi Mantri Goeroe di nagara anoe.

Oewa perloe ngawangsoel pandjang ka kang poetra, rèh kang poetra njeboetkun rada soebaha, doemèh bunang diadjar sakitoe hèsèna ahirna ngan munang gadjih *f* 50, sisirikan koe djalma noe tu diadjar sakitoe hèsèna nepi ka munang *f* 100, naèk nepi ka *f* 200. Naha kang poetra tu inget atawa tu ngarti:

a. apan iskola tèh dibalandjaan koe Kangdjeng Goepernemèn saboelan *f* 12 nepi ka *f* 20;

b. dipaparin enggon, hentu njèwa;

c. pirang-pirang parabot paranti diadjar noe hargana mahal, èta oerang hantu muli, hantu njèwa;

d. oerang tu koedoe majar ka goeroe-goeroe noe ngadjar oerang?

Tjendekna oerang taja pisan karoegian. Lamoen oerang muli masing kitoe pepekena djung lamoen oerang koedoe ngagadjih goeroe noe pimapatahanun, mahi sabaraha rèwoe? Èta koemaha koe kang poetra rèk dilungitkun baè pang-makihikun Kangdjeng Goepernemèn sakitoe? Tjara tjai ninggang kana daoen talus. Apan gus goernita pisan, taja noe birek jèn Kangdjeng Goepernemèn ngadegkun èta iskolaan, ditangtoekun dimana gus mangarti didjadikun Mantri Goeroe, enggonna dimana dikarsakunnana koe kangdjeng Goepernemèn. Rasa oewa moenggoeh kang poetra oentoeng pisan dikarsakun di enggon dukut ka lemah tjai sorangan. Sawarèh mah aja noe lalampahan raratoesan pal atawa muntas laoetan. Kabèh taja noe madjar koemaha, sabab roemasa jèn perloe ngalampahkun, saperti noe majar hoetang.

Kangdjeng Goepernemèn gus ngadamel roepa-roepa iskolaan. Di Batawi ngadegkun iskola, dingaranan Iskola Radja (Gymnasium Willem III); bédjana mahal pisan bajaranana iskola, nepi ka poeloeh-poeloeh dina saboelan. Rèk asoepna kana èta, bédjana koedoe èksamen hula, èksamenna burat ogè. Djung dimana rèk kaloewar, koedoe dièksamen hula, tikel sababaraha kali buratna manan èksamen iskola pigoe-roeun. Disoewal pirang-pirang perkara noe diadjarkun tèja, èta koedoe kadjawab kabèh. Lamoen kadjawab, bédjana kaloewarna djadi amtenar baè. Aja ogè noe munang èksamen, tapi tu toeloej djadi amtenar, njekel pagawéan pertikoelir baè. Roepana iskola tèh soepaja munang èlmoena baè.

Aja dui iskola kaboepatèn, iskola distrik; noe iskola koedoe majar kènèh sawatarana, timbang-timbang pangkat kolotna. Èta kaloewarna rèja noe djadi magang, tegesna tjitjing di kapala, toenggoe pagawéan. Èta lebah kang poetra lain kitoe, soemawona kaloewar bajaran hentu pisan, anggoer manèh dibajar. Mana koedoe narima sarta temen wekel, oelah bingbang ngarepkun pindah pagawéan. Lamoen kitoe tu

kaer boeloean balas ngoeloewoet, pagawèan hentu madjoe, kahiroepan hentu makoel.

Gura lamoen ditoeroetkun pamagahan oewa:

Saperkara, babakoena pisan les lungitkun hajang pindah gawè. Taja pèdahna dipikir, sabab sasat barang moestahil, perkara gus ditangtoekun dina Setatseblad.

Kadoewa, anggoer ingetkun hajang madjoe pagawèan iskola. Masing djongdjong nja magahan, soepaja kamanah koe Kangdjeng Goepernemèn, djung tangtoe munang pamoelang asih ti moerid. Sabab oepama dipikir koe djelema ahli mikir, dipagahan pangabisa tèh luwih soeka ti batan dipoesakaan harta. Harta mah aja béakna, pangarti mah moelja dimana aja. Sanadjan boga harta poesaka, ana tu djung didjaring koe pangarti, tèrèh béakna atawa hentu ngalobaan.

Katiloé, sabab pagawèan Mantri Goeroe senang, aja waktoena digawè. Hadè ti burang, sanggus kaloewar iskola, pepelakan naon baè noe pihasilun, petakun sakoer noe gus ditjaritakun dina boekoe-boekoe tani. Oelah tani tjara oerang sisi noe belet tèja; koedoe tani rudjung boedi, pepelakan rudjung akal.

Kaopat, ari ti puting noelis, nganggit boekoe noe aja pèdahna, baris djoewalun atawa sanggakunun ka Goepernemèn. Lamoen aloes mah basana djung usina, tangtoe munang gandjaran.

Tah, kitoe gantina ngoeloewoet tèh, boa salamet.

Salam doea oewa noe sabenerna

.....

Kang raji Radèn anoe di dajuh anoe.

Akang boengah pisan nampa soerat ti ama, mopojuankun jèn kang raji gus asoep ka iskola. Poma kang raji masing

inget doewa perkara: saperkara, njaah ka sepoe; kadoewa, njaah ka diri. Koedoe inget ka sepoe, ngaloewarkun oewang oenggal boelan baris majar iskola djung baris bekel kang raji pribadi; nja kitoe dui baris pakè njadijakun taja kakoe-rang. Katingalna koe akang sepoe tèh lain koe tina kama-hian, ngan tina nangan-nangankun andjun baè. Sakitoe tèh koe hajang ngunah ningalikon poetra dibaringna.

Djadi oerang tèh wadjib moelangkon kahèman sepoe djung wadjib njaah ka awak oerang sorangan. Djung dui koedoe inget kana kahèman Goepernemèn, sakitoe karoegiannana. Pirang-pirang keti noe dianggo kana waragad ngadamel iskola-iskola sarta parobot-parobotna. Èta djero pisan noe dipambrih koe Kangdjeng Goepernemèn. Mimitina, soepaja abdi-abdina kabèh hiroepna djung pangarti, oelah djung pètjak torèk (boeta-toeli). Krana kabèh djalan kahartaan, kaoentoengan, karapihan djung kanjaahan, èta koedoe koe pangarti. Oerang oelah koerang panarima ka Kangdjeng Goepernemèn, sakijuna nja didjudjukun. Sagala karoegian Goepernemèn bakal djadi manpaat ka oerang pribadi.

Kang raji masing ngarti kasaoeran para boedjangga: Boemi tjaangna koe panonpoè, djalma tjaangna koe èlmoe. Omongan sagala djelema: Tani bangbarina; tu koedoe djung pangabisa. Èta diwangsoel koe akang: Salah! Enja pangbarina mah, tapi ari hajang sampoerna nja tani, koedoe djung pangarti ogè. Paingan baè ari tani tjara noe loembrah mah, tu koedoe djung pangarti. Sanadjan njeboetkun djung pangarti gè, koe akang moal diandel. Boektina ngebon di noe lamping gè, tu disèngkèd. Èta djadi tanda jèn tu kaharti, ari hoedjan gedè, tanuhna noe hadè kabawa koe tjilung-tjang, malah djinisna pepelakan kabawa. Èta tu pisan kapikir sakitoe roegina, ngan sunggah koe hèsèna baè. Ana hèg njèngkèd ngoedjoer ka landuh saroewa baè djung digoegoen-toer tanuhna noe hadè.

Tah, kitoe boektina tani tu djung pangarti tèh. Lamoen koe akang ditjaritakun kabodoannana noe tani, moal mahi koe kartas sakoras. Ditjaritakun sotèh, soepaja kang raji

ngarti baé jèn sagala lampah koedoe djung èlmoe. Noe diseboet pangbarina ogè, ana tu djung èlmoe, nja tu pati hasil.

Tjendekna nasèhat akang moegi kang raji masing njaah ka sepoeh, njaah ka diri.

Doea akang djung atjuk,

.....

III.

FRAGMENTEN.

A.

§ 1. Saoepama aja tongtonun moending, hoeloena hoeloe sapi, boentoetna boentoet mèjong, soekoena soekoe manoe, koemaha hajang laladjo? Taksiran koela, masih djaoeh ogè sarta masih koedoe majar ogè, moal boeroeng didjoegdjoeg baè, tina bawaning hajang nongton barang langka tjara kitoe. Oepama enja hajang laladjo, gampang pisan. Montong hèsè tjapè sarta montong kaloewar doewit. Koela boga barang ahèng kitoe, sarta hadè pisan moen hajang nèndjoan. Gura njokot soerat Soenda baè, noe kaseboet ginding djung noe kaseboet aloes. Tah, èta mèh saroewa djung barang langka tadi tèja. Guning hoeloena èta soerat sok tjara Djawa, buhungna Djawarèh, awakna pinoeh koe basa Arab, Malajoe, Djawa, toengtoengna sok tjampoer-adoek. Lain kitoe? Koe naon sababna noe matak kitoe? Èta murun tatjan pati rèja noe terang; ajuna koe koela dibèdjakun.

§ 2. Bahula tanah Prajangan kabawah koe Mataram. Koe sabab èta di tanah Soenda rèja pangkat oerang Djawa. Kitoe

dui Regèn-regèn djung pangkat-pangkat Soenda oenggal tahoen koedoe ngadaruhus ka Mataram, djung réja kapala-kapala atawa noe lutik togoer ngalampahan gawè di Mataram.

§ 3. Soerat paparèntahan bahulana pisan koe basa Soenda; sanggus koe Mataram diganti koe basa Djawa. Koe sabab èta lila-lila basa Djawa djadi basa gawè atawa dines. Sagala soesoeratan hal pagawèan ditoelis koe basa Djawa. Saha-saha noe njekel gawè, koedoe baè noelis basa Djawa.

§ 4. Tina uwuh Djawa noe mangnoeliskun, kapaksa noelis sabisa-bisa koe manèh baè, nja bubunangannana tu-oeroes, tjampoer Djawa djung Soenda atawa Soenda djung Djawa. Tidinja mimitina aja basa Djawarèh, hartina Djawa sawarèh.

§ 5. Gus kitoe tanah Prajangan ditjandak koe Koempeni. Masih kènèh baè basa Djawa noe dipakè basa gawè, sabab harita koe Koempeni tanah Prajangan dirèndonkun ka Tjirebon. Sagala lalaporan ka Toewan Pètor koe basa Djawa baè. Tapi Djawa gè Djawa Tjirebon, lain Djawa bener . . .

§ 6. Tidinja Prajangan dipisah dui ti Tjirebon, torodjogan ka Batawi baè, samémèh ngadegkun karesidènan di Prajangan. Harita ogè di Batawi basana gus tjampoeran Soenda, Malajoe, Walanda djung Pertegis, sabab gus loba bangsa noe datang kadinja, wantoening basisir, djadi oerang Soenda, noe remen ka Batawi, noeroetkun baè basana tjampoeran. Koe sabab èta lila-lila basa Soenda djadi tu-oeroes katjida, datang ka oerang Soenda èra noelis basana sorangan . . .

(*Kitab tjonto-tjonto soerat anjar. — Boeboeka.*)

B.

§ 1. Koemaha noe tani hentu njahoun jèn koeda, sapi atawa moending, anoe gedè djung aloes, ana anakan, anakna sok gedè djung aloes dui baè, luwih gedè atawa luwih aloes ti batan anakna sato, noe lutik djung gorèng?

§ 2. Kitoe dui, oepama nanja ka oerang lemboer: Men-

ding mana baris bibit, koeda, noe hadè potongannana, noe sukut atina, atawa noe gorèng djung kebloek atawa gorèng adat? Sapi sagedè oentjal atawa sapi noe gedè serta kandel dangdanannana? — èta tangtoe wangsoelannana: Mending sato noe aloes, sabab moen kolotna pinter, anakna sok pinter dui. Tjèk paribasa gè: Oejah tara miis kaloehoer.

§ 3. Hadè milihna baris bibit, tangtoe hadè toeroenannana. Atawa koemaha pangirana ngan toeroenan djelema baè noe sok ngala ka kolot? Koemaha, koedoe diterangkun pisan? Taksiran dina hal sato mah mèh sarèrèja gus njaho jèn kitoe petana. Tapi koemaha dina pepelakan, nja kitoe dui atawa hantu?

§ 4. Rasa koela dina bab pepelakan langka baè aja noe boga pikir, jèn koedoe hadè asal bibitna serta koedoe asak naker, soepaja bisa aloes djadina, sakoerang-koerangna hentu gèsèh ti bibit. Malah lamoen tambah hadè pangomèna, murun buki lila buki aloes serta tambah bubunangannana.

§ 5. Bo, djaoeh tangèh noe tani baroga pikiran kitoe tèh! Tjèk saorang: Baroedak! isoekan hajoe oerang djoewal djagong noe galedè tèh; tangtoe pajoe sahidji sadoewit di pasar. Ari noe lalutik mah hadè kur bibit baè. Tjarèk anoe saorang dui: Naha pangira silaing èta bako moenggaran, noe djangkoeng moeloes serta raroebak daoenna tèh, diingkun baè kur bibit? Olok temen, lamoen kitoe mah. Mangkè siroengna baè diarah bibitna. Bo, njaah temen, lamoer èta tangkal bako, noe aloes djung roebak daoenna, dipakè bibit mah.

§ 6. Demi di nagara Walanda mah noe tani hantu kitoe. Oepama aja noe melak koemeli, noe dipelak tangtoe noe pangaloes-aloesna, noe panggedè-gedèna. Hantu tjara didiju, ngan anoe hantu pajoe didjoewal baè, noe sagedè boewah kaliki, dipakè bibit tèh, hantu pisan ngingetkun jèn tina sawab bibitna lutik, butina gè lutik dui, toengtoengna tina sawab sijun roegi sautik datang ka djadi roegi gedè.

§ 7. Tjik, kaেলা rèk nanja, lain oentoeng oepama boga boeboewahan atawa tatangkalan, noe galedè marontok, didjoe-

walna ka pasar, pajoe mahal, atawa luwih oentoeng kènèh noe keru baè, noe taja pioentoengunnana. Mending mana, mending djagong, noe buki lila buki lutik, atawa noe oenggal tahoen buki rata gedèna? Tjik, pikir.

§ 8. Ari noe kalampah mah bibit, anoe gering djung koe-rang asak dina tangkalna, dipakè. Aja ogè bibit anoe luwih hadè ti nagara Walanda, tu lila saroeua baè djung bakoena didiju. Ari èkolna mah: Didiju hawana gorèng atawa pepe-lakannana ngaroemas. Tapi éta hentu dipikir jèn bonganna djoeroe-tani noe matak buki lutik, da sok diihtijarkun sagala sarat-sarat, soepaja pepelakannana djadi gorèng.

§ 9. Oepama di nagara Walanda saroeua gagabahna kana bibit djung didiju, tangtoe murun djagongna lutikna tjara didiju baè. Tapi djoeroe-tani di Walanda pinter batan oerang diju, serta enggus diadjar djung mikir-mikir naon goenana, ari bibit hadè. Kitoe dui moal daèkun pondok hurut tjara oerang diju.

§ 10. Pevelakan anoe sèdjèn djaba ti djagong djung bako ogè di Djawa mah nja kitoe kènèh baè, soemawona parè baris bibit. Kalobaan anoe didjiun bibit parè, diboewatna gè kakara tengah-tengah asak. Tjik, koemaha pibisaun hadè djadina?

§ 11. Ari djoeroe-tani di Walanda mah, noe boga tanah lega, ana makè bibit, milihan ranggujan tarigoe noe pangaloesna. Ari kadjadiannana nja tu woedoe; dina lima tahoen ogè ranggujannana datang ka nikel gedèna serta nja bunur, nja pepel. Malah timana-mana djung ti noe djaraoeh daratang maruli bibit kadinja. Didjoewalna koe djoeroe-tani mahal katjida, serta lain ngoentoengkun ka noe ngadjoewal baè, dalah noe muli gè oentoeng katjida.

§ 12. Koe sabab éta djoeroe-tani di Walanda uwuh dui tjetjekelannana kadjaba: Soepaja hadè djadina pevelakan, koedoe milih baris bibit anoe panghadèna serta anoe gus asak dina tangkalna djung sampoerna kolotna.

(*Mitra noe tani. I*).

C.

§ 1. Di kota Jorek, tanah Inggris, djaman bahula aja hidji soedagar soegih, djenengannana Toewan Kroesoè; kagoengan poetra tiloe, pameget kabèh. Tjikalna djadi perdjoerit, maot di pangperangan. Adina tjikal djadi boedjangga, ngarang èlmoe-èlmoe kitab; èta ogè gus maot, lantaranana kasakit ungap. — Ari boengsoena, ngaranna Robinson, didjoeroekunnana di taoen 1632. Tu kira-kira diasihna koe iboe-ramana, sabab ngan èta pisan noe aja, djadi manahna iboe rama koempoel ka Robinson baè. Tapi mikanjaahna salah; koe sabab asih tuing sagala kahajangna Robinson ditoeroet baè, tu pisan dipoengpang. Melentjing ka iskola ogè, diantep baè, djadi Robinson katjida ngaloendjakna. Tapi sakitoe dimumutna koe iboe-ramana, hentu datang ka potna pisan diadjar, dasar atina mah sukut. Nja melentjing-melentjing ogè, ari pangadjarannana mah madjoe.

§ 2. Demi gus boedjang, iboe-ramana bingoengun kènèh, koemaha nja metakun Robinson, sarèhna tatjan aja pagawèannana gusan pangopadjiwa. Ari Robinson pribadi ti boeboedak kènèh uwuh dui napsoena, ngan hajang lalajaran di laoet sarta hajang ngadjadjah doenja. Gus doewa tiloe kali Robinson waktja ka ramana, jèn uwuh dui napsoena ngan hajang ngalalana. Koe ramana remen diwoeroek, soepaja manèhna oelah ngadolos napsoena, karana ramana tu rempoegun pisan. Kahojong ramana mah, koedoe djadi soedagar dui baè tjara andjunna. Tapi Robinson djero atina tu bunang dipapalèr; kukuh baè hajang njaba djaoeh. Lamoen manèhna boga doewit sorangan mah kur bekel, tangtoe indit baè, moal koengsi neda idin sepoehna hula. Tapi tina sabab tu boga pisan kur bekel, djadi manèhna kapaksa noeroetkun piwoeroek sepoehna.

§ 3. Dina hidji mangsa Robinson kur aja di palaboewan Hul, papanggih djung sobatna, batoer iskola; waktoe harita gus djadi kaptèn kapal. Èta sobatna kur lalajaran mawa

dagangan; sedjana isoekan bakal toeloej lajar ka London, kota Inggris. Robinson toeloej njarita ka sobatna, jèn uwuh dui noe djadi ati, ngan hajang lalajaran. Wangsoelan sobatna: Ari kitoe mah, atoe, hajoe miloe ka kapal koela baè. Hajoe oerang ka Inggris; didinja loba pisan tètèndjoun, barang-barang noe aranèh. Robinson asa manggih pependeman baè; dasar mah ukur ngarep-ngarep, ajuna aja noe nawaran. Tapi manèhna bingoeng kènèh, sarèhna hentu boga pisan pibekelun. Tidinja toeloej ngawangsoel: Bo, sobat, koela tèh asa mobok, manggih gorowong. Ukur mah ti tadina koela hajang njaba, ajuna aja pangadjak sobat. Atoeh, langkoeng koela nja atoh. Ngan koela bingoeng kènèh, sarèhna tu gadoe pisan pibekelun. Ari balik hula ka imah koela tu kadoe; gus tangtoe koe bapa moal diwidian. Sobatna ngawangsoel: Hal èta mah gampang. Sakaliun bekel mah koela ogè boga. — »Ari kitoe mah saè; ngan panochoen koela, hajang indit ajuna baè ka kapal, sabab lamoen lila-lila di darat mah, tangtoe ditèjangan koe bapa, murun kapanggih, djadi maksoed oerang moal djadi.”

§ 4. Demi gus kitoe toeloej baè Robinson djung sobatna indit, toempak sampan, kebat kana kapal. Samèmèhna indit, Robinson nitahan hula hidji djalma, mawa soerat ka sepoe hna, njaritakun jèn gus ijang ka London, moal lila bakal moelang dui. — Isoekna, tanggal 1 Sèptèmber 1651, kapal noe ditoempakan koe Robinson, gus didjait djangkarna, lajar ti palaboewan Hul. Robinson djung sobatna, kaptèn èta kapal, ngalongok dina dèk, ngawaskun ka darat: tu kira-kira soegeman ati Robinson, sarèhna laksana nijatna. Tapi barang palaboewan gus tu katèmbong, datang hoedjan angin, toenggara gedè pisan, kapal ampoel-ampoelan, kawas tatal dina tjai waloengan gedè kur tjaah. Robinson tina kakara saemoerna toempak kapal, kataradjang toenggara, mabok, oetah-oetahan, liwat saking ketir atina, pangirana bakal kaleboeh baè. Tidinja manèhna kakara inget kana woeroek-woeroek sepoe hna; ajuna gus karasa temahna. Manèhna sasambat ka iboe-ramana, sarta tobat, moal dui moengpang kana piwoeroek sepoe h.

§ 5. Harita manéhna kur waktœ mabok katjida, ngadjang-djian manéh, lamoen aja bagdja nepi ka bisa datang ka London, manéhna moal dui-dui lalajaran sarta toeloj baè balik ka kota Jorek, saemoerna moal dui-dui ninggalkun sepoehna. Tapi èta tèkad manéhna noe hadè babari pisan lungitna. Tu koengsi lila toenggara urun; langit terang, uwuh mendoengan. Robinson mabokna gus tjagur, pada harita ogè gus lungit dui maksoedna hajang balik. Soemawona barang prok tepoeng djung sobatna, toeloj gogondjakan bari Robinson disodoran serebad saloemoer, tamba mabok. Harita mah Robinson tu inget satjongo boeok-boeok atjan ka balik. Manan hajang balik mah, anggoer buki resep baè dina kapal. Ti waktœ harita angin hadè baè. Robinson tu pisah-pisah ti sobatna, wantoning sobat ti boeboedak. Gawèna ngan gogondjakan, babanjolan baè, buki tambah resepuunana.

§ 6. Demi kagenep poèna rèk ngadukutan ka palaboewan Jarmoet, datang dui toenggara gedè, luwih gedè batan toenggara mimiti tèja. Ajuna mah lain Robinson baè, noe ketir atina; dalah usina kapal ogè pada kaletirun pisan. Tina angin sakitœ gedèna, kapal oengked-oengkedan, ampoel-ampoelan; titoekang, tiharup kapal tèh kausian tjai. Tina gedèna ombak didjero atawa dina dèk kapal gus uwuh djelema, noe bisa nangtoeng djedjeg, lamoen hentu moentang kana tihang kapal. — Ari Robinson mimitina tjitjing didjero kamar kapal baè, njenangkun manéh kekedengan, sabab ajuna mah manéhna munang loewang, hentu risiun tjara barang mimiti, rasana mokaha baè. Tapi barang ngadèngè sorana matros-matros, tjarurik bari ngadoa, pokna: Allah, toeloeng! Allah, toeloeng! Kapal botjor! botjor, botjor! Robinson ngedjat tina kamarna, loempat njampurkun ka matros-matros. Kasampak ukur pakepok ngompa tjai, noe gus asoep kadjero kapal. Robinson taja noe mirosèja, taja noe ngadjak digawè, sabab gus katalaksir, jèn moal bisaun noeloeng. Tapi Robinson pribadi toeloj baè miloe ngompa sakoewat-koewat. Angin buki gedè, katambah koe

hoedjan; gelap dordar, tjai buki mantjer baè, asoep kadjero kapal. Matros-matros djung usi kapal kabèh, dikapalaan koe kaptènna, tu pegat-pegat metakun kompa bari sasambat, ngadoa, njoehoenkun pitoeloeng Goesti Allah. Robinson gus tu poegoeh polahna; loeloempatan bari tjurik.

§ 7. Tidinja kaptèn miwarang njungut marijem, tanda katjilakaan, mènta toeloeng ka noe di darat, sabab harita gus dukut ka palaboewannana Jarmoet. Gus kitoe pitoeloeng Allah noe kawasa èta kapal kandas, djadi mèh gus loepoet tina baja maot kaleboeh. Toeloelj kaptèn miwarang dui nju-
ngut marijem. Tu koengsi lila djeboel sampan-sampan ti da-
rat, noe noeloengan. Kaptèn, Robinson djung sausina kapal
toeloelj taroempak sampan, harandjat; ditarima, diakoe hadè
pisan koe oerang dinja. Tina sabab kapalna kandas, kaptèn
hentu toeloes ka London. Ngadjak Robinson moelang dui
ka kota Hul baè; Robinson toeloelj miloe djung sobatna.
Demi datang ka Hul, boemina rama kaptèn tèja, toeloelj
Robinson hoe kaptèn dibawa ngaduhus ka ramana, sarta
dipertèlakun asal-asalna. Ramana kaptèn banget-banget nga-
woeroekna ka Robinson, soepaja babalik pikir, moelang dui
ka sepoehna. Tapi Robinson ngan njoemoehoenkun diloewar
baè, ari djero atina mah kukuh baè resep njaba. Soedagar,
rama kaptèn tèja, sanggus ngadangoe djangdjina Robinson,
jèn sedja noeroetkun sapiwoeroekna, nja èta moelang ka
kota Jorek dui; welasun manahna, toeloelj maparin doewit
pibekelun.

(*Tjarita Robinson Kroesoè.*)

D.

§ 1. Bral Ki Mandjor djung Nji Gendroek ka nagara So-
rong Kantjana, ka iboena. Barang gus dongkap ka iboena,
hatoer panoenohoen: Iboe, koering datang, pada-pada da-
tang, moal lila; sakudung balik dui, tapi koering neda

dilokat, roepa koering oelah djadi kiju, krana sakalangkoeng era. Sakabèh manoesa, sakoer noe amprok djung kaeola, ramè-ramè noe njeboet sijun, padjar djoerig. Saoer iboena: Hadè. Prak dilokat. Ana didjait tina tjai panglokatan golongjong montok, lègèntjang konèng, djadi noe kasèp djung noe gulis, serta dilandi djenengan. Koe iboe ditimang-timang; ari pok-pokannana: Nèlèng-nèngkoeng, gus mudjuh dimandjor-mandjor, ajuna diganti ngaran Radèn Soetra Kalang Panggoeng. Nèlèng-nèngkoeng, gus mudjuh digendroek-gendroek, ajuna diganti ngaran Atji Wangi boenga kembang tandegan Ratoe Pakoean. Barang gus dilandi, ari saer iboena: Ajuna, oedjang djung njai, gura bral, sampurkun dui djoeragan manèh; bisi kuungun.

§ 2. Kiribit lumpang. Barang dongkap ka nagara Koeta Tandingan, toeloej baè marek kadjero, gèk tjalik di balè. Noe kasèp rudjung noe gulis katingali koe Nji Soemboel Agoeng. Ngaguwat ngoeninga ka Ratoe jèn aja sèmah, noe kasèp kawanti-wanti, noe gulis kabina-bina. Ari tjarèk Ratoe: Koe njai baè tanja, soegoehan; akang mah sijun, bisi mènak rèk ngalindih djeneng. Pèk Nji Soemboel Agoeng ngakoe sèmah. »Sampéan anoe timana? Sampéan arèk naon, djung saha nja toewang djenengan, noe pameget, anoe istri? Pok guwat baè.» Ari saer Radèn Soetra: Ari koering poen Mandjor téja; dimi iju adi koering Nji Gendroek. Ari saprantasan perang sareng Koeda Pamekas téja, koering toeloej ka iboe, diganti patoet, diganti ngaran. Dimi koering Radèn Soetra Kalang Panggoeng; dimi iju poen doeloer Njai Atji Wangi boenga kembang tandegan Ratoe Pakoean. Ari koering téja sedja mandakawan, ti bahula dongkap ka ajuna ogè abdi gamparan.

§ 3. Koentjijur Nji Soemboel Agoeng ka boemi, mihatoer sapioendjoekna. Ari dawoehan Ratoe: Ah, njai, akang mah tu pertjaja, sabab Si Mandjor mah roepana tu djaoeh ti roepa djoerig. Pernènè kitoe ogè oerang dodja hula baè. Ajuna akang boga kahajang. Di nagara Balangbangan koedoe njokot Nji Dèwi Asri katoet djimatna, tjoepoe manik asta-

gina, usina tji kahoeripan. Lamoen sanggoep munangkun noe sakitoe, dimana datang, tangtoe diandel. Pangnjeboetkunnana ka Ki Mandjor. — Koentijur dui Nji Soemboel Agoeng ka balè, mitoetoerkun satimbangan Ratoe. Ari tjarèk Radèn Soetra: Soemangga pon njokot Dèwi Asri katoet djimatna. Naon baè pangersakun, tangtoe dikawoelaan. Soemangga, amit moendoer, noen. Bral Soetra lumpang ka Balangbangan. Ari datang ka sisi basisir: Bo, njai, oerang rada soemoesah katjida, sebab moedoe djalan laoet. Ajuna oerang njiu parahoe hula.

§ 4. Karèk nijat, parahoe gus bèh harupun. Tjlak toempak doewaan, muntas laoet. Ari gus dongkap ka tengah-tengah laoet, tjarèk Radèn Soetra: Njai, ajuna oerang mikir-mikir; samangsa aja poelo, oerang njimpang. Itoe noe ngalamoek-lamoek hidung, tangtoe poelo. Akang rèk ngentjarkun tjahaja, soepaja noe boga poelo njaahun ka oerang, soepaja oerang munang ngindjum parahoe gedè. — Toenda tjarita èta; goegatkun di poelo Mandjeti. Ratoena istri, ngaranna Nji Kentri Manik; Papatihna ijaksa, ngaranna Gadjah Maloewa. Ari saer Njai Kentri Manik: Maloewa, aing ti puting bet ngimpi kadatangan mènak, kasèpna kabina-bina, ngaranna gè Radèn Soetra. Aing ti wates ngomongkun impian dongkap ka ngomong ka manèh èta noe kaimpi kadulu baè. Rudjung dui èta Nji Kentri Manik boga buburuh doewa pisan, noe hidji ngaranna Palèmbang Gading, noe hidji Baradja Geni.

§ 5. Ari mangsa harita Nji Kentri Manik ngalajoeng ka sisi basisir bari hahariringan. Ari anoe diomongkun, padjar manèh hajang soetra, lain soetra ti Malajoe; soetra sotèh, hajang soetra anoe ngalènggèrèng konèng, soetra noe gentèng tjangkèngna. Ukur kitoe datang Radèn Soetra djung Nji Atji Wangi, toempak parahoe. Srog parahoena kaharupun Nji Kentri Manik. Ari saer Radèn Soetra barina handjat tina parahoe: Maap, njai, nja kaela anoe ngaran Radèn Soetra Kalang Panggoeng. Ajuna akang koedoe ditoeloeng koe njai noe gulis: akang namboet parahoe anoe rada gedè.

Akang rèk ngaroeroeg ka Balangbangan, rèk ngiwat Nji Dèwi Asri, naloekkun Patih Moending Boentiris Kebo Kalawiran. Ari tjarèk Nji Kentri Manik: Bo, njaah temen koe adjengan. Palangsijang hamo mampoeuh ka Moending Boentiris Kebo Kalawiran, krana saktina kaliwat-liwat. Pernènè kitoe ogè, soemangga sampéan ngindjum parahoe, tapi koe-ring koedoe dibawa. Hadas perangna, koemaha koering baè. Akang ningalikun baè, keprok baè, koering adoekun. Tjarèk Radèn Soetra: Atoeh, njai, soekoer lamoen kitoe mah. Hajoe atoeh!

§ 6. Tinja Nji Kentri Manik njaoer Ki Patih Gadjah Maloewa: Hè Ki Patih Gadjah Maloewa, dimi ajuna aing rèk ka Balangbangan ngaroeroeg. Iju nagara mangka hadè-hadè nja ngaraksa. Bral Nji Kentri djung Radèn Soetra djung Nji Atji Wangi, lalajaran, muntas laoetan, rèk ngaroeroeg ka Balangbangan. — Katjarita dui buburuh Nji Kentri Manik rèk ngandjang. Datang Ki Palèmbang Gading, noedjoe soewoeng, nodjo kosong, Nji Kentri enggus tu aja. Toeloej nanjakun ka Ki Patih Gadjah Maloewa: Kamana noe gulis Nji Kentri Manik? Ari tjarèk Papatih Gadjah Maloewa: Uh, agoes, piguruhaun sampéan lapoer, dibawa koe sèmah. Lamoen sampéan rugrug manah ka noe gulis, bral, gura soesoel. Kodjèngkang Palèmbang Gading poesikil sagedè moending saadi (?) tjèklak kana parahoe, semproeng njoesoel sèmah, ngiwat piguruhaunana. Katjarita dui buhuruhaun noe hidji dui, ngaranna Baradja Geni. Datang tu njampak. Tjarèk Patih Gadjah Maloewa: Gura soesoel piguruhaun sampéan; gus dipaling koe sèmah. Toeloej dui njoesoel, toempak parahoe.

§ 7. Ari gus nepi katengah-tengah laoet, Palèmbang Gading katèndjo kae Baradja Geni: Itoe taksiran noe ngiwat tèh; gantjangkun parahoena. Katèndjo dui koe Palèmbang Gading parahoena Baradja Geni. Itoe noe ngiwat tèh kaliwat koe aing, tjarèk Palèmbang Gading. Dirandegkun parahoena, ngadagoan. Sihorèng noe pada njoesoel, sartana baraja Palèmbang Gading ka Baradja Geni. Barang prok: Aèh, Palèmbang Gading, panjana oerang noe ngiwat Nji Kentri. Tjèk

Palèmbang Gading: Aèh, Baradja Geni, panjana noe ngiwat Nji Kentri. Ari tjarèk Palèmbang Gading: Mengkè, uj, oerang tèh kadèngèna pakentri-kentri baè. Ari dèwèk pangdatang kadiju, ngambah-ngambah sagara, njoesoel buburuh dèwèk, Nji Kentri Manik, diiwat koe sèmah. Ari tjarèk Baradja Geni: Dèwèk ogè nja kitoe; nja èta noe disoesoel tèja ogè. Ari tjarèk Palèmbang Gading: Djadi oerang pasoesoel-soesoel. Panjana dèwèk Nji Kentri tèh dèwèk baè kabogohna, tu njana kadoewa silaing. Ajuna mah, da gus kiju, uj, moen moending, djadi sarakit, moen koeda, djadi sapaasang, hajoe oerang pada njoesoel baè. Wondènèng gus bunang, oerang rudjung baè, awèwè hidji koe doewaan.

§ 8. Semproeng doewaan, pada njoesoel. Barang gus dukut, katingali koe Radèn Soetra. »Dulu, Nji Kentri, toeh noe njoesoel. Koemaha petana?» — Kun baè; akang koemaha koering baè. Nji Kentri pilawanunnana. — Dangdan Nji Kentri, dibubur-lepet, keléweng katengah tjai, tapak-hantjang. Der perang, èlèh doewannana; tjoel parahoe, ngodjaj baè doewannana. Ari datang ka darat: Bo, silah, horèng Nji Kentri mah lain lawanun manoesa. Samborong tuing karasana. Ari oerang maranan tèh, raraan bangkerak. Sihorèng malawading; popolahannana tjara lalaki baè. Dimi ajuna uj mah, tjing oerang lumpang daratan, oerang teroes baè ka Balangbangan. Oerang guwat bédjaan, sebabna oerang karoenja ka Patih Moending Boentiris. Bral dipihulaan. Dimi datang ka Balangbangan, tjarèk Ki Patih Moending Boentiris: Aèh, aèh, Palèmbang Gading djung Baradja Geni, na, arèk kamana, poelang timana, djung dui koe naon sampéan marakè papakéan bararoetoet kitoe?

§ 9. Ari tjarèk Palèmbang Gading djung Baradja Geni, omong tamba èra: Bo, kakang Patih, sapoerwa kaeola rewagrewig kiju, djadi roeksak di djalan, wantoe roesoeh sakaloempat-lampèt bawaning njaah ka salira kakang. Ari kaeola tu ngunah dèdèngèan, jèn salira kakang rék diloeroeg koe Radèn Soetra, pamoek ti Koeta Tandingan. Djung dui aja perdoeritna, awèwè, ngaranna Nji Kentri Manik. Dimi datang

kaola kana palaboewan, enja sausing bédja. Tidinja kaola tambah gantjang nja lumpang. Tidinja datang ka woekwèk, papakéan sarowéh. — Didinja Patih Moending Boentiris kagèt, mepekkun balad, megat dina handjat-handjatan, djung éta Palèmbang Gading djung Baradja Geni guwat dipisalin, sadija sapangadeg séwang. Ari tjarèk Palèmbang Gading: Tah, Baradja Geni, èlèh perang, munang barang. Mengkè, ana ukur perang ramè didiju, oerang njiliwoeri njokotan banda. Djung djoewal-muli hèsè baè ngitoeng modal. Ari kiju mah, gampang oerang nja ngarah banda.

§ 10. Tindinja Patih Moending Boentiris gus pepekkun balad-balad. Toeloj njaoer sadèrèkna Njai Dèwi Asri: Ajuna, Njai, gura los ka mèga malang, bawa tjoepoe manik tji kahoe-ripan. Samangsa balad oerang perlaja, guwat kèprétan koe tji kahoe-ripan. Bral Dèwi Asri ka mèga malang. Der noe perang didjero dajuh, ramèna kabina-bina; ari balad Balang-bangan gus tu poegoeh bilangganna koe loba-lobana. Kotjap-kun Nji Kentri Manik parkatangtang-parkatingting, pinter kabina-bina; sakali madjoe, maèhan sarèwoe. Anoe paèh hoedang dui, djadi doewa rèwoe, sabab dioebaran koe Dèwi Asri ti mèga malang. Ari Radèn Soetra ngèmprakan baè, tu pipiloen perang. Tidinja Nji Kentri Manik gus ripoeh katjida, semoe-semoe rèk kadèsèh. Urun, njampurkun ka Radèn Soetra: Koemaha, akang? Iju perang hamo aja toeng-toengna, sabab paèh sarèwoe, ana hoedang dui, djadi doewa rèwoe.

§ 11. Pok nambalang Nji Atji Wangi: Aèh, atjuk, tjing, kaola rèk oenggah ka mèga malang; kaola rèk ngaroepa-kun iboena Nji Dèwi Asri. Koela rèk ngalegok migandjok ka Nji Dèwi Asri. Tjarèk Nji Kentri: Soekoer; Njai Atji Wangi guwat boeroe-boeroe, oelah datang ka tiwasna. Bral Atji Wangi ka mèga malang, bèh saroepa iboena Nji Dèwi Asri. Pok sasaoeran ka Dèwi Asri; ari pok-pokannana: Asri, iju iboe ngalajad. Barang lijuk Nji Dèwi Asri njata iboena, toeloj njampurkun, ngarangkoel ka iboena barina nangis. Ari kasaoeran Dèwi Asri; lboe, koemaha petana? Iju perang

rosa kabina-bina. Mangkè koering kawiwirangan, da iju tjai kahoeripan hamo mahi. Ari saer iboena: Atoeh, njai, oelah kangungunahan. Kilang kitoe njai taja pihatoer ka iboe, djadi naha, iboe lamoen tu datang kadiju, tiwas? Kadiju èta tjoepoe; oerang lambon dui.

§ 12. Sok tjoepoe; boes dikandoeng boeni koe Nji Atji Wangi, bèh djadi Nji Atji Wangi dui. Ari Nji Dèwi Asri rampoejoek, taja tanaga; toeloj taloek baè ka Nji Atji Wangi. Kitoe dui anoe perang di nagara taloek kabèh, ponggawa gus dibarogod kabèh. Tinja toeroen Nji Atji Wangi, toeroen ti mèga malang bari mawa Nji Dèwi Asri. Toeloj kasang-gakun ka Radèn Soetra katoet djimatna, tjoepoe manik astagina, usina tjai kahoeripan. Tidinja digiring kabèh, sakoer noe gus taloek; awèwèna dipilih, sakoer noe gulis dibawa. — Bral moelang; tu katjatoer di djalanna. Katjatoerkun baè gus datang ka nagara koeta Tandingan

(Tjarita pantoen Ki Mandjor djung Nji Gendroek.)

IV.

TJARITA ABDOERRAHMAN DJUNG ABDOERRAHIM.

§ 1. Djaman bahula aja hidji djelema bunghar tu kintenkinten; di nagara Sam imah-tanggana, ngaranna Sèh Abdoerrahman. Ari kabungharannana mèh mapakan radjaradja; boga imah gedong, pager bata, pirang-pirang koe-ringna, boedak bunang muli, soemawona djelema merdika, noe asal andon-soeka tina kabungharannana serta kahadéannana. Gedè timbang-taradjoena ka djelema-djelema njoe-koepkun sandang-panganna, kitoe noe matak kaloeloetan koe djelema. Katjaritakun éta Sèh Abdoerrahman boga anak opat, lalaki kabèh. Ari tjikalna ngaranna Sèh Djapar, adina Sèh Noeroedin, adina dui Sèh Abdoelkarim djung boengsoena Oemar Sanoesi. Èta opatannana koe ramana hantu pisan dibèrè munang, disaroewakun djung boedak bulian baè. Ari noe matak dikitoekun, tina kanjaahannana, soepaja mikir prihatin. Sèh Djapar ngomong ka adi-adina: Hè doeloer-doeloer, koemaha petana oerang mana disakijkunkun tuing koe rama? Disaroewakun djung boedak bulian baè, hantu tjara dungun-dungun: boga hapa bunghar, anak-

anakna miloe moekti. Ngawangsoel adina kabèh : Enja, kakang, koemaha oerang nja peta, doemèh disakijukun koe rama? Njaer lantjukna: Ari pirempoeg kakang mah, luwih hadé ajuna oerang hatoeran baé ka rama, pada njoehoenkun dimodalan. Oerang diadjar dagang, soegan bisa tjara ama. Adi-adina kabèh ngawangsoel: Enja, rempoeg pisan; soemangga oerang njoehoenkun dimodalan. Tidinja bral kabèh marek ka ramana, serta tatakrama bari oelat soesah, semoe hajang dipikaasih. Barang datang, soedjoed bari njjoem panangan, tjara tatakrama oerang Arab. Tidinja ramana njaer: Dèk naon manèh daratang bareng serta oelat maranèh hantu tjara sasari? Poetra-petra ngawalon kabèh ka rama: Soemoehoen pariksa, poerwa djsim koering sadaja doemuhus ka rama, soemedja njoehoenkun dipaparin modal, sedja diadjar dagang, hajang noeroetan dungun-dungun.

§ 2. Koe ramana kasoerti pihatoer para poetra sakitoe, semoe njindiran, doemèh hantu diangken tjara dungundungun. Tidinja ramana njaer: Hè baroedak, ama ajuna rèk njaritakun lalampahan ama. Dèngèkun koe maranèh, noe matak ama sakiju nja kabungharan. — (Lalampahan Abdoerrahman mimiti). — Asalna ama liwat saking malarat; njatoe sorè, hantu isoek. Katinggal koe indoeng koe bapa lutik kènèh, taja pisan anoe makihikun. Tidinja ama toeloej djadi matros di kapal oerang Mesir, munang bajaran tiloe ringgit saboelan. Tidinja bisa ogè ama makè. Gus kitoe toeloej dibawa lajar, sedjana nangkoda tèh rèk ka Bagdad dagang gandoem. Demi nepi ka laoetan, antara lima puting dui ka Bagdad, kapal nunggar karang, bedjad pada sapisan. Djelema noe rèja goegoep; ari bapa djung moealim njokot papan roebak, ditoempakan koe toedjoehan. Ama rawoeh batoer-batoer noe toedjoehan pada nangkod dina papan, noeroetkun aloen. Wates saputing djedjeg kènèh batoer; kadoewa putingna ngoerangan, lèsot tina papan, sabab gus lulus langlajusun. Saban poè ngoerangan, nepi ka opat poè ngan kari ama djung moealim; kalima poèna moealim lèsot dui tina papan, djadi ngan kari ama baé.

Munang sapoeloeh puting nja ngambang di laoet, kabawa koe aloen, mener ka hidji poelo kosong. Toeloelj ama ngarandang dina kikisik, manggih dangdaoenan, dihakan. Gus munang doewa puting di sisi basisir, aja bangkè boehaja, kabawa koe ombak, pandjangna kira aja tiloe poeloeh asta. Tidinja disampurkun koe ama, tina koe bawaning langlajusun gus poho di kaguluhan, disogotan boehaja tèh dagingna noe oedoeh. Tidinja ama munang seger. Toeloelj dikorowot butung boehaja tèh, bet aja bangkè djelema, gus boeroek oetjoetan. Dina roepa toelang ramona tajoh awèwè, djung aja sapaasang gulang emas ditarapang koe inten, djung tiloe ali emas mata inten. Èta barang noe sakitoe toeloelj koe ama ditjokot, diboengkoes dina saboek, dibuburkun kana tjangkèng.

§ 3. Munang saboelan nja aja di sisi basisir, hantu pisan papanggih djung djelema. Noe diinoem tjai asin baè, noe dihakan dangdaoenan. Ari ti puting naèk kaloehoer kai, njelapkun manèh dina dahan; ari ti burang loentang-lantoeng di basisir atawa ka luwung, nējangan kahakanan. Barang djedjeg saboelan, ama kur loentang-lantoeng dina kikisik, wantji lohor ahir, njuung ka tengah laoet, nèndjo lapat-lapat kapal kur lajar. Èta kapal njisi. Tidinja ama sakédahpolah, toeloelj moetjat sorban noe kur dipakè, dikèlèbètkun, makè djudjur, bari gegeroan, soepaja katèndjo djung kadèngè koe oerang kapal. Tidinja kapal tèh urun, laboeh djangkar. Toeloelj aja matros tiloean noeroenkun sampan; tu lila djeboel ka darat, nanja ka ama, pokna: Kur naon didiju sarta koemaha asalna? Tidinja koe ama diwangsoel, tètèla ditjaritakun asal poerwana, noe matak aja didinja. Sanggus tamat ama tjatjarita, gabroeg ditjungtjurikan koe matros tèh, sarta bapa dibawa ka kapal. Barang datang ka kapal, dirogrog koe matros-matros, diadegan koe kaptèn kapal djung koe istriman, bari pada mariksa noe matak aja didinja. Toeloelj ama tjatjarita ti poerwa datang ka wekasan. Sok dipaparin papakèan sapangadeg sarta dipiwarang baranghakan. — Gura pikir baè koe maranèh, koemaha pira saun-

nana, pisoekaunnana hatè ama, tina oeroet sakitoe soesahna, kasangsarana, toeloej manggih anoe ngahandjat tina masakat, noe njait tina prihatin. Ari èta noe kagoengan kapal tèh, oerang Walanda, panoetan Isa, noe matak sakitoe bagurna. Tjoba, lamoen manggih Badwi mah, moal sakitoe noeloe-ngannana. — Para poeta kabèh pada tjoemalimbam, ngoepingkun ramana tjatjarita, sarta pada hatoeran ka ramana: Nja langkoeng-langkoeng ama tèh nja kasangsara; soekoer koe Goesti Allah disalametkun.

§ 4. Gus kitoe toeloej ramana tjatjarita dui. Tidinja ama toeloej dibawa lajar ka Bagdad, karadjaan Kangdjeng Soeltan Haroen Alrasid. Ama amit ka nangkoda, neda tinggal di Bagdad. Wangsoelan nangkoda: Hadè, kami rèk toeloej ka Tjina, muli tèh. Di Bagdad ama asoep ka imah miskin, tjampoer djung sagala miskin; ari njatoe nginoem tjadong paparin Goesti Soeltan Haroen Alrasid ti imah miskin. Toeloej ama ka pasar, rèk ngadjoewal ali djung gulang tèja, ngadjoegdjoeg ka hidji waroeng, njampak aja saerang awèwè, kur dagang, njangharupan rèja toempoekan barang soetra-soetra, laken-laken, diwadahan dina almari untung. Tidinja toeloej ama nawarkun èta ali djung gulang. Barang diilikan koe èta awèwè, gero baè awèwè tèh, tjurik bari nitah boedjang-boedjangna njerek ama. Ari ama hookun, tina hantu ngarti koemaha noe matak kitoe. Toeloej ama ditalian, dibawa ngaduhus ka hakim; èta awèwè noe tjurik tèh bareng ngaduhus ka hakim. Barang datang, pok oendjoekan, kiju pokna: Noen, kijai hakim, asalna salaki koering lumpang, sedjana rèk ka Mesir, mawa poen anak awèwè, njijar papakèan noe araloes, noe taja didiju, rehna asalna poen anak tèh gering katjida pisan, malah gus disamarkun hiroep, dinadaran, dimana tjagur, rèk dibawa ka Mesir, muli papakèan, milih koemaha kahajangna. Gus munang kadoewa sate-ngah boelan, tatjan, datang. Ajuna iju aja djelema ti imah miskin, mawa ali sareng gulang. Ari èta teges gadoeh poen anak, malah rèja saksina, jèn èta gadoeh poen anak sarta dipakè mangsana lumpang. Koe prakawis èta djisim koering

hantu néjangan djoerig tu kadulu; nja iju noe maling barang poen anak atawa maèhan poen anak sareng poen salaki. Djisim koering njoehoenkun kaadilan hoekoem.

§ 5. Tidinja ama toeloej dipariksa koe hakim djung koe réngrèngannana. Toeloej ama hatoeran ka hakim, njarita pandjang, ti awal nepi ka ahir, tatapi hantu pèdah hatoeran pandjang ogè, tina koewatna anoe ngagoegat. Toeloej ama diasoepkun kana pandjara, ditjampoerkun djung noe baris dikisas atawa dipotong lungun. Gura pikir koe maranèh soesahna hatè ama, tina bakal dikisas, sakoerang-koerangna dipotong lungun. — Para poeta tjurik ngoepingkun serta ngaraskun kasoelah rama tina majoenan balahi gedè. Toeloej Sèh Abdoerrahman noeloejkun tjarita. — Tidinja ama boes di pandjara dina kamar poèk katjida; isoek dibèrè tjadong, tengah poè dibèrè tjadong, tatapi hantu pati diha-kan tina banget soesah, mikiran awak bakal paèh, oentoengna dipotong lungun. Barang nepi ka toedjoeh poè, ama dika-loewarkun, dibawa djung sakitan noe réja, noe pada rèk dikisas. Barang nepi ka pangetokan, gus njampak hakim tjalik dina korsi, ngadjadjar réngrèngannana, djung aja tiloe djelema noe njekel pedang bunang matek, nja èta noe toekang motong lungun tèja, djung aja panggantoengan, doewa djelema noe poerah ngagantoeng. Ari timbalan hakim: Èta si miskin, noe maèhan awèwè, ngareboet gulang djung ali tèja, pandurikun baè; hoekoemannana dipaèhan dui. Ajuna hulakun èta baè noe maraling, potong lugunna. Tidinja toeloej diparotongan lungunna; èta gus taja papadana kasoeker ama, roemasa ngan wates harita baè nja oemoer. Tidinja ama toeloej ditalian buhung. Barang rèk digantoeng, aja noe gegeroan, pokna: Oelah waka digantoeng, oelah waka digantoeng. Toeloej hakim miwarang: Oelah waka hég ngagantoeng. Tidinja datang djelema, noe gegeroan tèh; barang datang, ngarontok baè ka pangkon hakim, tjurik. Dipariksa koe hakim: Koe naon manèh mana kitoe? Tjik, gura tjarita masing tètèla.

§ 6. Toeloej tjarita: Kiju asalna; koering gadoeh anak

awèwè, gering pajah katjida. Tidinja dinadaran koe koering, lamoen gus tjagur, rèk dibawa ka Mesir, babalandja muli papakéan sakahajang manéhna. Tu lila tjagur geringna, toeloj koe koering dibawa lumpang ka Mesir, nja indit tidiju poè salasa, tanggal genep-welas, bunang naros ti doekoen poerah matangankun. Tjatoerna, koedoe poè èta nja lumpang, tanwandè manggih rahajoe. Bral koering lumpang. Demi datang ka tengah laoet, kataradjang riboet hoedjan angin, gedè tu kinten-kinten; kapal miring, datang ka njijoe k tjai, lep kaleboeh. Ari koerang nèwak papan roebak, ditoempakan djung poen anak; papan kabawa koe lambak. Munang opat poè poen anak bisa kènèh ngambekan, kalimana gus lèsot tina papan; koering les tu inget. Ari inget, koering gus dina kapal, kur diinoeman tji tadjèn koe nangkoda. Ari gus seger, koering dipariksa koe nangkoda asalna noe matak manggih balahi; toeloj koering tjatjarita asal-poerwana. Sanggus tamat tjatjarita koering, nangkoda nangis, lahirna: Insa Allah, kawoela ngalaksanakun karep andika ka nagara Mesir. Kawoela ogè rèk lajar ka Mesir, poelang ti Basarah. Sabot koering di kapal, taja pisan kakoerangan, barangteda rawoeh papakéan dipaparin noe araloes, sorban, kahmis, badjoe badan, djobah, tjalana. Munang dalapan puting dongkap ka Mesir. Koering diduhuskun ka Radja Mesir, dipaparin sapoeloeh pasmat kur balandja, tina welasun ngadangoe lalampahan koering. Tidinja aja nangkoda, rèk lajar kadiju; toeloj koering noempang, pamitan dui ka Radja, diidinan serta dipaparin bekel sapoeloeh ringgit. Toeloj kapal lajar, serta koering hantu majar oembalan ka nangkoda tina kawelasanana ka diri koering. Koering handjat di palaboewan, toeloj koering moelang gagantjangan. Barang nepi ka loewar koeta, munang bèdja, jèn poen bodjo njerek djelema, noe ngadjoe wal papakéan poen anak, roepa gulang sareng ali, malah ajuna èta djelema poè iju pisan rèk dihoekoem, dipaèhan dui, tina digoegat koe poen bodjo maèhan koering sareng poen anak. Koe prakawis èta noe matak koering poho di katjapèan, loempat sakoewat-koewat, moro èta djelema, bisi

kaboeroe digantoeng. Ajuna pioendjoek koering ka adjengan éta djelema moegi oalah sijos digantoengma, karena tangtoe hantu gadoeh dosa, rèhna poen anak tètèla maot kaleboeh, gulang ali dipakè. Panginten koering, bangkè poen anak toeloj diteda boehaja, tangtoe leres pioendjoekna poen miskin. Lamoen éta poen miskin sijos digantoeng, karoenja katjida; gus poegoeh koering munang tjilaka, tambah-tambah mawa ka batoer.

§ 7. Tidinja ama dilupaskun, toeloj diseratkun koe hakim tjaritaan ama djung tjaritaan bapa awèwè tēja, noe kapanggih bangkèna koe ama tina djero butung boehaja; pariksaannana disanggakun ka Soeltan. Toeloj ama rawoeh bapa awèwè tēja disaoer koe Soeltan ka karaton, ngiring hakim tēja. Barang nepi ka karaton, Soeltan kasondong kur linggih dina korsi kantjana, ditarètès koe sosotja, diduhusan para mantri ponggawa, Patih Djapar noe djadi pangpajoenna, sarta moeroeb moebjar parobot emas pèrak, hoeroeng mantjoer tjahajana matak sérab. Tidinja gèk ama rawoeh bapa awèwè tēja darijoek sarta hormat. Toeloj Kangdjeng Soeltan mariksa; mimitina ama njarita ti awal nepi ka ahir. Gus kitoe toeloj bapa awèwè njarita ti awal nepi ka ahir. Kangdjeng Soeltan semoena welasun katjida, datang ka ragragan tji sotja sarta ngandika, lahirna: Hè Patih Djapar, ajuna éta doewa djelema, noe pada mentas njoerang balahi sarta pada mèh nepi kana adjalna, demi ajuna koedoe oeroes kahiroepannana, djung iju bikun oewang, saorang lima poeloeh ringgit séwang, soepaja djadi pangboeboengah. Oewang ditampa ti panangan Kangdjeng Soeltan, ladjeng dipasihkun ka ama serta ka bapa awèwè tēja. Gura pikir koe maranèh koemaha piatohunnana, tina asal rèk dihoekoem datang ka digandjar sakitoe rèjana. Para poetra hatoeran bari ngadoa, pokna: Ja Allah, noe sipat Rahman, koering soekoer, sarèhna gus maparin kasalametan ka poen bapa. Tina kaleboeh bisa handjat, tina rèk digantoeng hantu toeloes, malah tambah munang gandjaran.

§ 8. Sèh Abdoerrahman ngaladjengkun dui tjarita ka

poetra-poetra. — Tidinja ama toeloej moendoer ti pajoenan Kangdjeng Soeltan, tapi hantu toeloej ka imah miskin dui, toeloej ka imah bapa awèwè tèja. Ari bapa awèwè tèh ngaranna Abdoerrahim, soedagar gedè katjida, pakoewonna dipager-bata, boemina gedong, djandélana diram-katja, parabol boemi haroeroeng, rantoej istolop djung lampoe, korsi bangkoe ngadjadjar, mèdja kenapna araloes, djung ngadjadjar goedang-goedangna, pada ditèmbok. Aja goedang barang-barang noe sipat njamoe, aja goedang sipat bulah petjah, aja goedang busi, aja goedang gandoem. Aja tiloe djoeroe-toelisna, noe poerah noeliskun barang-barang dagangan djung kaloewar' asoepna oewang. Ari ama dipernahkun dina hidji kamar, dioetamakun koemaha tjara ka sadèrèkna teges, serta lahirna ka ama: Adi, ajuna èta gulang djung ali, top baè adjang adi, kakang soeka-rilah pisan. Serta paneda kakang, adi oelah waka nijat moelih ka nagara Sam. Moekim baè didiju ngurunan palaj, djung soegan aja pikaoentoenganun; oerang dagang hula. Tidinja dipikir koe ama, luwih hadè noeroetkun baè sapangadjakna ki Abdoerrahim, moekim hula di nagara Bagdad, sabab balik ogè ka Sam, taja boro-boroun, pikamelangun hantu boga. Tidinja ama toeloej ngawangsoel: Soemangga, kakang, kawoela sedja noeroetkun koemaha tarèkah kakang baè. Djasad kawoela balik ogè, taja boro-boroun, anak bodjo hantu gadoeh. Sanggus munang doèwa boelan di Bagdad, toeloej dilèlèr modal tiloe ratoes ringgit koe Sèh Abdoerrahim, ditjamperkun djung pasihan Soeltan tèja, djoemlah tiloe ratoes lima poeloeh ringgit. Toeloej ama dagang; doemadakan gampang baè njijar bati tèh. Sadjero toedjoeh boelan munang bati opat ratoes, djoemlah djung modal djadi toedjoeh ratoes lima poeloeh. Ari baranghakan mah ditjoekoe kènèh baè koe doenoengan.

§ 9. Tidinja ama toeloej ka palaboewan bari mawa oewang emas; bisi manggih dagangan, noe pijaun batina. Barang datang ka palaboewan, aja kapal; toeloej ama toempak sampan, rèk ka kapal, nanjakun soegan aja dagangan. Barang nepi ka kapal, toeloej oeloek salam djung nangkoda sarta

disoegoehan hoga djung tji kopi. Pok nangkoda nanja ka ama: Sampéan kersa naon? Diwangsoel koe ama: Hantu; hajang oeninga baè, sareng soegan njandak dagangan ti nagara Mesir? Ki nangkoda ngawangsoel: Mawa pisan; mantèga aja doewa ratoes pipah. Lamoen sampéan kersa, rampès tjandak kabèh; kadjun dihatoerkun moerah baè, dina sapipahna opat ringgit, tapi koedoe digaluh kabèh. Ari mangsa harita di nagara Bagdad kur mudjuhna mahal pisan, sapipahna dalapan ringgit tebasannana, ari muli nètèk mah sapoeloeh ringgit. Tidinja mantèga tèh dibuli baè kabèh, kontan koe oewang emas, djadi dalapan ratoes ringgit. Toeloelj dikoelikun di-koendjal ka darat. Datang ka darat, ditawar koe soedagar gedè dina sapipahna toedjoeh ringgit. Toeloelj didjoewal harita baè kabèh, djadi sarèboe opat ratoes ringgit, munang bati genep ratoes ringgit sadjero tiloe djam. Gura pikir koe maranèh koemaha piseokaunnana. — Ngawalon para poeta: Soemoehoen, nja langkoeng pisan atohna, dina tiloe djam bati sakitoe. Toeloelj ramana ngaladjengkun dui tjarita. — Tidinja ama moelang ka Bagdad, bèbédja ka doenoengan, jèn manggih oentoeng. Doenoengan miloe soeka-boengah sarta matja alhamdoe lillah. Toeloelj ama njèwa imah lutik, tamparaos tuing koe doenoengan, sarta toeloelj ngaladjoekun dagang, tambah-tambah rèja noe mertjaja. Tatapi sanggus misah gè djung Sèh Abdoerrahim, ama hantu koerang-koerang nja panarima. Hulut doewa tiloe poè sakali ngandjang, gus tjara djung doeloer baè, aja kasoeka kadoeka. Ama moro-moro èta nja kitoe dui, sarta lamoen boga redjeki, roepa kadaharan atawa barang noe anèh-anèh, sili-kirim baè.

§ 10. Munang tiloe taoen ama di Bagdad, boga opa laksa ringgit, sabab ari tina sarèboe hajang djadi doewa réboe mah, gampang, hantu tjara tina saringgit hajang djadi doewa ringgit, hès. Tjemi pisan, pakè hakan ditimbang-timbang. Hantu tamplok-batjotun, djung tara muli barang-barang, anoe hantu hasil, soepaja bisa ngampihan doewit baè. Ari batoer imah-imah ngan tiloean, hidji awèwè, bunang muli, doewa lalaki, bunang muli kènèh. Gus kitoe toeloelj ama amit ka

doenoengan, niat balik ka Sam. Wangsoelan doenoengan: Adi, kahajang kakang mah montong moelang; moekim didiju baè. Kakang kuung. Maksa ama amit, tidinja kaidinan; toeloej dibawa ngaduhus ka Kangdjeng Soeltan djung ka Patih Djapar. Dipaparin koe Soeltan rawoeh koe Patih loengsoeran panganggo doewa pangadeg, sorban, kahmis, djoebah sara-woeh kopèjah. Sanggus moendjoeng, toeloej moendoer. Ari isoekna bral mangkat ka palaboewan, didjadjapkun koe doenoengan, istri pameget. Barang rèk tjlak toempak sampan, rarangkoelan hula djung doenoengan, pada tjurik, tina bawaning nalangsa rèk papisah sarta tatjan poegoeh pipapang-gihun dui, tina kadjaoehannana. Tidinja ama tjlak kana sampan, toeloej ka kapal; poè harita kènèh kapal tèh lajar. Ama tèh djedjeraun baè, oeroet bahula kaleboeh tèja; ari manggih tedoeh-tedoeh tèh atawa angin gedé, loemenjap soemeblak baè, sijun nunggar dui karang. Tatapi salamet tepi kadiju, pitoeloenging Allah tu naon-naon. Sanggus datang kadiju, toeloej ama njiun imah gedong, pager bata, goedang-goedang, enggon barang-barang dagangan, serta toeloej ama dagang, noeloejkun kalakoean di Bagdad. Madjoe baè dagang tèh, tambah-tambah oentoeng.

§ 11. Gus kitoe toeloej ama boga pamadjikan, nja ka indoeng maranèh. Barang gus boga anak ki Djapar, munang bédja jèn di Bagdad mahal béas. Soemeblak baè, hajang papanggih djung sobat tèja, nja èta ki Abdoerrahim; gus kadulu baè, sarta remen kaimpikun, tina koe bawaning sono. (Lalampahan Sèh Abdoerrahman kadoewa kalina.) — Toeloej ama muli béas, munang doewa ratoes kojan, sakojana harga tiloe poeloeh ringgit, djoemlah dina doewa ratoes kojan genep rèboe ringgit. Toeloej dimoewat-kun ka kapal. Ari kapalna, kapal anoe ama, moealimna oerang nagara Miskat, ngaran Ganaim, kongas pinter èlmoepalakna, sarta boekti lila djadina moealim, tatjan manggih tiwas. Toeloej ama lajar, sedja ka Bagdad. Gus munang lima-welas puting di laeet, moealim kataradjang gering, datang ka nepi ka adjalna maot. Tidinja ana liwat saking

nja soesah, tina hantu bisa sorangan ngamoealiman, toeroeg-toeroeg batoer taja hidji noe bisa atawa ngarti kana ngamoealiman. Djadi lajar sakaboentar-bèntor baè, kamana benerna baè. Ama koe manèh ngamoealiman, tatapi hantu katara jèn hantu bisa. Saakal-akal, soepaja matros-matros atawa djoeroe-moedi hantu goegoep atawa soesah. Kur pamikir ama, lamoen ama hantu kitoe, tangtoe kabèh matros-matros djung djoeroe-moedi loewad-lijoed, tu poegoeh tjabakna. Tatapi sanadjan maksakun manèh bisa ogè, da poegoeh hantu bisa, hantu njaho lebah-lebahna nagara hidji-hidjina, djadi lajar sakaparan-paran baè. Gus munang opat boelan hantu manggih daratan. Ari bekel ngan béas noe loba, wantoe mawa dagangan réja katjida; ari djaba ti béas mah béak kabèh. Noe perloe pisan, hidji tjai, doewa minjak; ari nginoem tjai laoet baè.

§ 12. Pitoeloenging Allah aja tèmpong ngarenggenek; kapal tèh dibenerkun baè kadinja. Buki dukut, katèmbong marakbak, gus tètèla jèn palaboewan. Tu lila djog datang; toeloej njungut marijem, masang bandèra, nandakun hormat ka noe kagoengan nagara. Tidinja djeboel sampan ti darat, mariksa kapal timana, mawa dagangan naon. Diwangsoel koe ama: Kawoela ti Sam, mawa dagangan béas, doewa ratoes kojan; ari hargana hajang pajoe sakojan opat poeloe ringgit. Ari tjarèk noe mariksa: Rampès oerang ka darat baè. Bral ama ka darat; toeloej ngaduhus ka noe kawasa di palaboewan, dipariksa dagangan, toeloej ama ngoeninga jèn mawa béas doewa ratoes kojan. Ari lahirannana: Hadè, gura djoewal baè ka poetijah-poetijah. Tidinja ama toeloej kaloewar, ngadjoegdjoeg poetijah bungkar sarta bari nawar-kun èta béas. Hantu ditawar dui, dibuli baè kabèh béas tèh, djoemlah dina doewa ratoes kojan pajoe dalapan rèboe ringgit, sarta katampa kontan doewitna, roepa oewang emas baè, katoet kandjoetna, kantong soetra, dibikun. Munang tiloe boelan didinja, ngadagoan soegan aja moealim, noe rèk boeboeroeh, tatjan manggih baè. Ari gus kitoe aja sahidji oerang Walanda, omongna asal istriman, noe matak aja di

nagara Tjina, katinggalun koe batoerna. Toeloej koe ama dipasinian, hajang dipangngistrimankun kapal ama, moelang ka nagara Sam. Wangsoelna: Rampès. Toeloej ama lajar ti palaboewan nagara Tjina, nja bisa katjida ngamoealimannana. Barang gus munang tiloe puting nja lajar ti nagara Tjina, datang riboet angin gedè, datang ka poèk. Tidinja ama hajang kala-hadjat, toeloej ka patjiringan, noe nangkod di sisi kapal. Doemadakan kersaning Allah, tepi ka titis toelis ama pimanggihun balai: patjiringan ragrag, ama katoet kabawa. Tatapi inget baè, hantu poho; ama moentang kana patjiringan tèh. Oerang kapal hantu bisa noeloengan, sabab kur riboet, kapal tarik tu kira-kira. Ari ama wates doewa puting masih inget, katiloena les baè hantu inget. Wallahoe a'lam koemaha petana di laoet.

§ 13. Ari inget, gus aja di kapal, dikedengkun dina alketip bari ditjaktjlakan tji tadjèn, sarta aja noe kur tjurik bari njjoeman ka ama. Ari ditegeskun, mana horèng sobat ama téja, ngaran Abdoerrahim ti Bagdad. Tidinja toeloej Abdoerrahim nanja, pokna: Koemaha, adi, asalna adi munang tjilaka dui? Toeloej ama tjarita ti mimiti, datang ka munang balahi ragrag ti kapal. Abdoerrahim tjurik: Kakang gè, adi, ajuna rèk ka Sam, nja sedja nèjang adi pisan, koe bawaning hajang papanggih. — Tjarita dui Abdoerrahman. Tidinja kapal lajar; ari anoe disedja ka Sam, katambijas djog datang ka palaboewan Mesir. Tidinja ama bareng ki Abdoerrahim toeloej handjat ka darat, mawa oewang emas rèja, bekelnà Sèh Abdoerrahim; da ari ama mah, tu mawa doewit sadoewit. Ti palaboewan toeloej lumpang ka nagarana. Di nagara oedar-ider, njaba, ngilikan noe langka-langka, wantoe-wantoe nagara gedè serta ramè, rèja duduluun. Ari ngandjrek di toekang emas. Gus munang lima puting di kota Mesir, oenggal poè njaba, diantur-antur koe toekang emas téja. Demi kagenep poèna, ti putingna ama dibédjaan koe toekang emas, jèn aja toekang èlmoè sibir, mandjoer pisan, bisa ngadjadikun manèh roepa sato, atawa ka batoer ngaroepakun sato, serta wedoek, hantu turak

koe pakarang, atawa matangankun barang noe lungit. Ari ki Abdoerrahim ngadangoekun tjarita kitoe, ngeletek baè djero angenna tina hantu ngandel. Serta hajangun njoba, saputing ngomong baè ka ama, ngadjakan njoba éta toekang sihir.

§ 14. Ari isoekna bral njaba, mènta diantur koe kamasan noe diandjrekan tēja. Tu lila datang ka imah toekang èlmoe sihir tèh, kur di rijoeng-rijoeng baè, diduhusan koe moeridmoeridna, serta magahan djampèna. Tidinja toeloej ki Abdoerrahim ngadukutan negeskun djampèna, barang kur magahan paranti bedil tu matang. Tidinja ki Abdoerrahim mesat pèstol, dibenerkun kana harigoena; pèstol bitoe, toekang sihir ngadjoempalik, njebrot getihna. Toeloej ki Abdoerrahim djung ama ditjerek, ditalian koe moeridmoeridna, serta pada nampiling, ngadjedjek datang ka lulus. Toeloej disèrèd, dibawa ka hakim, dioeningakun jèn maèhan djelema tanpa dosa. Tidinja toeloej ki Abdoerrahim dirantè, dibelok di djero pandjara; ari ama mah ngan diasoepkun kana pandjara baè, hantu dirantè, ngan kaasoe batoer noe maèhan baè. Ari ama liwat saking nja masakat, tatapi mèh hantu inget ka diri sorangan, ngan inget ka sobat baè, doemèh éta ki Abdoerrahim sangsara batan ama. Ari ama hatoeran ka hakim njoehoenkun dirantè lungun sabulah djung dibelok soekoe sabulah, soepaja éta ki Abdoerrahim nja kitoe dui, soekoena oelah dibelok doewannana, lungunna oelah dirantè doewannana. Panoehoen ama sakitoe koe hakim hantu dimanah, lahirannana: Manèh mah Abdoerrahman ngan bakal dirangkèt baè; ari éta mah Abdoerrahim bakal digantoeng, sabab noe maèhan. Tidinja ama buki nalangsa serta neneda ka Pangéran noe kawasa, hajang dipaèhkun samèmèh Abdoerrahim digantoeng. Ari gus kitoe ki Abdoerrahim ngomong ka ama pokna: Hè adi, koemaha petana anoe mangkoek di Bagdad? Oepama kakang hantu bisa moelang hula ka Bagdad, tanwandé koesoet katjida babandaan, ari anak lalutik kènèh. Lamoen munang moelang hula mah ka Bagdad, mending

baè, munang oeroes-oeroes hula, rèk wawasijatan baè ka anak èwè, serta rèk neda pitoeloeng panghoeloe, soepaja dioeroes koe panghoeloe banda sarawoeh anak. Ari pihoe-tangkun rèja katjida; lamoen hantu kaoeroes hula, tanwandè inkar baè kabèh.

§ 15. Tidinja ama mèh kalenger ngadèngèkun sobat ngomong kitoe. Toeloj ama ngawangsoel: Kiju baè, kakang, soegan dimanah koe hakim. Ari ajuna kakang amit moelih hula ka Bagdad, serta koela tandonkun. Oepama kakang hentu soemping, koela baè pigantiun digantoeng. Tjarèk Abdoerrahim: Lamoen adi aja manah kitoe, soekoer katjida, serta adi masing pertjanten ka kakang, kakang moal tjidra, tanwandè moelang dui, da kakang gus roemasa dosa, serta kakang hantu tèga pati adi, oepama maot lantaran tina nandonan pati kakang. Wangsoel Abdoerrahman: Èta mah kakang montong aja lahir kitoe. Gus iklas pati sad koela dianggo nalangan pati kakang, sabab djasad koela mah tu pati rèja kaburat di imah, lain tjara kakang. Serta kaoela hantu sedja kari; kakang poepoes, kaoela tanwandè bèla. Sabot ama djung Abdoerrahim tjarita patoetoengkoedoewaan, hakim soemping ka pandjara, mariksa ka Abdoerrahim: Koe naon manèh tjurik? Da moal bunang ditjungtjurikan, ngan kari ngiklaskun diri. Diwangsoel koe ama: Soemoehoen kitoe tamah, da gus tangtoe iju poen lantjuk dihoekoem. Tatapi iju poen lantjuk, lamoen aja paidin, njoehoenkun moelang hula ka Bagdad sakedap serta djisim koering tandonna. Oepami poen lantjuk hantu dongkap nepi ka waktoena digantoeng, koering pigantiunnana. Hakim gègèbèg, semoe hèranun: Naha manèh boeroeng noeloengan pati batoer? Naha pertjaja ka Abdoerrahim jèn moal ngentjodkun? Diwangsoel koe ama: Pertjanten pisan jèn moal ngentjodkun, anoe matak sanget panoehoen koering, moegi aja paidin sareng piwelas, sarèhna iju poen lantjuk rèja pisan kaburatna dipengker, hajang oeroes-oeroes hula, èntèp-èntèp babandaannana, wawasijat ka poen anak-anakna. Ari koering mah, hantu aja perloena, sabab taja

kaburat. Tidinja hakim tèh tambah-tambah hêranunnana, tina bawaning welasun datang ka ngidinan serta toeloelj Abdoerrahim dilupaskun. Bral mangkat. Saméméhna mangkat, tju-rik bari ngagalèkan ka ama, pokna: Adi, masing ngandel ka kakang. Ama tu bisa ngawangsoel, tina bawaning nalangsa nulu Abdoerrahim.

§ 16. Demi gus munang saboelan tina wates Abdoerrahim balikna, djeboel hakim ka pandjara, njaoer ka ama, lahirna: Koemaha petana, Abdoerrahman? Sarèhna Abdoerrahim ajuna hantu datang, djadi buhung manèh pigantiunnana. Diwalon koe ama: Èta mah leres pisan, da poegoeh kitoe perdjangdjannana, hantu datangna ki Abdoerrahim, nja buhung koering pigantiunnana. Paneda koering, moegi ènggal baè, montong lila-lila. Ari hakim tèh ngalahir: Nja boeroeng manèh tèh, hantu dipikir segala djelema gè njaah ka pati sorangan. Sanadjan djung anak ogè, noe pangkanjaahna, ari ditimbang djung pati sorangan mah, tangtoe njaah ka manèh baè. Ari manèh bisa pertjaja ka sobat, dipikir jèn bakal datang dui kadiju njerahkun buhungna. Èta pikir manèh gagal, moal enja tikoro andon pèsò. Poegoeh gus lupa, bisa dui datang kadiju. Sanggus njaoer kitoe, hakim ladjeng moelih. Demi gus opat boelan tina wates Abdoerrahim moelang, djeboel Radja soemping, diiring koe patih, koe hakim. Toeloelj ama dikaloe-warkun ti pandjara, bari disampingan bodas, ditjekl lungun kèntja katoehoe, dirijoeng koe askar askar (tegesna pradjoerit), dibawa kapajoenan Radja. Tidinja Radja ngalahir ka hakim: Mana gantoengun tèh? Nja iju? Saha ngaranna? Hakim tèh ngawalon pokna: Soemoehoen bebendoe, ari teges noe maèhan tamah lain iju, ngaranna Abdoerrahim tēja. Tadina amit moelang hula sakedap, nandonkun iju baè sobatna, ngaranna Abdoerrahman, pokna hajang bèbèrès hula ngabagikun banda ka anak bodjona sareng nitipkun anak-anakna ka panghoeloe Bagdad. Ari koering, tina bawaning welas, ngidinan baè. Tidinja Radja bendoe ka hakim, sareng mariksa ka ama, lahirna: Hè Abdoerrahman,

naha manèh mana boeroeng tuing pertjaja tu kira-kira? Naha hantu njaho watek djelema? Loëmbrah jèn ka njawa manèh njaah manan ka njawa batoer. Sanadjan djung anak hantu saroea. Diwalon koe ama: Soemoehoen, oeninga pisan nja leres kitoe watek loembrahing manoesa. Nanging djisim koering mah sareng Abdoerrahim hantu kitoe. Koering saroea njaahna ka njawa koering pribadi sareng ka njawa Abdoerrahim, nja kitoe dui Abdoerrahim saroea njaahna ka njawana sareng ka njawa koering. Ajuna panoehoen koering, montong ngantos Abdoerrahim, da gus aja gantina, nja koering.

§ 17. Radja semoe hëranun katjida ngadangoekun tjatoer ama sakitoe. Serta ama ngomong kitoe tèh teroes djung ati, malah boga panoehoen ka Pangéran noe sipat Rahman, moega-moega Goesti Allah malikkun angin, soepaja Abdoerrahim lajarna oelah bisa ladjoe, soepaja koering bisa noemboe oemoerna. Kitoe doa ama ka Goesti Allah. Serta kadangoe koe Radja doa kitoe tèh, Radja buki hëranun baè. Tidinja toeloej ama ditalian buhung, rèk dimangsakun. Barang rèk ditarik kana panggantoengan, aja noe gegeroan ti kadjaeohan, loempat, mijakkun ka djelema réja, pokna: Mangkè, oelah waka pèk. Toeloej Radja miwirang urun hula. Tidinja datang-datang, gabroeg baè ngarontok ka ama. Ari dirèrèt, Abdoerrahim noe ngarontok tèh, serta kiju omongna: Ja Allah, mèh baè njawa adi djadi gaganti njawa kakang! Ari ama, barang gus tètèla Abdoerrahim gè noe ngarontok tèh, les baè tu inget tina koe bawaning kadoehoeng, hantu bisa nalangan, noemboe oemoer Abdoerrahim, serta bakal nulu pisan digantoengna. Tidinja Radja rawoeh patih djung hakim narangis, ningali lampah ama djung Abdoerrahim tjurik pagoeloeng-goeloeng, pada mènta paèh tihula. Ladjeng Radja ngalahir: Hè hakim, ajuna Abdoerrahim djung Abdoerrahman doewannana montong digantoeng; koe kami dihampoera baè dosana Abdoerrahim maèhan djelema tèh. Saperkara soepaja djadi tjonto raketeng djelema sosobatan, koedoe tjara Abdoerrahim

djung Abdoerrahman. Kadoewa, éta djelema, noe dipaèhan koe Abdoerrahim, luwih hadé paèh manan hiroep, sabab djelema ahli-sihir, èlmoe ngabobodo ka djelema rèja, serta njoesahkun ka nagara. Malah ajuna koe manèh oetarakun, saha-saha noe ngamalkun èlmoe sihir, èlmoe tenoeng, èlmoe patangan, èlmoe doedoekoenan, èlmoe koekoesoemahan, tanwandé dipaèhan. Ari iju Abdoerrahman Abdoerrahim koedoe dirawatan; sabotna aja didiju, koedoe tjitjing di imah ki patih. Ki patih hatouer soemangga, ladjeng ngoetarakun ka oenggal djelema, ngadawoehkun timbalan Radja tèja, serta toeloj ama ditjandak ka boemi patih rudjung ki Abdoerrahim.

§ 18. Munang lima puting di kota Mesir, tidinja ama djung Sèh Abdoerrahim oendjoekan ka Radja, ka patih djung ka hakim, amit moendoer. Kaidinan koe Radja rawoeh koe patih, koe bakim serta pada maparin pibekelun. Toeloj ama djung Sèh Abdoerrahim moelang ka palaboewan. Demi datang ka palaboewan, ama toeloj ka pasar. Ari di pasar ama ukur ngopi di waroeng toekang dagang tji kopi, oedjoeg dirontok baè koe hidji Walanda, ari ditegeskun, poegoeh anoe ngamoealiman ama tèja basa ti nagara Tjina. Ari pokna: Sampéan lain Sèh Abdoerrahman, oerang nagara Sam, noe kagoengan kapal noe dimoealiman koe koela tèja? Ari wangsoel ama: Enja, kawoela anoe ragrag di laoet tèja. Tidinja buki rosa tjurikna serta njekel ka lungun ama, ngadjakan ka kapal. Toeloj ama djung Abdoerrahim ka kapal. Demi datang ka kapal, njerahkun éta kapal rawoeh usina, djung doewit, ladang béas ti nagara Tjina tèja, anoe salaksa ringgit, diserahkun kabèh ka ama, djedjeg, taja pisan koerangna. Gura pikir koe maranèh, pikir kabagurannana bangsa Walanda, agama Isa, sakitoe munang peta. Lamoen rèk tjidra, toeloj éta moelang ka nagarana, moal enja kabitoer, serta poegoeh ama ragrag di laoet, moal njanaun ama hiroep dui. Tjoba, lamoen meneran bangsa sèdjèn mah, samar katampa dui koe ama éta harta rawoeh kapal. Para poetra ngawalon: Leres pisan, salagi moenggoeh

oerang Badwi mah, ngabadog, ngarampog, ngarampas, ngabègal dibèlaan. Soemawona manggih kitoe petana, murun rasana sarøewa djung nimoe pependeman baè. Rasa koering moal kamilik dui koe ama, didawa ogè, murun pasang padoe, dibèlaan soempah. Ramana ngawangsoel: Bener èta omong manèh, sabab ama gus remen dipatjikh koe Badwi. Sabab loembrahna agama tèh dipakè pipinding baè, toer dina agama mah, nja koedoe kitoe noe hadè tèh tjara èta Walanda tèja, hantu kidib hijanat kitman, tegesna kidib bohong, hijanat tjidra, kitman njoempoetkun.

§ 19. Tidinja èta doewit koe ama ditampa, ari kapal koe ama toeloj dibikun baè ka èta istriman tèh, tina banget nja tarima serta asoep kana gandjaran katemennana. Tapi èta istriman welèh, hantu daèkun, dipaksa baè koe ama, daèkun sotèh. Munang toedjoeh puting nja ngendek di palaboewan Mesir; saban poè, saban puting soekan-soekan baè dahar luut, sapoèna muntjit doewa domba kibas djung tiloe poeloh ringgit balandja muli mantèga, samin, madoe, kismis, korma, kopi, dahar luut berdjamaah djung oelama-oelama. Sanggus djedjeg toedjoeh puting, toeloj ama dangdan, nijat djalan ka darat. Sèh Abdoerrahim dangdan dui rèk moelang ka Bagdad, tapi rèk djalan laoet. Tidinja ama sasalaman andoem salamet djung Sèh Abdoerrahim rawoeh istriman tèja, tiloan patoetengkoek tjurik, doemèh rèk pisah, serta hantu ngira papanggih dui. Sanggus kitoe bral patoekang-toekang ama djung Abdoerrahim rawoeh istriman. Ama mawa doewa boeroeh, noe mawa papakèan rudjung hebekelan. Sapat djalan taja noe dipikir ngan kangenasan pisah djung Abdoerrahim serta mikiran kabaguran oerang Walanda tèja. Demi datang ka hidji pamondokan, aja hidji djelema, kira tengah toewoeh oemoerna, serta lebè semoena, noe dikoetjel sapopoè ngan tasbèh baè. Èta djelema papanggih djung ama di djalan waktøe asar. Barang gok papanggih, oeloek salam, toeloj sasalaman bari nanja, pokna: Toewan noe timana serta moelih timana? Rèk angkat kamana? Bakal koelem dimana? Diwangsoel koe

ama : Kawoela asal ti nagara Sam, poelang ti nagara Mesir. Ngomong djalma oelat pandita tèh, pokna: Hè ki sanak, kawoela noe matak ngalantoeng sorè-sorè di djalan gedè tèh, nja èta bisi aja sanak baraja, noe katanggoengan lakoe, kapalang lampah, sedja njarèkun. Gus sadija pisan sakinten-kintenna, serta sedja kerna Allah. Ukur mah ama soesah nja pimondokun, aja noe ngandeg serta sakitoe manisna djung hadè pasemonna, oelat pandita, boedi santri, lègèg lebè, tingkah oelama, djadi hantu lila dipikir, toeloej baè ama njoemanggakun, bral dibawa ka lemboerna.

§ 20. Demi datang ka lemboer, njampak gus sadija, semoe gus maranti pondok tatamoe. Aja hidji langgar lutik ngarunah, gus aja tetebah didjero pangkèngna. Diloewar pangkèng aja bantal galedè, tjara adat oerang Arab, amparannana pramédani roebak, noe dingaranan koe oerang Arab hambal tēja. Tidinja ama gèk didijoekkun serta disodoran anggel gedè tēja; tu lila djeboel noe mawa tji kopi, pepek lalawoehna, djung mawa hoga. Ari bada magrib bol sangoe djung réja lalawoehna, aja angun daging embè. Toeloej ama dahar, berdjamaah djung pamadjikan tēja, batoer ama noe doewaan tēja dibawa ngarijoeng. Ari enggus dahar, bol dui tji kopi djung hoga. Ari enggus èntèp dahar luut, toeloej pamadjikan ngomong ka ama, kiju pokna: Hè toewan sèh, ajuna gus èntèp dahar luut, soemangga gura siram; enggus sadija tji panas tji tiis. Ari enggus siram, gura sarè palaj. Toeloej ama mandi, liwat saking sadijana, aja tji panas tji tiis, aja saboen, aja topo. Ari enggus mandi, gèk ama dijoek dui, omong-omongan djung pamadjikan tèh. Ari tjatoer pamadjikan: Toewan, didiju mangsa ajuna réja pisan paling; oenggal puting baè aja noe kapalingan tèh. Toewan moegi atos-atos; lamoen njandak barang gedè pangaosna, lèlèrkun ka djasad kawoela baè, rek diampihan saè-saè. Koe ama hantu lila dipikir, tina koe bawaning pertjaja nilik saréatna. Saha noe hantu pertjaja ka djelema kitoe pandèna, djung kitoe taladjakna pangakoena ka sèmah? Tidinja toeloej ama moeka kepèk, njokot karoeng oewang einas, asal ladang

béas téja, hég disèrènkun. Omong ama hormat serta manis: Hé toewan, sarèhna lahir sampéan didiju réja paling, koe sabab éta djasad kawoela aringgis ogè. Iju mawa oewang emas réja. Ajuna manawi sampéan kersa serta soeka, djasad kawoela titip baè; moegi disimpen di boemi sareng kepèkna. Wangsoelna ka ama: Soemangga pisan djasad kawoela ngampihan; sampéan montong mangmang.

§ 21. Top kepèk papakéan rawoeh oewangna ditampa koe priboemi téh, toeloej dibawa ka imahna. Gus kitoe bol simboet djung minjak, bodjo priboemi téja noe mawa ka langgar, pokna: Iju, toewan, kampoeh sareng minjak wangi, soepaja ngunah sarè. Ditampa koe ama serta dinoehoenkun. Walon ama: Djadjakallahoe haèran kasira, tegesna: Moegi males Goesti Allah ka sagala kasaèan. Toeloej ama ngedeng, tapi hantu oedjoeg-oedjoeg hèès, njiluk baè, hantu urun-urun mikiran kabagurannana éta priboemi. Tjèk pikir ama: Tangtoe noeroetan Ibrahim Hatamtaja, noe kamashoerkun hadè ka tatamoe téja. Ari soeboeh-soeboeh ama hoedang, salat soeboeh. Sanggus salat, dijoek dui djung priboemi téja. Tu lila djeboel tji kopi, roti, mantèga, martabak djung madoe lalawoehna, serta bol hoga. Sanggus èntèp ngaluut, toeloej ama amit bari neda titipan téja, barang rawoeh oewang. Toeloej priboemi téh nitah boedakna njokot éta barang. Tu lila djeboel boedak, mawa kepèk, sor disodorkun ka ama. Ama ngarandeg, rada hèran, doemèh ngan barang baè, taja oewangna; diarep-arep, taja omongna kitoe kiju. Tidinja toeloej ama ngomong: Mana ari oewangna? Ari wangsoelna priboemi téh: Baroek, oewang kawoela mah hantu oeninga, kadjaba ti iju titipan sampéan téh. — Gura pikir koe maranèh, koemaha pisesahun ama, pibingoengun ama, asal titip oewang sakitoe gedèna datang ka ditampik. Ngawalon poetra-poetrana: Soemoehoen, langkoeng-langkoeng baè soesahna djung pibingoengunnana. (Sèh Abdoerrahman ngaladjengkun dui tjarita.) Tidinja ama ngawangsoel: Naha sampéan mana kitoe? Apan poegoeh pisan djasad kawoela titip ka sampéan oewang emas, réjana itoeng pasmat,

salaksa pasmat, diwadahan dina kantong koelit, ditampa koe panangan sampéan pisan. Priboemi ngawangsoel dui ka ama: Ih, naha sampéan mana kitoe? Soegan goendam atawa owah akal, mana ngalahir kitoe. Ari sad kawoela oelahmoen tampa oewang sakitoe, nulu ogè hantu.

§ 22. Tidinja ama hantu bisa ngomong, tina bawaning kagèt djung bingoeng, datang ka nampik. Toeloej ama indit bari tjurik, hantu sasalaman-salaman atjan, tina kabingoeangan ka saha nja ngoengsi atawa njarandoe neda toeloeng dipangmunangkun éta oewang. Tidinja ama lumpang sakalumpang-lumpang, tamboeh-tamboeh noe didjoegdjoeg, samarsamar noe disedja; lumpang bari njoesoetan tji mata. Serta ama ngadoa ka Goesti Allah, kiju doa ama: Ja Allah, ja Karim, ja Rahman, ja Rahim, Goesti noe hantu kaalangkaalingan, noe moelja, noe moerah, noe asih, Goesti hantu kasamaran ka lampah koering djung ka lampah noe dengki kanijaja. Bari ladjoe, ama lumpang. Gus kitoe manggih hidji lemboer gedè, dibawah paréntah Mesir. Tina taja pisan kawawoehan, toeloej ama asoep ka masjid baè, kapanggih koe hidji hetib, gus sepoe, djanggotna gus bodas, pasemonna hadè akoean. Mariksa ka ama: Hè ki sanak, noe timana sampéan? Diwalon koe ama: Toewan, kawoela ti nagara Sam, poelang ti Mesir. Tina djasad kawoela tu gadoeh kawawoehan boro-boroun, manawa aja idin toewan, djasad kawoela neda ngarereb. Walonna hetib sepoe: Hadè pisan, di kawoela baè sarè; montong di masjid. Toeloej ama dibawa ka boemina, serta ama disoegoehan hadè-hadè, koemaha adat ka sémah. Tatapi pikir ama hamham kènèh baè, palangsijang tjara noe tadi tēja, ratoe hijanat. Ari gus bada isa, sanggus barangdaha berdjamaah djung mantenna, ama ngahoeleng baè, mikiran katiwasan diri. Hetib sepoe mariksa ka ama: Hè anak, andika kawas noe ngandoeng kasoelah gedè. Tjik, waktjakun ka koela; soegan kawoela bisa noeloeng.

§ 23. Tidinja ama toeloej njarita pandjang ti barang indit ti Sam nepi ka mondok di lemboer tēja. Sapandjang ama

tjatjarita, éta hetib sepoeh ngaregepkun katjida. Dina lebah nalangsa miloe nalangsa, dina lebah boengah miloe boengah, soemawona éta dina lebah ama tikoentjoeng tina kapal, basa moelang ti nagara Tjina tēja, datang ka purum. Nja kitoe dui boengahna, lebah ama gus dihandjatkun koe Sêh Abdoerrahim, djung dina lebah dilupaskun, hantu toeloes dihoekoem, lebah dinja datang ka ngadoa, moedji soekoer ka Pangéran, serta njojoh-njojoh djelema toekang èlmoe sibir noe soemakti, dipaèhan koe Abdoerrahim. Tjarita ama barang nepi ka diangles nitipkun doewit koe oerang lemboer tēja, hetib sepoeh ngarandjoeg, pokna: Masa Allah, naha si Abdoelkarim datang ka tjoetjoedna kagorènganana? Toeloej hetib sepoeh njarita ka ama: Èta djelema, noe dipondokan koe andika tèh, ngaranna Abdoelkarim. Gus remen kitoena; malah kawoela pribadi enggus dipatjiku koe éta. Ari djelemana njolong badè, boedi tjara santri, oelat tjara pandita, ari lampah uwah-uwah. Demi ajuna pirempeog kawoela mah, hajoe oerang prakarakun baè, mungpung didiju aja ménak ti nagara, poetra kangdjeng Radja, ngarsakun ngadjadjah boemi, mariksa kasoésahan noe lalutik. Nja tjara kiju noe ditèjangan tèh. Ari soempingna ti nagara tadi pisan, bédjana bakal munang lima wengi didijuna. Mangkè sorè hajoe oerang ngaduhusan ka Radja anom. Wangsoelan ama: Soemangga, soekoer pisan aja pitoeloeng toewan hetib sakitoe. Ari sorè, sabada salat asar, toeloej ama djung toewan hetib sepoeh ngaduhus, serta éta Radja anom Mesir gus oeningaun ka ama. Barèto, basa ama rék dihoekoem tēja, oeningaunnana, malah maparin oewang ka ama lima-welas pasmat.

§ 24. Barang datang ka pakoeleman Radja anom, kasampak kur tjalik, kakara goegah koelem. Barang rêt ogè ningali ka ama, ngadeg baè bari ngagoepajan ka ama, lahirna: Siga Abdoerrahman noe pandjang lalakon tēja. Hijap kadiju. Toeloej ama moendjoeng djung hetib sepoeh. Radja anom mariksa: Dimana iju ki Abdoerrahman mondokna? Diwalon koe hetib sepoeh: Di djisim abdi, koela-noen. Sareng

ajuna poerwa ngaduhus, iju poen Abdoerrahman aja pioendjoekunnana, prakawis balahi gedè katjida. Tidinja Radja anom semoe kagèt, toeloej mariksa: Aja naon; gura pok tjarita! Pok ama oendjoekan: Ari asalna, sanggus abdi dilupaskun koe Rama gamparan, toeloej abdi moelang. Dop dongkap ka palaboewan, abdi ukur ngopi di waroeng djung sobat abdi tèja poen Abdoerrahim, aja noe ngarontok bari tjurik. Ari ditegeskun, Walanda anoe ngistrimanan kapal ti nagara Tjina tèja. Ari pokna: Sampéan lain Sèh Abdoerrahman ti nagara Sam, noe kagoengan kapal, noe diistrimanan koe koela tèja? Diwalon koe koering: Enja, kawoela anoe ragrag di laoet tèja. Tidinja buki rosa tjurikna bari njekel ka lungun abdi, ngadjakan ka kapal. Toeloej abdi ka kapal djung Sèh Abdoerrahim. Demi datang ka kapal, njerahkun éta kapal rawoeh usina, djung doewit, ladang béas ti nagara Tjina tèja, réjana salaksa pasmat, tapi roepa oewang emas baè, diserahkun kabèh ka abdi, djedjeg, hantu pisan koerang, kantongna koelit embè asak. Toeloej koe abdi éta oewang ditampa, tapi ari kapal mah djung saparabotna kabèh dibikun ka éta Walanda, tina koe katrimaan, aja djelema sakitoe bagurna benerna, djaoeh tina basa hidib hijanat kitman, minangka djadi gandjaran tina katemenannana.

§ 25. Gantjangna toeloej abdi andoem salamet djung Sèh Abdoerrahim rawoeh djung istriman Walanda tèja. Toeloej abdi mangkat ti palaboewan, sedja moelang ka nagara Sam, nanging nijat djalan darat tina kapok djalan laoet, sedja njingkiran balahi laoet, mawa batoer boeroeh doewa djelema, noe mawa barang-barang abdi djung doewit emas tèja dina djero kepèk. Dop datang ka hidji pamondokan, prok papanggih djung hidji djelema di sisi lemboer. Ari djelema tèja oelat pandita, boedi santri, lègèg lebè, nanja ka abdi sareng ngadjakan ka lemboer. Dop dongkap ka lemboerna, langkoeng-langkoeng sadija; sor soesoegoehna ka abdi langkoeng-langkoeng saèna. Ari sabada salat magrib sor dui soegoeli sangoe. Toeloej abdi neda berdjamaah djung priboemi tèja, malah batoer abdi, boeroeh noe doewaan tèja,

dibawa ngarijoeng. Sanggus dahar, bol tji kopi sareng hoga. Ari gus èntèp barangdahar, toeloej priboemi nawaran, soegan rèk siram, gus sadija tji panas tji tiis. Ladjeng abdi mandi, njampak sadija pisan, aja saboen, aja topo. Sanggus mandi, abdi dijoek dui omong-omongan djung priboemi tèja. Gus kitoe priboemi ngomong, pokna: Toewan bisi gus palaj; gura koelem. Nanging awon hantu katjarijoskun, sarèhna mangsa ajuna didiju rèja pisan paling; hantu loewang putting kapalingan tèh. Oepami njandak noe saè-saè, lèlèrkun, sedja diampihan koe djasad kawoela baè di imah. Koe abdi hantu dipikir dui, tina kapertjajaan ka èta priboemi, nilik sakitoe taladjakna, kabagurannana. Toeloej baè kepèk papakèan rawoeh oewangna, ladang béas tèja, koe abdi disèrènkun, neda dipangngampihankun. Toeloej ditampa koe manèhna pisan, dibawa ka imahna. Tu lila djeboel poen bodjona, mawa simboet sareng minjak wangi, pokna: Iju, toewan, kampoeh sareng minjak; masing ngunah nja sarè. Minjak sareng simboet ditampi. Toeloej abdi ngedeng, nanging hantu oedjoeg-oedjoeg hèès, njiluk baè, mikiran kasaèan priboemi. Tjiptaning ati: Iju priboemi tèh niron-niron Ibrahim Hamtataja, hadè ka sèmah.

§ 26. Demi soeboeh-soeboeh abdi hoedang, salat soeboeh. Bada salat dangdan. Tu lila djeboel dui soegoeh tji kopi, lalawoehna roti, mantèga, martabak djung madoe. Toeloej abdi ngopi. Sanggus ngopi, pamitan bari neda titipan tèja. Priboemi nitah boedakna njokot kepèk. Tu lila datang, diserahkun ka abdi èta kepèk. Ari diboeka, ngan woengkoel papakèan baè, hantu aja doewitna. Tidinja mimiti aja pikir rèmpan. Pok ditaroskun koe abdi: Toewan, mana ari oewangna? Wangsoelna: Baroek oewang. Tjatoer abdi: Enja, oewang emas, anoe dina kantong koelit tèja, rèjana itoengan salaksa pasmat. Priboemi tèh hookun, semoe kagèt, pokna: Boa sampéan goendam, atawa owah akal, njaoerkun titip oewang emas salaksa pasmat. Tidinja toeloej baè abdi indit, hantu sasalaman-salaman atjan, tina koe bawaning bingoeng kamana nja ngoengsi, ka saha nja neda toeloeng dipang-

munangkun dui éta oewang. Demi ajuna sakabèh-kabèh djisim koering njoehoenkun kaadilan gamparan. Timbalan Radja anom: Masa Allah, éta mah lain prakara lulutikan. Kabeneran ogè, aja kawoela datang kadiju; soegan baè bisa munangkun inja. Pintera serta adilna Radja anom gantjang baè ngamanah piakalunnana, soepaja kaboeka djoeligna si Abdoelkarim. Ladjeng Radja anom ngalahir: Hè askar, manèh lumpang ka lemboer Abdoelkarim; si Abdoelkarim disaoer masing kentjeng, koedoe kairingkun koe manèh. Askar toempak koeda, diloempatkun. Hantu sabraha lilana datang si Abdoelkarim, diiringkun koe askar, tegesna kapetengan. Abdoelkarim oelatna pijas serta ngadègdèg. Toeloej njembah bari njanggakun bakti doewa pasang ali inten, kira harga tiloe ratoes pasmat. Harita mah koe Radja anom ditjandak baè, ladjeng Radja anom miwarang tjarita ka ama.

§ 27. Toeloej ama tjarita, ti barang gok papanggih di djalan, nepi ka indit serta diangles titipan. Barang gus tamat oendjoekan ama, Radja anom mariksa ka Abdoelkarim, lahirna: Tah, kitoe, Abdoelkarim, tjarita Abdoerrahman kadèngè koe manèh, serta koemaha teroes? Walon Abdoelkarim: Soemoehoen, kakoeping pisan, nanging djisim abdi, soemawona katitipan oewang emas, papanggih ogè kakara ajuna pisan dipajoenan gamparan. Panginten djisim koering, éta djelema goendam atawa owah akalna. Radja anom mèsèm, ngadangoe walonan Abdoelkarim sakitoe, serta lahirna: Aja ogè teroesna djung Abdoerrahman sautik, nereka Abdoerrahman goendam atawa owah akal. Ladjeng Radja anom miwarang noelis ka Abdoelkarim, disodoran kertas djung kalam serta lahirna: Hè Abdoelkarim, toeroetkun omong kami, kiju pokna manèh nja noelis: Ajuna, pamadjikan, éta prakara kantong koelit, noe diusi oewang emas téja, titipan sèmah noe mondok puting kamari, ajuna bahankun ka iju piwarangan Radja anom. Karana aing gus welèh, ngawaktjakun dosa, tina katrangan aing bakal munang timbangan ogè. Tah,

kitoe manèh nja noelis. Abdoelkarim mogog baè, pioen-djoekna: Goesti, èta timbalan Goesti sakitoe langkoeng-langkoeng abdi hantu werat ngalampahkun, sabab lamoen kitoe, gamparan netepkun ka dosa koering serta nganijaja. Radja anom mèsem, bari ngalahir: Hè Abdoelkarim, lamoen manèh hantu daèk noelis, djadi boekti manèh njoempoetkun èta oewang emas. Toeroetkun baè omong aing. Demi Allah, moal djadi netepkun anoe tu maling djadi maling. Tina dipaksa, pèk Abdoelkarim noelis, bari ngadègdèg, diketjapan koe Radja anom datang ka tamat, oenina tjara noe gus diseboet tadi. Sanggus ditanda koe Abdoelkarim, toeloej ditampa koe askar, dipiwarang dibikun ka bodjona Abdoelkarim.

§ 28. Askar ngaloempatkun koeda, tu lila datang ka lemboer Abdoelkarim. Barang soerat ditampa koe bodjo Abdoelkarim, tètèla jèn toelis salakina. Barang tamat diwatjana, bodjo Abdoelkarim kalenger, tina gus roemasa jèn salakina bakal munang balahi, sabab gus ngawalèhkun manèh ka Radja. Barang inget, toeloej njokot kantong koe-lit, wadah oewang emas tèja, bari tjurik, serta ngaloengkun kantong, pokna: Nja iju noe matak tiwas tèh. Toeloej kantong, wadah oewang emas, dibawa koe askar, disanggakun ka Radja anom. Abdoelkarim pijas, ladjeng Radja anom miwarang njerek Abdoelkarim. Dirantè, dikintoenkun ka nagara, oewang emas dipaparinkun ka ama, lahirna: Tah, iju tampa dui, Abdoerrahman, banda andika. Ama toeloej nampi ti panangan Radja Mesir anom, serta pirang-pirang noehoen ka pitoeloengna. Para poetra Abdoerrahman pada poewas, rèhna Abdoelkarim gus dirantè, serta moedji kapinterannana Radja anom, gantjang mendak akal, pamoeka rasijah bangsat, serta djung kaadilannana. Para poetra njoendoel piatoer ka ramana, pokna: Èta, rama, noe doewa pasang lèlèpèn, pangbakti Abdoelkarim ka Radja anom tèja, koemaha ladjeng ditjandak atawa dipaparinkun dui? Wangsoel ramana: Hantu toeloej ditjandak, djung hantu dipaparinkun dui ka Abdoelkarim. Èta lèlèpèn ditundun

di masigit, disalabarkun, saha noe ngakoe, serta aja saksina, bakal dipaparinkun, sabab bisi bunang maling dui. Tidinja ama toeloj moelang gagantjangan ninggalan ka hetib sepoeh sapoeloeh pasmat, tina tarima ditoeloeng tarèkah serta males kabagurannana. Djung ninggalan pamuli imah baris wakap, harga salawè pasmat, soepaja hetib sepoeh bisa mondokkun sèmah noe tjara ama.

§ 29. Barang datang kadiju ama tjoetjoerak, muntjit sapi, domba kibas, ngatoeranan mènak-mènak, oelama-oelama, soedagar-soedagar. Toedjoeh poè toedjoeh puting hantu urun soekan-soekan, djung oenggal puting ama tjarita lalampahan ama kur lulumpangan tēja serta ditanggap koe mènak-mènak, koe oelama-oelama, koe soedagar-soedagar. Tah, kitoe tjarita ama. Ajuna manèh gus pada ngadèngè. Rasa ama pantes, ama sakiju nja kabungharan, bunang muli koe sakitoe kalaraan, kabalangsakan, katjilakaan. Serta ama hantu pantes, lamoen sapèh, tegesna bèrèhan hantu oeroes, tamplok-batjokun, tina sakitoe bunang hèsèna. Sasat bunang nuluman ti laoet, ngodjajan ti sagara, bunang muli koe pati, bunang nebas koe njawa. Sanadjan ka anak, ama hantu rèk ngamonjah-monjah. Ari maranèh hajang balunghar, nja koedoe tjara ama hèsèna. Para poetra noe tiloe mindel, taja noe ngawalon. Ngan poetra boengsoe, noe ngaran Oemar Sanoesi, noe ngawalon tèh, kiju pokna: Èta sadaja tjarijos ama gus kakoeping koe koering, sareng pertjanten, nja leres timbalan ama, jèn èta kabungharan ama sakiju sasat bunang nuluman ti laoet, ngodjajan ti sagara, bunang muli koe pati, nebas koe njawa, ngoeroep koe oemoer. Koe sabab èta patoet dipikanjaah kana kabungharan ama sakitoe, karena mahal modalna. Ajuna koering hantu rèk njoehoenkun, narima sapaparin baè. Njaouer Abd o e r r a h m a n : Kiju ajuna, baroedak: top iju doewit, saratoes pasmat sèwang, los njaraba ka Mesir, ngadji èlmoe noe mangpaat ka awak, doenja ahèrat, serta diadjar pagawèan, kur nèjangan kahiropen. Walon poetra-poetrana: Soemangga, sedja lumpang ka nagara Mesir. Serta toeloj pasmatna ditarampa, saratoes sèwang.

§ 30. (Lalampahan para poeta, kur mangsa koekempoelan kènèh.) — Bral opatannana arangkat, kaloewar ti nagara Sam, ngadjoejdjoeg ka nagara Mesir, badarat baè, hantu taroempak koeda atawa onta. Sapandjang djalan hantu urun malisoer ramana. Ngan Oemar Sanoesi anoe hantu miloe sasaoeran; ngan ngadangoekun baè lantjuklantjukna ngaroepat ramana. Saoer Sèh Djapar: Naha boga bapa tèh, mana korèt-korèt tuing, hantu tjara dungun-dungun. Sakitoe bungharna, benerna mah oerang taja kakoerang, montong dititah balangsijar dui, sabab satoetoeper oemoer oerang moal béak dipakè dihakan. Wangsoel adina noe doewa: Enja kitoe pisan, oerang mah boga bapa tèh hantu kabeneran. Ari Oemar Sanoesi, kur raka-rakana misaoer kitoe tèh, ngabirigidig bari njojokan tjuli. Sèh Djapar mariksa: Naha manèh, Sanoesi, mana njojokan tjuli djung ngabirigidig? Koemaha hartina noe matak kitoe? Walon Sanoesi: Kiju, kakang-kakang, noe matak koering njojokan tjuli bari ngabirigidig. Hantu tahan ngoeping kakang pada sasaoeran kitoe, ngoepat ka ama. Lahir kakang-kakang hantu kabeneran boga bapa tèh; éta kakoeping koe koering, saroeua djung disamber-gelap baè. Rasa koering ama noe pantes ngalahir kitoe tèh ka oerang, lain oerang njeboet kitoe ka ama. Sèh Djapar ngambek, pokna: Sanoesi, manèh ari kitoe mah, hantu soeroep djung kami, luwih hadè papisah baè. Sèh Noeroedin, Sèh Abdoelkarim ngarempagan ka saoer tjikal, pokna: Leres, éta mah saoerang, si Sanoesi, oerang pisahkun baè; kun koemaha karepna. Sato ogè tara tjampoer koentoel djung gagak. Sèh Djapar ngitjupan ka doeloer-doeloerna, nitah ngareboet pasmat. Toeloj Noeroedin ngarontok, ngareboet pasmat. Abdoelkarim nêwak lungunna, pasmat gus kareboet. Omong Sèh Djapar: Los kamana karep sija, Oemar Sanoesi. Sija ogè kodjor, moal baranglebok, gus tu boga doewit. Wangsoel Oemar Sanoesi: Noe ngatoer redjeki, aja Pangéran; pakakas, poesaka ti bapa, aja kènèh, soekoe djung lungun, mata djung tjuli. Omongna kitoe Oemar Sanoesi,

bari toeloj lumpang, misah djung doeloer-doeloerna serta lèngoh pisan.

§ 31. (Lalampahan sadoeloer tiloe.) — Bral tiloean, hidji Sèh Djapar, kadoewa Sèh Noeroedin, katiloe Abdoelkarim, lalumpang. Demi datang ka tanah Mesir, amprok djung djelema ngalut-ngalut, marawa boentelan, aja korma, aja roti djung roepa kadaharan. Ditanja koe Sèh Djapar: Hè ki sanak, rèk arangkat kamana ngalut-ngalut? Wangsoelan noe ditanja: Kaditoe, goegoeroe èlmoe; aja hidji Sèh, mashoer pisan, taja kapètollannana. Rèk diadjar naon baè atawa rèk neda naon baè, hajang djampè naon baè, hajang bunghar, hajang gagah, tinekan baè. Sèh Djapar atohun pisan, munang bèdja kitoe tèh, ngomong ka adi-adina: Hè adi-adi, oerang pangindit ti imah ogè nja rèk nèjangan èlmoe; ajuna manggih bèdja aja noe sakitoe ahèngna. Hajoe oerang miloe baè. Rempag djung doeloer-doeloerna, bral mariloe djung noe pada rèk goegoeroe tèja; demi datang ka lemboer goeroe tèh, kasampak ki goeroe kur diduhusan baè koe moerid-moeridna, noe kur pada goegoeroe djampè. Toeloj ki Sèh Djapar djung sadoeloerna ngoendjoengan, bari pada ngatoeranan doewit, lima poeloeh pasmal sèwang, malar soekana ki goeroe. Piatoerna Sèh Djapar: Iju djasad kawoela katiloe poen adi soemedja ngahadam ka adjengan; hajang goegoeroe èlmoe, gampang hasilna. Lahir Sèh goeroe: Soekoer pisan, ari goegoeroe tèja hajang naon baè. Serta ki goeroe semoe atohun pisan, sabab tanpa doewit rèja. Sadjongdjongan tanpa saratoes lima poeloeh pasmal. Toeloj ki moerid dipernahkun pondok noe hadè, oenggal isoek goegoeroe. Ari ki Djapar goegoeroe patangan djung èlmoe sirep, Sèh Noeroedin goegoeroe djampè oelah turak koe pakarang, Sèh Abdoelkarim goegoeroe asihan djung kinasihana. Gus munang tiloe boelan didinjana, oenggal isoek hantu loewang ngadji, tapi taja saoeorang noe hajang ngadjadjal, ngan ngadji djampèna woengkoel. Sanggus djedjeg tiloe boelan, toeloj lumpang kadjero kota Mesir tiloeannana, tapi papisah, hantu ruru-

djungan, pada rèk ngadjadjal èlmoena bunang goegoe-roe tèja.

§ 32. (Lalampahan tjikal ngaran Sèh Djapar.) — Gus aja didjero kota Mesir, tjitjing ngaboedjang di soedagar bungkar. Toeloej koe ki soedagar dititah digawè, ngabantoean njiun imah; roega-rogo baè, hantu bisa ngoelangkun rimbas-rimbas atjan. Tjèk ki soedagar: Naha manèh, Djapar, hantu bisa ngoelang-ngoelangkun rimbas-rimbas atjan? Naon nja kabisa? Wangsoel ki Djapar: Hantu diadjar digawè kitoe; ari kabisa matangkalan barang noe lungit. Tjatoer ki soedagar: Soekoer, ari bisa matangkalan mah, kadjun hantu bisa digawè ogè. Toeloej ki Djapar urun, hantu digawè. Munang opat lima poè ki soedagar lungitun oewang pèrak doewa kampil, welèh ditèjangan. Soedagar inget jèn ki Djapar bisa matangkalan, toeloej dipriksa, pokna: Ajuna kami lungitun oewang doewa kampil; tjik, gura itoeng saha noe maling. Piatouer ki Djapar: Poè mana lungitna? Tjatoer soedagar: Poè iju pisan. Toloej koe ki Djapar diitoeng poè djung tanggal. Gus diitoeng, Djapar hatoeran: Èta oewang noe doewa karoeng tèh lain dipaling. Dina itoenggannana mah adjengan baè poho nundun; gura tèjangan baè. Tidinja dioengkab dina handapun barang-barang, doemadakan kapanggih. Ti harita ki soedagar pertjaja ka ki Djapar, kitoe dui ki Djapar tambah pertjaja ka èlmoena bunang goegoeroe tèja. Hulut doewa boelan tatanggana sèdjèn lungitun pepetèn, diusi sosotja inten. Manggih bèdja jèn ki Djapar bisa matangkalan. Ki Djapar diala, toeloej ditanja koe ki soedagar noe lulungitun tèh. Pèk koe ki Djapar diitoeng tjara barèto, ditjampoerkun poè djung tanggal. Gus diitoeng, ki Djapar ngomong, pokna: Èta pepetèn tèh dipaling koe awèwè djangkoeng hidung. Toeloej koe ki soedagar diuntup-untupkun; sakoer tatanggana, noe kitoe pandèna, ditanja serta ditereka. Kabèh pada nampik, serta hantu saè toengtoengna. Kaèmpèr-èmpèr ka Radja, toeloej ki Djapar dirangkèt saratoes kali, datang ka kalenger serta biritna ngadjeplok, hantu bisa lumpang-

lumpang atjan, malah soedagar doewannana pada munang siksaan, doemèh ngandel ka noe kitoe.

§ 33. Munang tiloe boelan ki Djapar hantu bisa lumpang. Enggus tjagur ogè, lumpangna mah djingdjjet, tina kabangetan ngarangkèt. Tapi tina kabodoan djelema-djelema, aja kènèh baè noe mertjaja, djung ki Djapar masih kènèh baè pertjaja kana èlmoena. Ajuna ki Djapar rèk ngadjadjal èlmoe sirep, boga nijat maling banda tatanggana. Inditna tengah puting, nangtoeng djoeroe pager imah noe rèk di paling tèja, bari mapatkun djampè njirep. Wantoening waktoena harèès noe rèk dipaling tèh, sabatoerna ngaredeng serta harèès. Ngan aja hidji boedjang, tatjan tibra, kakara doeg ngedeng butung noelis, ngagigirkun lèsnar panoelisan. Doemadikan noe boga imah pohoun ngoentji. Toeloej ki Djapar asoep ka imah, atohun rèhna panto hantu ditoe-lakan, serta oedjoeb atina, jèn matih djampèna, boektina panto hantu dikoentji, djelema harèès galempar. Toeloej ki Djapar njokot papakèan, noe njarampaj oejoep-ajap. Ari èta boedjang, noe butung noelis tèh, negeskun baè ka lampah ki Djapar kitoe, hantu dikagètkun, hajangun njaho toengtoengna djung ngarep-ngarep disampurkun. Tapi gus sadija, njekelan kalam haroepat bari ngedeng kèkèrèkan. Ari ki Djapar, sanggus béak papakèan noe njarampaj, rasa koerang rèja, toeloej njampurkun ka boedjang noe kur ngedeng, njandinkun lèsnar tèja, rèk njokot lèsnar. Barang kek ditjekel lèsnar tèh, matana ditjotjog koe kalam haroepat pandjang. Ki Djapar ngagero bari loempat; kagèt kabèh djelema, noe kur harèès tèh, bari nanja ka boedjang: Aja naon? aja naon? Dibédjaan koe ki boedjang, jèn aja si Djapar maling, tapi taja noe kabawa barangna mah, ditinggalkun kabèh, serta getih oetjrat-atjèrèt, kalam asoep saramo kana mata ki Djapar, malah kalamna burum pinoeh koe getih. Tidinja ki Djapar toeloej kaboer baè, hantu daèkun moelang ka doenoengannana dui, ladjoena toeloej bramaèn baè, djadi kèkèrè serta tampadaksa, nja tjingked, nja pètjak.

§ 34. (Lalampahan ki Noeroedin, doeloer ka-

doewa.) — Ki Noeroedin gus aja didjero kota Mesir, manakawan di mantri. Dipetakun koe mantri tèh, dipiwarang baranggawè, tapi kiju loepoet, kitoe loepoet, taja pisan la-djoena. Ari mantri tèja radjin, tara ngangoerkun djelema. Ki Noeroedin dipiwarang ngapoet mota, kur baris himah, paranti oerang Mesir lulumpangan, tjara imah petana; bunang mantri milih pagawèan panggampangna. Parandènè kitoe ki Noeroedin hantu bisa kènèh baè. Tina djèngkèlna manah mantri tèh, toeloj njandak patjoel koe andjun, lahirna: Tah, iju patjoel; manèh gura matjoel. Toeloj ki Noeroedin matjoel. Tina bodona matjoel ogè hantu bisa. Tu ari balas ngahoeleng rèk urun, da ditoenggoean koe djoeragannana. Nangankun manèh baè tepi ka tengah poè ti isoek; gus kemboeng lungunna tina hantu toeman. Djoeragannana goemoedjeng, ningalikun kabodoan ki Noeroedin, bari ngalahir ka rèntjang-rèntjangna: Tah, baroedak, dulukun koe manèh; kitoe toengtoengna djelema koerang adjar tèh, datang ka wagoè ngoelangkun patjoel. Soemawona digawè noe koedoe makè atoeran, komo hantu bisa. Wates harita ki Noeroedin hantu pati ditoelatènan koe djoeragannana, dimomorèkun baè tina taja pisan gawèna. Ki Noeroedin mikir pilampahun awak, inget ka bunangna diadjar èlmoe tèja. Tidinja boga nijat ngabègal. Kira poekoel salapan ti puting indit ti pondokna, ngadjoegdjoeg ka loewar kota, rèk megat noe ngaliwat. Doemadakan aja soedagar, poelang ti djaoehna, ngiringkun anoe nanggoeng barang-barang, rèk balik kadjero kota. Ki Noeroedin megat tengah djalan bari. mapatkun doa serta njekelan panunggul, bari nanja ka noe ngaliwat tèh, pokna: Anoe timana iju ngaliwat? Diwangsoel koe noe ditanja: Poelang ti ditoe. Noeroedin hantu tata pasini dui, djedak baè nunggul. Wantoning rèja batoerna noe ngaliwat tèh, datang batoerna noeloengan. Noeroedin ditunggul dui kana tarangna. Toeloj loempat, dioedag, mener kana lombang, laboeh, potong soekoena, matana katjolak datang ka pètjak, tatapi hantu koengsi kapanggih koe noe ngoedag tèh. Ari isoek kapanggih koe

paréntah, dirawatan, dibawa ka imah paranti noe gering, ditjamperkun djung sagala noe gering, dioebaran koe doekoen. Ana gus tjagur, ditjamperkun djung sagala kékéré, jadi tampadaksa, nja déjog, nja pétjak.

§ 35. (Lalampahan pangais boengsoe, noe ngaran Abdoelkarim.) — Barang datang ka kota Mesir, ngaboedjang di kamasan. Sanggus munang doewa tiloe poè, diadjak digawè, taja pisan kabisana, ngalamboes ogè hantu ladjoè. Tu ari balas ngahoeleng djung balas nijoepekun, djampè kinasihan téja dibenerkun ka ki kamasan, karepna soepaja ki kamasan asih. Tatapi ki kamasan hantu pisan asih tina moemoelannana, hantu bisa digawè, djadi ki Abdoelkarim, salawasna aja di ki kamasan, hantu pati dimoemoelè. Dina hidji waktos aja poetra papatih istri, tjalik ka imah kamasan, kersana miwarang njiun gulang djung lélépèn. Ari éta ki Abdoelkarim, barang rèt nulu ka poetri, poetra papatih tèh, liwat langkoeng kaédanannana, tapi ambon baè, da poetri tamah taja rasa kitoe kiju. Ki Abdoelkarim hantu pegat-pegat matek djampè-asihannana, ditodjokun ka sang poetri téja. Hantu lila sang poetri moelih ka boemina, ki Abdoelkarim tinggal kaédanan, matek djampè bari njipta goeroe. Ari gus puting kira saruruh boedak, toeloelj lumpang ka pakowon kapatihan, sedja maranan. Barang datang ka latarna, doemadakan taja djelema anoe kemit. Toeloelj ki Abdoelkarim ladjoè ngadukutan ka boemi. Ari nji poetri tèh pareng kur ngaos koer'an, dibedaskun gentrana, wantoe-wantoe gentra istri, sedjak Mesir, lagoena angin-anginan, dilaoenkun, ditarikkun, langkoeng-langkoeng ngunahna ngajatkunnana, noedjoe hoeroep ninggang wirahma. Ki Abdoelkarim ngadèngékun bari soemedot pikirna, rasa manèh kalajanan. Meneran poetri kur narikkun gentrana, Abdoelkarim imoet. Gus kitoe sang poetri urun ngaosna, koer'anna dilingkoepkun; toeloelj ngagèlèhé kana bantal bari poepoedjian, matja tasbèh tahlil tahmid. Kur meneran kiju poedjina: Ja Allah, ja Karim, ja Rahman, ja Rahim. Ari tanpa ki Abdoelkarim poetri tèh njaoer manèhna, Toe-

loej ki Abdoelkarim nembalan, pokna: Noen, iju koe-ring, noe ngaran ki Abdoelkarim tèh, anak Abdoerrahman, sobat ki Abdoerrahim. Kadangoe koe poetri omong ki Abdoelkarim kitoe; poetri ngadengèk bari njaer noe karemit. Tidinja roesoeh di pakoewon kapatihan, ki Abdoelkarim dikepoeng koe djelema rèja. Loempat sakoewat-koewat, katjolak matana datang ka pètjak. Tapi harita tu kapanggih; ari isoekna kapanggih koe paréntah, dirawatan, dibawa ka roemah sakit, dikoempoelkun djung sagala noe gering. Ari gus tjagur, ditjamperkun djung sagala kèkèrè.

§ 36. (Lalampahan sadoeloer tiloe, ajuna gus koempoel.) — Barang gok papanggih tiloeannana, tjurik patoengkoe-toengkoe, sili-tjjoem, pada djingdjjet soekoena ti katoehoe, pètjak matana ti kèntja, omongna: Naha oerang saentoeng tuing, pada djingdjjet, pada pètjak. Ari ajuna koemaha rempoegna? Hadè balik, hadè tjitjing didiju baè, wajahna djadi kèkèrè? Ari wangsoel ki Djapar: Kakang mah tatjan kadoega moelang, èra koe ama; mending didiju baè djadi kèkèrè ogè. — Toenda hula tjarita sadoeloer tiloe; kotjap lalampahan Oemar Sanoesi anoe moersid. Barangna papisah djung doeloer noe tiloe, ngadjoegdjoeg ka hidji oelama, toeloj ngahadam, asoep djero. Ari isoek-isoek ngadji, ari ti burang digawè. Naon baè pagawèan goeroe ditjabak; saperkara itoeng-itoeng diadjar, kadoewa ngalap kasoeka goeroe, soepaja magahan èlmoe, anoe aja mangpaatna. Ari èta goeroe tèh liwat saking radjinna, hantu tjara goeroe-goeroe noe rèja. Demi karadjinnanana getèn toelatèn ka moerid; isoek-isoek ngaweroek ngadji agama, saboebar ngadji disingna digawè roepa-roepa pagawèan. Aja noe dititah njiun imah, aja noe dititah matjoel, aja noe dititah dagang, soepaja mangkè, ari balik ka imahna, hantu wagoë kana digawè, kana njiar kahiroepannana sorangan, oelah datang ka mèntamènta, ngadagangkun doa. Oenggal sorè moeridna diingetan, kiju saoerna: Hè moerid-moerid kabèh, manèh masing inget-inget, jèn gus digadoehan pakakas koe Goesti Allah, soengoe,

iroeng, tjuli, mata, lungun, soekoe. Ari soekoe kur manèh lumpang, lungun kur manèh njokot, soengoet kur manèh ngomong, mata kur manèh ngadulu, tjuli kur manèh ngadèngè, ati kur manèh mikir; metakun anggahota noe genep perkara tèja, soepaja oelah salah larapna. Serta dipaparin bahanna; Goesti Allah ngadamel boemi djung langit, boelan djung pananpoè, burang djung puting, poèk djung tjaang, angin djung lindoek, hoedjan djung terang. Èta kabèh djadi kangunahan ka manoesa. Sadjeroning boemi aja daratan, aja laoetan, aja goenoeng, aja lebak, aja tjadas, aja kusik, djung sadjaba tidinja. Èta kabèh pangbahan Goesti Allah ka manoesa. Sakitoe legana boemi kur manoesa; pepelakan kur hakanun, kur pakèun; tjoekoel pirang-pirang tatangkalan, boeboewahan, kekembangannana, dipetakun nja djadi hakan, nja djadi pakè. Djung pirang-pirang sato kabèh djadi mangpaat ka manoesa; aja noe baris hakanun, aja noe baris gawèkunun, aja noe baris toempakanun, aja noe baris ingoeun, diarah aloesna. Èta kabèh gandjaran Goesti Allah ka manoesa. Djung laoet sakitoe legana, soepaja manoesa gampang lulumpangan ti noe djaoeh ka noe djaoeh, poelang anting, sili-kirim redjeki. Èta kabèh kamoerahaning Allah, noe sipat Rahman. Moenggoeh djelema daèkan serta mikir, ngan kari metakun baè. Tatapi moenggoeh djelema moemoelan mah, taja pèdahna, toengtoengna koerang soekoer ka Pangéran. Tina kamalaratannana djadi soebaha, tawekalna hantu toeloes, hantu inget ka pakakas ti Goesti Allah, hantu koerang. Malah gus dilahirkun koe Nabi, manoesa wadjab kasab, tandana manoesa hantu njaho di papastèn. Ari oentoeng roegina mah, serta bagdja tjilakana, hantu kamilikkun ka manoesa, ngan soepaja oelah taksir baè kasabna.

§ 37. Ari èta Oemar Sanoesi noeroetkun pisan ka piwoeroek goeroe sabenerna, djadi kagaluh katjida koe goeroena. Lili-lila toeloj didjiun wakil serta dibèrè kahiroepan, goeroena njaahun katjida tina katemennanana, bisa sagála gawè. Tidinja ki Oemar Sanoesi pamitan rèk moelang. Kaidinan koe goeroena, toeloj mangkat. Tapi lain rèk moe-

lang ka Sam, nijat nêjangan kènèh pangarti baè, rèk asoep ka kota Mesir, hajangun njaho kaoentoengan dagang, rèk ditimbang djung kaoentoengan tani. Ari di djalan papanggih djung santri, ditanja koe ki Oemar Sanoesi: Rèk lumpang kamana? Santri ngawangsoel, pokna: Rèk goegoeroe èlmoe kalahiran. Ki Oemar Sanoesi ngalelekan nanja, pokna: Naon èlmoe kalahiran tèh? Koemaha petana, naon gawèna? Ki santri ngawangsoel: Ari èlmoe kalahiran tèja roepa-roepa. Kanjaho koela baè, hidji èlmoe kategoehan kabedasan, doewa asihan kinasihan, katiloe èlmoe itoengan patangan, kaopat èlmoe sirep, rèja-rèja dui sadjaba tidinja. Ari gawèna èlmoe kategoehan kabedasan tèh, oepama manggih moesoeh sapoeloeh doewa poeloeh, koewat dilawan koe sorangan. Ari èlmoe kinasihan asihan tèja, rèja-rèja pisan gawèna. Lamoen oerang rèk ngawoela ka radja-radja atawa ka mantri-mantri, dipetakun, tangtoe kamanah baè. Nja kitoe dui, lamoen rèk ngalamar, diwatja èta asihan kinasihan tèh. Ari èlmoe itoengan patangan tèja, lamoen aja lulungitun, kanjahoan anoe maling atawa pernahna anoe lungit tèja, djung bisa njaho pikarepun batoer atawa lampah noe tjatjan kasorang. Ari èlmoe sirep paranti ngahèèskun djelema. Lamoen oerang rèk maling, njampak njaring kènèh, diwatek èta sirep tèh, tangtoe hèès baè. Tah, sakitoe gawèna tèh, djadi oerang taja kasoelah hiroep tèh. Diwangsoel koe ki Oemar Sanoesi: Nja, lamoen kitoe mah, taja kasoelah. Tatapi rasa koela moal djadi; oepama oerang ngawoela ka radja-radja, tatapi taja kabisa, taja katemenan, moal enja kaanggo. Rasa koela mah, taja kadjaba tina bisa digawé, serta temen wekel, djoedjoer pikir, hadé adat. Parandèné kitoe soegan enja baè, satjatoer andika; kawoela miloe goegoeroe. Tapi djangdji oerang tjoba hula, sabab oeroesan lahir gampang ditjobana, tapi njobana koedoe rikip pisan, oelah katangèn, bisi tiwas. Wangsoel ki santri: Ajuna mah koela sedja ngiring baè ka sampéan; koemaha baè tarèkah sampéan, koe koela diiring.

§ 38. Bral doewaan lumpang ngadjoegdjoeg ka kijai, noe

digoeroean koe ki Djapar, ki Noeroedin, ki Abdoelkarim tēja. Ari èta santri tèh teges oerang Mesir, ngaranna ki Rasid. Barang datang, toeloelj ngoendoengan serta hatoeran jèn rèk masantrèn. Ditampa serta dipernahkun pondokna; saban poè diwoeroek djadjampéan. Ari ki Oemar Sanoesi ngan hèran baè noe aja, ngoepingkun djampè sakitoe réjana djung sakitoe ahèngna. Tatapi ngageremet baè hajang njoba, kur néjangan piakalun. Tidinja manggih akal rèk njoba patanganna. Ari kur bongoh ki goeroe, toeloelj dipaling badjoena, disoempoetkun di noe boeni. Ki goeroe koepangkapèng néjangan, welèh, tu kapanggih. Ki Oemar Sanoesi imoet sadjeroning pikirna, di noe soeni ngomong ka batoerna tèh: Gus saperkara koe oerang katjoba jèn bohong; boektina hantu njahoun pernah badjoena, djung djelemana noe njoempoetkun. Wangsoel ki Rasid: Enja, gus kadongdon sautik bohongna. Ki Oemar Sanoesi gus munang bédja, jèn doeloer-doeloerna pada goegoeroe serta pada mèrè doewit lima poeloeh pasmat séwang. Ngomong sadjeroning pikirna: Njaah tuing koe oewang sakitoe réjana, dipakè tu poegoeh baè. Nja tjoetjoed baroeroeng doeloer-doeloer tèh. Luwih hadè ditjokot dui baè; soegan papanggih dui djung doeloer-doeloer, rèk dibikun. Ari kur bongoh, ditjokot dui tina lèsnarna. Manggih doewa ratoes pasmat, tapi hantu ditjokot kabèh, ngan ditjokot saratoes lima poeloeh pasmat, nijat ngala banda-banda doeloerna baè. Hulut tiloe poè tina dipaling, katangèn koe ki goeroe jèn oewangna tina lèsnar lungit, tapi hantu geroeh, tina èraun ngawoeroek èlmoe patangan, ari bandana dipaling, hantu njaho. Ki Oemar Sanoesi imoet baè sadjeroning pikirna, bari ngomong ka batoerna: Tah, gus doewa kali katjobana goeroe patangan tèh. Ajuna hajang njaho kawedoekannana. Katjarita èta goeroe gus maranti pangdijoekannana dina langgar, diamparan koe koelit domba, dilapis-lapis soepaja empoe. Sabot ki goeroe ka imahna, guwat ki Oemar Sanoesi nantjebkun djaroem dina koelit domba pangdijoekan goeroe tēja, ditangtongkun djaroem tèh, nijat ngaboerangan goeroe moertad.

Ki Oemar Sanoesi ngintip di noe soeni; tu lila djeboel ki goeroe ti imah, rèk ka langgar ngawoeroek èlmoe, gus ngadjadjar moerid-moeridna. Barang rèk dijoek dina koelit domba tèja, gero baè, ngadengèk bari ngedjat serta ngoe-tjoer getih. Doemadakan djaroen tèh kuna lebah nonowè pisan, meneran oerat, datang ka digotong ka imah, omongna ka moerid-moeridna: Tjoba, aing lamoen hantu boga èlmoe mah, murun toeloelj misan.

§ 39. Tidinja ki Oemar Sanoesi djung batoerna ngaran ki Rasid, bol minggat bari mawa doewit saratoes lima poeloeh pasmat. Ngadjoegdjoeg ka kota Mesir. Barang datang ka pasar, urun di waroeng, muli kadaharan, ngopi doewaan djung ki Rasid. Sabot kur ngopi, djeboel tiloe djelema, dèjog bari pètjak; oedjoeg-oedjoeg kop baè miloe ngopi hantu tata pasini dui. Oemar Sanoesi hookun ningal djelema kitoe tatana, serta tiloe sapatoet, pada tampadaksa. Ari enggus subuhun baranghakan, toeloelj pada tobotatan, pokna: Ajuna koela koemaha hoekoeman sampéan baè; di kiju-kiju gè, da gus roemasa dosa. Oemar Sanoesi hantu tahan ngoeping tjatoer kèkèrè sakitoe, liwat saking watirunnana. Ngomong sadjeroning pikirna: Iju mawa doewit saratoes lima poeloeh pasmat, banda-banda doeloer, ari djung doeloer tatjan papanggih. Ajuna aja noe sakiju masakatna; luwih hadè koe aing dibikun baè saparo. Gus kitoe toeloelj Oemar Sanoesi ngodok pasmat tina kantong, toedjoeh poeloeh lima pasmat, dibagi rata salawè pasmat séwang, bari kiju pokna: Top, iju koela ngamodalan salawè pasmat séwang. Tjoba djalankun koe andika, pakè djoewal-muli, néjangan kaoentoengan, batina kur hakanun. Tapi sabisa-bisa oelah datang ka lungit djinisna. Pasmata ditampa koe tiloeannana serta atohun katjida, pada maroedji ka Oemar Sanoesi. Ki Djapar ngomong ka Oemar Sanoesi, pokna: Hé toewan, kawoela tarima pisan ka toewan, sareng iju kawoela njanggakun djimat, paparin goeroe; perjoga aja di sampéan. Oemar Sanoesi ngawangsoel bari nampa djimat tèja: Iju djimat tèh naon gawèna? Omong ki Djapar: Ari èta djimat

téh karahajoean sarta kabungharan. Oemar Sanoesi goemoedjeng bari kiju pokna: Iju djimat luwih hadè aja di andika, soepaja éta oewang noe salawè pasmat téh sadjero saboelan koedoe bisa djadi salaksa pasmat. Ki Djapar ngahoeleng ditèmbal sakitoe téh, hatoeran dui ka Oemar Sanoesi: Èta mah djimat sedja kasanggakun baè ka sampéan tina pamoelang tarima kawoela; moegi sampéan tambah bunghar. Wangsoel Oemar Sanoesi: Ari panarima andika, kawoela tarima pisan, tapi hantu kadoega ngampihan éta djimat, karana sijun tjara andika datang ka djadi kèkèrè. Iju djimat téh kahartina koe kaola mah, lain matak bunghar, anggoer matak djadi kèkèrè. Gus boektina andika; njoehoen-njoehoen djimat, toengtoengna djadi kèkèrè. Toeloj djimat téh koe Oemar Sanoesi dipitjun ka djarian.

§ 40. Tidinja Oemar Sanoesi toeloj néjangan pidoe-noenganun; asoep ka hidji soedagar bunghar, ditampa sarta dimoemoelè, tina kataksir pitemen-wekelunnana. Buki lila tambah dipertjaja djung tambah dipikanjaah tina katemennana. Sagala gawè taja ngahoelengna, ladjoe-ladjoe kabèh; noe tatjan bisa diadjar, datang ka bisana. Toeloj dimodalan koe soedagar lima ratoes pasmat, dititah dagang. Toeloj ki Oemar Sanoesi dagang. Tina kapinterannana oentoeng dagangna sadjero doewa taoen bisa nikel, boga bati bersihna sarèboe pasmat. Modalna kapoelangkun, sarta ngahatoeranan batina ka ki soedagar. Tina kanjaahannana ki soedagar djung tina pertjajana datang ka dipoeloeng minantoe. Sanggus dikawinkun, toeloj amit misah lemboer, ngababakan diloewar dajuh, muli tarikolot, noe lega kènèh sampalannana. Toeloj ngoméan lemboerna, dipelakan sagala pepelakan noe aja asilna, sampalannana dikebonan datang ka mèh béak oewangna, dipakè balandja ngebon, dipakè ngaboeroehkun matjoel djung muli bibit-bibitan. Ari dina moesimna diala toeloj dipoepoe, digoedangan, nepi ka moesimna mahal didjoewal. Dina sataoen batina luwih oentoeng; saban-saban taoen tambah-tambah baè batina. Toeloj mibit sato-sato: onta, sapi, koeda, domba; ngingoe doekoen noe poerah

ngoebaran sato-sato. Tina kapinterannana taja pisan gagalna, sagala tarèkah djadi baè. Sadjero toedjoeh taoen gus bung-har katjida, malah mitohana gus kahandapan pisan. Boga imah gedong djung pirang-pirang goedangna: aja goedang oewang, goedang barang-barang; muli kapal doewa tiloe, disèwakun, kaoentoengan ngèntja ngatoehoe. Mitohana remen ngandjang serta moedji ka minantoena; minantoe nja kitoe dui, banget ngahoermatna ka mitohana, tina toemarima pangbungharna sakitoe tina toeloengan mitoha, tina tarèkah mitoha. Tambah taoen tambah santosa; ratoesan batoerna, poelohan mandor-padagangna djung mandor pepelakan. Mashoer di nagri Mesir djadi soedagar pangbungharna, malah remen ditjalikan Radja, serta diadjènan koe sanagara tina kabungharannana djung tina kabagurannana.

§ 41. Toenda hula ki Oemar Sanoesi, noe gus djadi soedagar moelja; kotjapkun dui sadoeloer tiloe. — Barang nampi pamèrè, doewit noe salawè pasmat sèwang tèja ti Oemar Sanoesi, aratohun katjida. Tapi hantu njahoun jèn noe mèrè tèh doeloerna. Sanggus tampa èta doewit, hantu dipakè modal, toeloelj diparakè baè saban-saban poè ètjrak-ètjranken djung doeloer-doeloerna, sakali dadaharan kaloewar sapasmat sèwang, djung dipakè muli papakèan. Sadjero sapoeloeh poè gus mènta-mènta dui, oedar-ider ka oenggal pakoewon, buki roeksak baè awakna, nja hidung, nja koeroe, papakèannana roebal-robèt. Ki Djapar ngomong ka doeloer-doeloerna, pokna: Hè doeloer-doeloer, ajuna oerang gus lawas katjida nja ninggalkun indoeng bapa, toer oerang taja boeboewatan, ngan kiju baè. Ari ajuna, èra-èra gè koe bapa dikoemahakun, hajoe oerang balik baè. Ki Abdoel Karim ngawangsoel: Rempoeg pisan; hajoe oerang baralik. Tapi koemaha petana? Hantu boga kur bekel di djalan, taja pèntaanun, didiju. Wantoe-wantoe di djero nagara rèja pèntaanun; dina loepoetna pisan taja noe mèrè, da aja boeboer tjadong paparin nagara. Ngomong ki Noeroedin: Bèdjana aja djelema moerah balabah pisan serta bunghar, boemina di babakan loewar kota. Hajoe oerang kadarinja, oerang

neda moesapir; soegan njimpen djakat. Ari oerang koedoe oelat santri, ngoetjel-ngoetjel tasbèh. Èta pirempoeg ki Noeroedin sakitoe rempoeg pisan djung sakabèh, toeloej pada lumpang ka loewar kota bari ngoetjel-ngoetjel tasbèh. Kabenaran Sèh Oemar Sanoesi kur ngaronda kebon, diiringiring koe boedak bulian djung koe mandor-mandor-kebonna.

§ 42. Barang rèt Sèh Oemar Sanoesi, ningali ka kèkèrè tiloean, pada djingdjjet, pada pètjak. Èling bahula ngalèlèr pasmat salawè sèwang ka tiloean, digoepajan digoe-pajan, datang ka ngaroendjoengan bari hantu porot tasbèh. Sèh Oemar Sanoesi diloehoer. bangkoe, kèkèrè pada dijoek dihandap, diamparan samak daoen korma. Oemar Sanoesi njaoer: Hantu inget ka kawoela? Kèkèrè pada ngawalon: Soemoehoen, hantu inget. Oemar Sanoesi: Apan bahula koela mèrè doewit salawè pasmat sèwang. Kèkèrè tiloe ingetun, toeloej ngaroendjoengan dui bari tjarurik, pokna: Soekoer dipanggihkun dui, serta matih doa djasad kawoela. Ajuna sampéan jaktos djadi tambah bunghar. Oemar Sanoesi goemoedjeng, ngadangoe piatoerna èta kèkèrè, bisa ngadoakun ka batoer djadi bunghar, ari manèhna tetep malarat, tanda kabodoannana, dimodalan ogè, hantu bisa djadi, anggoer tambah malaratna. Oemar Sanoesi njaoer: Koemaha barèto dimodalan salawè pasmat sèwang tèh, aja djadjadina atawa hantu? Kèkèrè tiloe pada ngawangsoelan: Soemoehoen, hentu aja djadina, kadjedjek koe hakan. Oemar Sanoesi njaoer: Djadi hantu matih doa tèh, boektina hantu bisa mahi. Kèkèrè tiloe ngawalon: Ari doa tèmah nja matih ogè, sabab lamoen hantu garadoeh doa, murun gès pada paèh langlajusun. Oemar Sanoesi goemoedjeng, lahirna: Paguh katjida kana djampè tèh; sakitoe gus boekti hantu matih, dièstokun baè. Sadoeloer tiloe taroengkoel, roemasa èlèh bener koe Sèh soedagar. Gus kitoe ki Djapar hatoeran bari melas-melis, pokna: Ja toewan, moegi-moegi adjengan kersa ngadangoekun tjarijos koering. Panginten koering aja ogè kawelasan adjengan ka diri koering. Oemar Sanoesi mindel, ngadangoe piatoer sakitoe,

ladjeng njaoer: Soeka koela ngadèngè tjarita. Gura pok andika tjarita; soegan aja noe ahèng-ahèng. Ki Djapar tjarita: Asalna imah koering di nagara Sam. Baba koering soedagar bunghar, mèh tjara adjengan, djenengannana toewan Sèh Abdoerrahman; ari poetrana opat, lalaki kabèh. Tjikalna koering, ngaran Djapar, kadoewa Noeroedin, katiloe Abdoelkarim, kaopat Oemar Sanoesi. Tidinja kabèh pada mijang ti nagara Sam, dipiwarang koe poen bapa ka nagara Mesir, nèjangan èlmoe noe ahèng, dibekelan doewit saratoes pasmat sèwang. Ari di djalan koering papisah djung hidji doeloer boengsoena, ngaran Oemar Sanoesi, tina pasaliya pikir. Ari koering djung iju poen adiadadi noe tiloe goegoeroe ka hidji goeroe noe ahèng, ngadji èlmoe itoengan patangan, kawedoekan, kabledasan, asihan kinasihan djung panjirep. Ana dipetakun koe koering sareng koe poen adiadadi, taja anoe kataèkan; kabèh hantu matih, sareng kabèh pada munang tjilaka, pètjak djeng dèjog.

§ 43. Oemar Sanoesi kakara terangun harita, jèn èta sadèrèk-sadèrèkna, tatapi mindel baè, hantu nerangkun andjun jèn sadèrèkna. Ngan langkoeng-langkoeng welasunnana, ningali sadèrèk-sadèrèk datang ka sakitoe roeksakna, djalan tina ngadji èlmoe salah, èlmoe mabal. Gus kitoe njaoer: Hè pakir, ajuna oerang moelang baè ka lemboer; oerang barangdahar. Tidinja toeloelj Oemar Sanoesi moelih ka boemi ti kebon, bari njandak kèkèrè tiloe tèja. Demi soemping ka lemboerna, gus njondong sadija dahar, rèja lalawoehna, wantoe gus maranti saban poè muntjit embè. Toeloelj dahar ngarijoeng djung tiloe kèkèrè, dilalajanan koe djalma bunang muli baè serta haradè pakèna, ngoengkoelan sèmah, anoe dilalajanan tèja. Ari tjaralikna noe dalahar tèh dina pramèdani dasar boeloedroe; kaolahannana rèja serta ngarunah. Ki kèkèrè tiloe liwat saking ponjona; gus doewa poè tu manggih sangoe, ari manggih kadaharan sakitoe ngarunahna, empah-empih baè. Guruha Sèh Oemar Sanoesi sareng koering-koeringna hookun baè, ningali Sèh Oemar Sanoesi kersa ngarijoeng dahar djung kèkèrè sakitoe hi-

nana. Ari enggus dahar, Sèh Oemar Sanoesi njandak panganggo noe araloes tiloe pangadeg, tjalana, sorban, kopèjah, kahmis, djoebah, djung njandak oewang saratoes lima poeloeh pasmat, hug dipaparinkun ka kèkèrè tiloe, bari kiju saorna: Hè Sèh Djapar, iju panganggo loemajan sapa-ngadeg séwang, djung oewang lima poeloeh pasmat séwang, kur pisangoeun maroelang ka nagara Sam. Djung hatoerkun salam talim koela ka toewang rama, Sèh Abdoerrahman, serta iju kikintoen panganggo, doewa pangadeg, hatoer loemajan, sedja sidekah, rudjung iju oewang saratoes pasmat, sedja majar hoetang ka toewang rama. Lamoen digasab, tangtoe andika kabèh lolong sarta merem pèngkor. Djapar, Noeroedin, Abdoelkarim pada nampanan paparin sarta titipan tèja, bari hatoeran: Paparin sampéan kasoehoen pisan, serta poedji alhamdoelillah, nanging sedja toemarus lahiran sampéan éta noe saratoes pasmat majar hoetang ka poen bapa. Koemaha sababna éta koering tatjan terang. Dimana adjengan papanggih sareng ngandjoek ka poen bapa? Oemar Sanoesi: Barèto koela dagang ka nagri Sam; pareng boetoe doewit, namboet ka toewang rama. Walon Sèh Djapar: Insa Allah didongkapkun ka poen bapa! Toe-loej Sèh Djapar djung doeloer-doeloerna ngoendjoengan ka Oemar Sanoesi; gus kitoe bral mangkat.

§ 44. Katjarita Oemar Sanoesi ditaros koè garwana: Koemaha noe matak adjengan ngarijoeng dahar djung kèkèrè sakitoe hinana? Koering neda dipopojanan sadjatina? Oemar Sanoesi ngawalon: Hè pamadjikan, éta tèh, lamoen manèh hantu njaho, doeloer-doeloer kami. Asalna indit bareng ti nagara Sam, dipiwarang koe ama pada goegoeroe ka nagara Mesir, ngadji èlmoe noe mangpaat. Ari satengah djalan papisah djung kami, tina pasalija pikir. Ari éta doeloer noe tiloe pada ngaroepat migorèng ka ama, njeboetkun boga bapa hantu kabeneran. Ari kami njojokan tjuli, ngadèngè doeloer-doelor ngaromong kitoe. Tidinja kami ditoendoeng serta direboet bekel, noe saratoes pasmat tèja. Harita mimiti papisah, ari papanggih dui, manèhna gus kitoe, parè-

tjak darèjog, doraka ti bapa djung ti Pangéran, sabab ngadji èlmoe njasab. Èta bunang didjiun toeladan koe saha noe hajang salamet; karana kitoe tèh matak ngadukutkun balahi, ngadjaoehkun redjeki. Koe kangdjeng Rasoeloe'llah banget dilarang, dilahirkan saha-saha noe ngadji èlmoe koehanah, hantu ditarima salatna. Ari èlmoe koehanah tèja, nja tjara patangan-patangan atawa noe soemakti. Tètèla jèn èta satroening badan, boektina matak pètjak djung matak dèjog. Guruha Sèh Oemar Sanoesi djung abdi-abdina pada kagèt sarta ngenes ngoepingkun Sèh Oemar Sanoesi tjtjairita, tina hantu njanaun èta sadèrèkna.

§ 45. Kotjap lalampahan pakir tiloe gus datang ka nagara Sam. Barang datang ka nagara Sam, njampak ramana kur tjalik dina bangkoe, diduhsan koe para soedagar, noe pada dimodalan koe andjunna. Barang rèt ningali ka pakir tiloe, mariksa, lahirna: Manèh, kèkèrè, timana, tiloe sapatoeit dèjog djung pètjak? Pakir tiloe ngawangsoel: Hè rama, tangtoe adjengan pangling ka koering, sabab koering gus kiju nja patoet, hantu saroeua djung batoer. Ari koering tèh poetra adjengan; koering poen Djapar, iju poen adi Noeroedin, iju poen Abdoelkarim. Sèh Abdoer-rahman nangis ningali poetra-poetra sakitoe roeksakna, toeloej ngalahir: Hè Djapar, naha manèh datang ka sakitoe roeksakna? Mana ari Oemar Sanoesi? Djapar ngawalon: Papisah ti djalan kènèh, hantu miloe ka Mesir. Ajuna doeka hiroep, doeka maot; tu papanggih dui sareng tu munang bèdja-bèdja atjan. Sèh Abdoer-rahman katjida prihatinna, ningali poetra-poetra sakitoe roeksakna djung badana. Dipariksa bab èlmoe, kiju loepoet, kitoe loepoet, ngan èlmoe noe njasab baè bisa tèh, patangan djung panjirep. Toeloej ki Djapar njanggakun kikintoen soedagar Mesir tèja, sipat panganggo djung doewit pamajar hoetang tèja. Abdoer-rahman ngahoeleng, ngèling-ngèlingkun ka oerang Mesir, welèh, hantu èling.

§ 46. Para soedagar, anoe ngaduhus ka Sèh Abdoer-rahman, pada naros, pokna: Koemaha petana adjengan

mana kagoengan poetra tiloe, sapatot, pada tampadaksa? Koering hantu ngartos. Abdoerrahman ngawangsoel: Asalna koela boga anak opat lalaki, kabèh dititah masantrèn ka Mesir, goegoeroe èlmoe noe mangpaat. Tatapi iju tiloe anak hantu noeroetkun ka papatah kolot, goegoeroe èlmoe noe dilarang koe Nabi, nja èta noè diseboet èlmoe koehanah. Pangandika Nabi: Manèh oelah ngaduhus ka djelema ahli-koehanah. Djung aja dui pangandika Nabi: Saha-saha datang ngaduhus ka ahli-patangan, nanjakun kadinja sahidji masalah, tangtoe hantu ditarima salatna sadjero opat poeloeh puting. Èta gus terang pisan jèn ditjegah koe Nabi, serta gus rèja boektina matak tjilaka atawa nganggangkun redjeki. Parandènè manoesa tèh pada resep baè, malah rèja noe dadakoe pangandika Nabi, soepaja dibantoean resep. Soedagar ngawalon: Leres timbalan toewan, jèn èta èlmoe koehanah nganggangkun redjeki. Gus boekti kalampahkun koe koering pisan, awitna koering resep pisan kana èlmoe kitoe tèh. Hidji mangsa koering kur aja di imah, djeboel aja noe bèbèdja jèn aja noe datang anjar, soedagar ti nagara Mesir, mawa soetra-soetra djung sakelat, hargana maroerah. Tidinja koering rèk indit nèjang èta dagangan; ari ditèjang dina kitab koering patangan, hantu hadè lumpang poè harita, sabab nahas. Ari tatangga koering hantu ngadji patangan, toeloèj lumpang nèjang dagangan. Bener sabèdja jèn èta noe dagang moerah, dibuli baè kabèh koe tatangga koering. Sadjero tiloe poè tatangga koering munang oentoeng doewa rèboe ringgit. Koering langkoeng-langkoeng kabita serta gadoh rasa, jèn èta èlmoe patangan tèh ngarogikun katjida, karana lamoen koering hantu kandeg koe patangan, murun koering noe munang oentoeng sakitoe tèh. Wangsoel Abdoerrahman: Bener nja kitoe pisan; tètèla jèn èlmoe matak roegi.

§ 47. Tidinja toeloèj boebaran; para soedagar, noe ngadaruhus tèh, gus maroelih. Ari Djapar, Noeroedin, Abdoelkarim gus dipernahkun dina hidji gedong, aja doewa-welas kamar, djung dibahanan boedak doewa sèwang,

noe poerah ngalalajanan barangtedana, dimoemoelè tjara sakitan baè. Sèh Abdoerrahman banget soesahna, ningali poetra-poetrana karitoe, ngan aja pangadjeng-ngadjeng manahna soegan Oemar Sanoesi aja kadjadiannana, manggih goeroe anoe bener pangwoeroekna, serta aja ogè tak-siran Oemar Sanoesi hadè boedina. Hantu pisan lali, ngamanahan ka Oemar Sanoesi. — Toenda hula Abdoerrahman noe kur prihatin. Kotjap Sèh Oemar Sanoesi soedagar gedè gus langkoeng-langkoeng moektina, mèh mapakan radja kabungharannana, tatapi sanadjan soeka soegih burat bunghar, hantu lali-lali ka rama mah. Njaer ka guruhan: Njai, ajuna kakang rèk ngaduhus ka ama ka iboe, di nagara Sam; njai gura dangdan-dangdan. Walon guruhan; Soemangga, sedja ngiringan pisan. Gus kitoe Sèh Oemar Sanoesi miwarang abdi-abdina dangdan-dangdan, njandak saratoes onta, dimoewatan roepa-roepa doenja-brana, aja panganggo, aja kadaharan, aja paparabotan, soepaja djadi pangboeboengah ka rama ka iboe. Sanggus tarapti, bral djengkar, pirang-pirang iringannana, koemaha tjara iringan radja-radja.

§ 48. Katjatoerkun gus dongkap ka loewar kota Sam, urun masanggrahan, pirang-pirang himah mota, makoewon tjara pasang semoe nagara. Gus kamashoerkun kadjero kota, jèn aja soedagar gedè ti nagara Mesir, masanggrahan diloe-war kota, sajaga koemaha tjara pasanggrahan radja-radja. Tina mashaerna rèja soedagar-soedagar pada manggihan. Gus munang saputing didinjana Sèh Oemar Sanoesi miwarang muntjit sapi domba, djung miwarang tjatjawis tata-tata korsi mèdja, koemaha tjara tata ratoe-ratoe. Gus kitoe toeloej njerat, kiju oengeln: Salam talim serta takrim kawoela, soedagar gedè ti nagara Mesir, rudjung pitoeloenging Allah didongkapkun kapajoenan anoe moelja, nja èta toewan Sèh Abdoerrahman, anoe tjalik serta kasenangan di nagara Sam. Djasad kawoela ngantos-ngantos sanget, sam-péan sarawoeh poetra garwa tjarialik ka pondok djasad kawoela diloewar kota, oerang dahar ngunah. Ladjeng serat

dilèlèrkun ka pandakawan, lahirna: Iju soerat bawa ka toewan Sèh Abdoerrahman, soedagar poendjoel di nagara iju. Toeloj soerat dibawa. Tina kamashoerannana Sèh Abdoerrahman, hantu hèsè nèjangan, gus kapanggih, serta ladjeng disanggakun. Sèh Abdoerrahman ngarandjoeg, enja ogè hantu aja pangintenna jèn èta Oemar Sanoesi, tapi raosing manah soemeblak baè, gus aja alamatna kedjoting manah. Tidinja dangdan ladjeng mangkat sapoetra garwana, hantu lila saroemping ka pasanggrahan. Sèh Oemar Sanoesi mapagkun bari njijoem panangan, hormat tjara tata ka sepoe. Sèh Djapar, Noeroedin, Abdoelkarim pada tjurik, inget kur mangsana di Mesir, serta hatoe ran ka ramana, pokna: Nja iju, ama, soedagar noe ngintoen tèh. Ramana ngahoeleng.

§ 49. Tidinja Sèh Oemar Sanoesi ngatoeranan ramana serta sadèrèk-sadèrèkna, njalikkun dina korsi. Ladjeng pada tjaralik dina korsi, majoenan mèdja. Hantu lila djeboel djaga-mèdja, ngatoer dahar, ladjeng sami dahar, ngepoeng mèdja, ari iboena ngarèndèng djung guruhana Sèh Oemar Sanoesi. Langkoeng-langkoeng sami soeka, ngan Sèh Abdoerrahman hantu urun-urun hèran, ngamanahan kasaèan Sèh soedagar. Njaoer sadjeroning manahna: Naha iju aja djelema sakiju hadèna djung sakiju hormatna, koemaha tjara adat mantri ka Radja baè. Tangtoe aja sababna noe matak kitoe. Sanggus dahar Sèh Abdoerrahman pamitan moelih; disoemanggakun, nanging didjangdjian saban sorè koedoe tjaralik dui. Ladjeng Sèh Abdoerrahman sapoetra garwana maroelih. Saban sorè tjaralik dui, asar-asar saroemping, ari sabada toewang sorè maroelih; kitoe baè saban-saban puting. Munang toedjoeh poè toedjoeh puting, kadalapanna sidekah gedè. Sèh Oemar Sanoesi miwarang muntjit toedjoeh sapi, sapoeloeh gibas djung warna-warna kadaharan luluutan djung noe ngarunah diajakun kabèh. Gus kitoe miwarang ngondang soedagar-soedagar djung ngatoeranan iboe-ramana djung sadèrèkna kabèh. Hantu lila saroemping Sèh Abdoerrahman sapoetra-garwana rawoeh

soedagar-soedagar noe rèja. Gus kitoe miwarang dui mawa bakti, roepa-roepa panganggo noe araloes djung emas inten ka Radja Sam, serta ngoeninga sarèhna rèk koempoelan toewang, njoehoenkun idin njungut marijem djung nabuh sagala tatabuhan. Radja Sam soeka njandak pangabakti, ngidinan serta miwarang papatih minangka djadi wakil Radja, tjalik ka pasanggrahannana soedagar Mesir.

§ 50. Langkoeng-langkoeng soeka manahna Sèh Oemar Sanoesi, sarèhna ditjalikan papatih, serta njandak rèja mantri ponggawa, kabèh oerang Sam pada hèranun ningali sadijana paparabotan. Barang rup sarupna, dipasang damar, pirang-pirang rèboe rèjana, tjaang kawas ti burang baè. Sabada isa djaga-mèdja natakun kadaharan dina mèdja; ngalingkoeng para mantri, para soedagar, para oelama, ngepoeng mèdja ladjeng dahar, tatapi marijem tatjan disungut, tatabuhan tatjan ditabuh. Sabada toewang Sèh Oemar Sanoesi njaocer bari ngarèrèt ngiwa nengen ka mènak, ka para soedagar, kiju saोजना: Hè para mènak, para soedagar, para oelama sadaja, kawoela gus doewa poeloeh taoen lilana nja kaloewar ti nagara iju, ngoembara ka nagara Mesir, didjero doewa poeloeh taoen kakara ngunah neda. Sadaja noe aja didinja kagèt, ngadangoe saor soedagar tamoe sakitoe. Patih ngalelekan mariksa: Ari sampéan timana nja asal? Oemar Sanoesi ngawalon serta ngadeg, lahirna: Iju bapa djasad kawoela, Sèh Abdoerrahman. Ladjeng sili-peloek tjara adat oerang Arab, sosoan iboe-ramana. Sadèrèkna kabèh pada narangis tina kasoekaannana; sadaja noe pada tjalik didinja, miloe narangis, malah papatihna tjoemalimbam tina ketir ningal serta ngadangoe sasambatna Sèh Abdoerrahman djung Oemar Sanoesi.

§ 51. Sanggus sili-peloek, Sèh Abdoerrahman Sèh Oemar Sanoesi tjaralik dui dina korsi, sareng toeloelj tjatjarita, pandjang tètèla pisan tina awit indit ti Sam dongkap ka djadi soedagar gedè di Mesir. Dina lebah njarijoskun goeroe èlmoe sibir tèja, kabèh pada garemoe djeng sakoer anoe ngadangoe, ngan Sèh Djapar, Sèh Noeroedin,

Sèh Abdoelkarim, èta tiloean narangis. Dipariksa koe patih: Hè Sèh Djapar, naon sababna ari anoe rèja kabèh pada goemoedjeng, ari andika tiloean tjarurik? Kawoela hajang njaho sababna. Sèh Djapar ngawalon: Noe matak djasad kawoela tiloean pada tjurik, moegi sampéan oeninga, iju noe matak djasad kawoela tiloean parètjak djung darèjog, nja èta tina ngalampahkun piwoeroek goeroe noe ditjarijoskun tjikènèh koe èta poen adi, toewan soedagar Oemar Sanoesi. Djasad kawoela hentu bisa ngiring goemoedjeng. Patih Sam miwarang njarita ti awal nepi ka ahir, toeloej Djapar njarita; Djapar tamat, diganti koe Noeroedin; gus kitoe Abdoelkarim, ti awit indit ti Sam nepi ka munang tjilaka, dèjog djung pètjak. Sadaja noe aja didinja pada ngaregepkun; dina lebah matak suri, sadaja goemoedjeng, dina lebah matak watir, sadaja semoe watir. Barang gus tamat noe tiloean tjarita, patih Sam njaoer: Iju tjarita hadè didjiun babad kur toeladan kagorèngan èlmoe soemakti tèh kitoe kadjadiannana, matak dèjog, matak pètjak, djung èlmoe noe bener lakoe, noe loeloes, matak djadi rahajoe, serta moelja tjara iju toewan Sèh Oemar Sanoesi, soedagar gedè, datang ka sakiju moeljana. Sanggus tamat noe tjarita, marijem disungut, tatabuhan ditarabuh, sarta Oemar Sanoesi njandak oewang pérak, ngabagi ka sakoer noe tjalik dina korsi djung ngawoerkun oewang pérak lalutik ka latar, nandakun soeka-boengah, minangka malem lebaran kaloewar tina prihatin. Gus kitoe ladjeng boebar, pada moelih. Munang saboelan Oemar Sanoesi natamoena diloewar kota Sam, oenggal puting soekan-soekan djung koelawargana sadaja. Gus djedjeg saboelan, ladjeng moelih dui ka Mesir, sarta nangtoekun saban taoen ngintoen ka ramana roepa panganggo djung kadaharan sapoeloeh onta, minangka djadi pangmoemoelè ka iboe ka rama, djadi Oemar Sanoesi loeloes pangmoektina. Djapar, Noeroedin, Abdoelkarim ngan sakitoe kadjadjadiannana, tinggal salawasna diingonan koe sepoeh.

Tamat.

SANTRI GAGAL.

§ 1. Aja doewa boedak laki, bareng masantrèn sarta pada doeloer misan; noe hidji ngaranna ki Djahidin, noe hidji dui ngaran ki Abidin. Ari éta noe ngaran ki Djahidin rada moemoelan digawè, karesepna ngan matja djampè baè. Boga paririmbun, warna-warna pisan usina; aja doa hali-moenan, aja doa kadjajaan, aja doa kabungharan, aja doa kamahian, aja doa katanian, aja doa kinasihan. Oenggal poè, oenggal puting ki Djahidin taja dui kalakoeannana ngan ngapalkun djampè baè, datang ka apal kabèh. Isoek-isoek bada soeboeh diwatja éta djampè, datang ka meletèk srengèngè; ari enggus tamat matjana djampè, toeloelj bermaèn atawa hèès. Kitoe djung kitoe baè oenggal poè. Ari ki Abidin mah lain kitoe. Demi isoek-isoek bada soeboeh, toeloelj matjoel di kebon manèhna atawa mangmatjoelkun kebon kijaina. Saenggus matjoel, disaoer koe guruha kijaina, dilèlèr barangteda. Ti puting ki Abidin, sabada salat isa, hantu nganggoer; samèmèh hèès digawè hula: nganjam samak atawa ræraoetan, atawa noelis koer'an djoewalun. Kitoe baè kalakoeannana. Dina oesoem panèn ki Abidin rèja ngam-

pihkunnana parè, bunang gatjong atawa tina bunangna njawah sorangan, djung bisa ngampihkun doewit sautik-utikun, ladang pepelakannana katjang, djagong, hoewi djung talus. Ari ki Djahidin mah hantu kitoe: bunangna djadjaloek ngan mahi saharitaun baè; papakèannana hantu boga rangkepan.

§ 2. Dina hidji mangsa ukur ki Djahidin matja djampè, ditanja koe ki Abidin, pokna: Kakang, koemaha manah kakang? Ti burang, ti puting taja kalakoean noe pihasilun, ngan matja doa tu poegoeh baè, lain digawè noe pimangpaatun ka diri. Wangsoelna ki Djahidin: Ari silaing njeboet doa hantu poegoeh; gura iju dèngèkun koe manèh toedoehna doa hidji-hidjina. Ari iju doa halimoenan; gawèna, lamoenna diwatja, matak tara kadulu koe djelema. Ari doa kadjajaan matak djaja, hantu apes, diadjènan koe djelema. Ari doa kabungharan, lamoen diwatja, matak tèrèh bunghar, hantu hèsè njijar doewit. Ari doa kamahian, lamoen diwatja, matak tjoekoep koe sautik; oepama béas sautik, subuh dihakan koe tiloean atawa luwih. Ari doa katanian, lamoen diapalkun, matak djadi sagala pepelakan. Serta doa kinasihan, lamoen diwatja, rèja djelema noe asih, hajangun mèrè baè. Tah, kitoe èta toedoehna doa hidji-hidji, noe diapalkun koe kakang; naha manèh hantu kabita? Ki Abidin njulukutuk suri bari ngomong kiju: Nja, ngunah katjida, lamoen kitoe mah. Koemaha kakang tèh pertjaja ka èta doa-doa tèh? Ki Djahidin ngawangsoel: Poegoeh pertjaja mah, mana dilampahkun ogè; oenggal isoek diapalkun, nja hajang kataèkan. Ki Abidin ngomong: Ari pertjaja mah, nja gura lampahkun baè; ari koela tèja tu kabita.

§ 3. Ti harita ki Djahidin gorèng atina ka ki Abidin doeloer-misanna, toeloelj baè misah pasantrèn, serta ki Djahidin hantu ganti lampahna, masih kènèh kitoe baè; ngan getol ngapalkun djampè baè, sarta hakan-pakèna ngan woengkoel bunang djadjaloek baè. Demi ki Abidin djadi djelema rapèkan; ngadji bisa, digawè bisa. Toeloelj baè dipoeloeng minantoe koe goeroena, serta disèrènan pasantrèn sarawoeh radjakajana. Tina kagetolannana sarta katemenannana djadi

djelema dagel pisan, taja kakoerang. Djung dui ki Abidin hantu pisan poho ka doeloerna misan, noe ngaran ki Djahidin tēja, tina gus lawas papisah tu munang bédja-bédja atjan. Hidji mangsa ki Abidin lumpang ka nagara, rèk babalandja. Ari di nagara papanggih djung djelema kèkèrè, papakéannana roebag-rabig, badjoe boetoet pinoeh koe tambal, totopongna ngalinting. Njampurkun ka kijai Abidin, ngomong bari hoemaroeroeng, malar dipikaroenja, pokna: Djoeragan, moegi aja piwelas sampéan ka koering, réhna koering gus tiloe poè kakara neda koepat sahidji. Ki Abidin watirun, méré satengah roepijah sarta diadjak tjitjing di manèhna, pokna: Paman miloe baè ka lemboer serta toeloj tjitjing di kawoela; oerang papaharè digawè. Kaduluna paman tèh walagri, taja katjatjad, tanaga murun rosa. Kèkèrè ngawangsoel: Soemangga, sedja ngiringan pisan; koering gus tu bisa neda, ari hantu bunang djadjaloek.

§ 4. Toeloj kèkèrè tèh dibawa moelang koe kijai Abidin. Barang nepi ka pangurusan, kijai Abidin urun, ngijoehan handapun tangkal asem sisi djalan, bari moerak bebekelan. Rorodannana dibikun ka kèkèrè tēja, ngarijoeng dadaharan bareng pananggoeng-pananggoengna kijai. Sanggus kitoe kijai Abidin mariksa ka kèkèrè, lahirna: Paman, kawoela hajang njaho koemaha asalna noe matak djadi kèkèrè, sarèhna kaduluna koe koela, paman tèh djelema walagri pisan. Kèkèrè ngawangsoel: Leres pisan pilahir sampéan, djisim koering walagri. Ajuna koering sedja njaritakun ti awitna; moegi sampéan soeka ngadangoe. Lahir kijai: Soeka pisan; koela hajang ngadèngèkun. (Tjarita kèkèrè.) Asalna koering lumpang masantrèn babarengan djung doeloer misan. Ari di pasantrèn gèsèh kalakoean djung doeloer. Demi doeloer mah getol baranggawè, selang-selang ti ngadji taja ruruhna. Ti burang matjoel atawa djidjiunan, demi ti puting noelis atawa nganjam samak; kitoe baè kalakoeannana. Ari koering mah lain kitoe; ngan getol ngapalkun djampè baè, sarèhna koering gadoeh hidji kitab paririmbun, poesaka ti karoehoen, langkoeng-langkoeng ahèngna. Koering kabita koe toedoehna,

sagala pikarepun gampang. Pikir koering harita, tjonggah ngoengkoelan anoe getol, sabab dina toedoeih éta djampé aja kabèh. Lamoen hajang bisa ngalungit, lamoen hajang bunghar, lamoen hajang kinasihan, gus aja baè. Tapi harita koering patjèngkadan djung poen adi, tina sabab poen adi mah semoe hantu ngandel, njatjampah ka koering jèn éta djampé moal matih. Ti harita papisah baè koering sareng poen adi, tina hantu rempoeg pikarepun. Ti harita dongkap ka ajuna tatjan pisan papanggih.

§ 5. Kijai Abidin gus nganjanaan jèn éta doeloerna, tapi tatjan ngabédjakun manéh, hajangun nepi ka tamatna. Oepama waka waktja saméméh tamat, sijunun djadi poegag tjarita. Kijai njaoer ka kékèrè: Tjoba, paman, toeloekun. Koemaha saenggus paman misah djung doeloer, koemaha paman nja kalakoean, metakun éta djampé tèh? Koela ajuna sanggoep mèrè papakéan doewa pangadeg serta warutuh, tapi paman koedoe satemenna pisan tjarita tèh, oelah aja noe dipinding-pinding, djung oelah dikoerangan atawa diluwihan. Wangsoel kékèrè: Koering hantu pisan sedja minding-minding; malah wani soempah, jèn njarijoskun saenja-enjana pisan, sareng koering gadoeh panginten, jèn adjengan bakal welas ka diri koering, anoe pinoeh koe tjilaka. — Sanggus koering papisah djung poen adi, toeloek koering sedja ngaboektikun matihna djampé. Koering ngoeping jèn aja hidji randa, mashaer kabungharannana, serta patoetna mudjuhna. Gus rèja noe nanjaan, taja noe ditampa. Koering tjonggah tina ngandelkun matihna djampé tèja, toeloek koering ngandjang ka imah éta randa, diakoe koe randa tèh, disoegoehan ngopi djung oedoe. Sanggus koering ngopi, toeloek mapatkun djampé tèja toedjoeh kali, bari dinijatan éta-nji randa masing asih ka koering.

§ 6. Nji randa njampurkun ka koering, dijoek dukut; koering atoh serta oedjoeb kuna djampé koering. Sanggus kitoe pok koering ngomong: Nji mas, djasad kawoela gadoeh pihatoer; soegan sampéan kersa ngareremi ka djasad kawoela. Kakara sakitoe omong koering, nji randa nembal

bari njentak bengis, pokna: Montong ladjoe omong manèh; gus kaharti koe aing, manèh tèh mikarep ka aing. Tu soeka tu soedi tuing ka djelema kitoe patoet, nja gorèng, nja malarat. Koemaha pangira manèh, aing tèh djelema kasangon atawa randa djomblo? Lamoen tu njaho, luwih sapoe-loeh djelema noe gus datang nanjaan ka aing, aja ménak, aja hadji, aja soedagar, taja pisan noe belewoek tjara manèh mah. Kitoe ogè aing tu daèk. Ka manèh-manèh koe daèk, naon arahunnana, nja gorèng, nja malarat, balikanan manèh boga nijat sakitoe? Naon, noe didirkun, naon noe diagoelkun? Los manèh, gura indit. Aing tu soeka didijoekàn nja balè koe noe kitoe patoet, tjampelak, ngoenghak, njaloentang, noeroes-toendjoeng. Boro aing aja pikir karoenja ka manèh, rèk nijat sidekah; soegan tèh lain kitoe poetjoesna. Toeloej koering mamaapan, tobat bari atjong-atjongan njembah. Omong koering: Nji mas, moegi oelah bendoe kadalondalon. Koering njoehoenkun timbang-taradjoe baè, sarèh koemawani aja pioendjoek sakitoe. Tadina ogè pihatoer koering mamanan; ari hantu kamanah mah, moal dikoemaha, ngan oelah bendoe baè. Nji randa njarèkan dui baè, pokna: Montong rèja tjaploek; gura djor baè, gura mantog, bari toeloej ngageroan ka koering-koeringna. Datang awèwè lalaki, badèga-badèga nji randa, pada ngarogrog. Pokna nji randa: Iju djelema ngoenghak, njaloentang ka aing; toengtoen koe manèh, kaloewarkun.

§ 7. Tidinja toeloej koering dipajang koe doewaan, saorang njekelan lungun katoehoe, saorang ti kèntja, bari ditjakra tarang koering koe haranggasoe, digoesoer ka djalan gedè. Toeloej koering lumpang sakaparan-paran, hantu poho-poho koering mikir: Naha djampè tèh hantu math, kiju kadjadjadiannana. Tapi koering masih pertjaja kènèh baè; pangtumatihna palangsijang koerang tartibna baè atawa aja noe kaliwat dipatatkunnana. Koering urun, ngijoehan dina handapun kai, bari moekaan kitab paririmbun tèja. Datang pikir koering hajang njoba hidji dui, nja èta dowa hali-moenan tèja. Ari sarahna èta djampè basa Djawa, pokna:

Ikilah dowā halimoenan; lamoen diwatja ping pitoe, sarta gilig atiné, wateké ora katon déning wong. Koering pertjaja pisan kana toedoeħ éta djampè, serta tina koering gus soesah, djadjaloek hantu munang, koering nijat maling bari sakalian njoba éta djampè. Toeloj koering lumpang ka pasar, manggih noe kur dagang barang-barang, ngagigirkun radjoet doewit, katèmbong doewitna barodas, pasmat djung keton baè usina radjoet tèh. Koering nangtoeng bari mapatkun djampè tèja, tapi hantu bedas; matja bari api-api baè. Ari gus tamat toedjoeh kali, koering boga rasa jèn moal kadulu koe noe dagang tèh. Tina banget koering nja pertjaja kana èlmoesorangan, toeloj koering ngarongkong, njokot éta radjoet. Noe boga mentjrong baè, hantu ngagungguruhkun. Buki anteb pikir koering ngandel kana éta djampè; koering roemasa jèn hantu kadulu.

§ 8. Ari enggus kira-kira sapoeloeh lèngkah, noe boga doewit tèh, nangtoeng bari gegeroan, moro ka koering, pokna: Toeloeng, toeloeng, iju bangsat maling doewit. Wantoewantoe di pasar rèja djelema, pada njekel kana lungun koering, dipajang koe djelema pirang-pirang. Tu lila datang patjalang, mawa tambang, toeloj koering ditalian, dibawa ka djaksa, dihatoerkun jèn koering maling oewang, boektina disanggakun ka djaksa. Sanadjan koering hantu ngakoe ogè, da enggus èlèh koe boekti; toeloj baè koering dibèrok. Enggus munang sapoeloeh poè lilana, dikaloewarkun, munang rangkèt lima poeloeh kali, datang ka ajuna masih kènèh aja tapakna, kariwed dina birit koering. Kijai Abidin hantu bisa nahan pisuriun, suri tjutjulukutukan barina rambisak tjipanonna. Tapi dina pikirna mah pantèg nja nalangsa sarta watir koe doeloer nepi ka kitoena kalakoemannana, munang balai sakitoe gedèna, ti djalan pertjaja kana pariribonna, djadi pariribon anoe njiun katjilakaan ka dirina. Kijai Abidin nanja, ari basana paman kènèh baè, pokna: Paman, saha paman nja ngaran? Kèkèrè ngawangsoel: Ngaran koering poen Djahidin, ari doeloer koering, noe ajuna gus papisah, poen Abidin. Ki Abidin njaoer dui: Dimana ajuna

tjitjingna éta doeloer paman, noe ngaran ki Abidin tèh? Kèkèrè ngawangsoel: Panginten koering moal hantu djadi minantoe kijai goeroe koering tèja. Barèto ogè enggus dipikanjaah pisan, malah radjun diwakilan ngawoeroek di pamoelangan.

§ 9. Saoer kijai Abidin: Naha atoeh, lamoen paman moro kadinja, rudjung kitoe baè mah. Malaer bermaèn soeksroeksaksrak, anggoer tjitjing di doeloer, ari dikira gus mampoe mah. Kèkèrè ngawangsoel: Uh kijai, koering hantu kadoega tuing; papanggih dui djung doeloer koering èra. Dibèlaan koering kiju baè, manan moeroe ka doeloer mah. Sijun hantu ditampa, wantoening gus aja pasendatan. Paneda koering moega masing loeloes baè; doeloer koering gedè dara-djat, rèja redjeki, peperih koering tjilaka diri. Kijai Abidin ngarungu kèkèrè kitoe omongna, banget kijai Abidin wati-runnana, mèh hantu tahan mindingan awakna, tatapi ditahankun baè, nijatna mangkè baè di lemboerna ngababarkun awakna. Oepama dibabarkun didiju, sijun hantu bunang dibawa ka lemboerna, sabab gus katèmbong tina oetjapna, hantu daèk papanggih sabab èra. Sanggus kijai Abidin mikir kitoe, toeloelj njaoer: Ajuna mah, paman, oerang ka lemboer baè; tjitjing di koela, kawoela sanggoep dahar-pakè paman. Koe koela diangken doeloer serta kawoela soempah, bakal temen-temen ngangken doeloer. Kèkèrè hèran pikirna, rèh aja djelema sakitoe hadèna, serta toeloelj ngawangsoel bari tjurik, pokna: Uh djoeragan, koering soemedja ngiring pisan, ari aja manah ngaloemajankun mah ka diri koering. Tidinja bral pada taroeloelj moelang ka lemboer pasantrèn tèja; ari djaoehna ti nagara nepi ka pasantrèn lalakon saputing, lega njorang luwung.

§ 10. Ari di djalan manggih djelema merem, ukur soekan-soekan baè, nabuh gambang sisi djalan, harupun waroeng, barina kakawihan. Ari kawihna tjara Djawa, pokna: Welasana, welasana maring wong miskin kaja ingsoen. Marga ingsoen dadi miskin, doedoe saking kesèdingsoen, moeng saking kersaning Allah. Soen tinakdir mata woeta, dadi ora

bisa karja, ngoelati pangoepadjiwa. Kijai Abidin, ningali éta noe ngagambang djung ngadangoekun kawihna, liwat langkoeng welas manahna, toeloj ngodok doewit tina kandjoet satengah roepijah, dilèlèrkun ka noe merem tèh. Noe merem tèh soekaun pisan, buki saregep ngagambangna, serta ganti kawihna, kiju pokna: Hé kawoelaning Allah, moega-moega Goesti Allah males kabetjikanira, karana wong kang mengkana, soeka wèwèh maring wong toena, énggal lawas, pasti oega anemoe wawalesira. Sakoer noe ngarungu resepun pisan, tina bisa ngagambangna, ngunah kawihna, hadé usina. Kijai Abidin ladjoe angkatna. Tu lila di djalan manggih djelema ngadoa, tjangogo sisi djalan, tapi djelema walagri pisan, hantu pètjak, hantu bèngo, hantu pintjang-pintjang atjan, ngan tina moemoelan baè, sanguk hèsè digawè, ngan ngandelkun ngadjoewal doa baè. Kijai Abidin njandak bedog, bunang andjunna muli ti pasar, sok dilèlèrkun ka noe kur ngadoa tèh. Ari wangsoel noe ngadoa: Naha sampéan mana maparin bedog? Taja gawèna di kawoela. Manan bedog mah luwih hadé paparin koepat baè hidji. Saoer kijai Abidin: Tah, kaboeroengan manèh enggus tètèla. Manan daèk dibèrè bedog, anggoer mènta koepat sahidji. Gura koe manèh pikir, iju bedog pakè ngala soeloeh ka luwung, djoewal soeloehna ka dajuh. Taksiran kami sakoerang-koerangna munang sapoè saowang. Tjoekoep hakan manèh, bisa ogè ngampihan doewit kur muli samping. Iju bedog kapakè genep boelan mah. Toekang doa tjitjing, hantu nèmbal.

§ 11. Kijai Abidin ladjoe angkatna, njorang luwung, réja manggih monjèt, loetoeng, soerili, wantoning di luwung. Dina handapun tangkal saninten manggih monjèt, kur ngègèlan boewah saninten, semoe hèsèun pisan. Katèndjo koe ki Djahidin, noe djadi kèkèrè tèja. Ki Djahidin hatoeran ka kijai, pokna: Itoe, djoeragan, soemangga tingali di lebak; handapun tangkal saninten aja monjèt, tajoh pangbodona papada monjèt, gawèna kur ngègèlan boewah saninten. Kijai Abidin ngarèrèt ka lebak, katingali enja aja monjèt kur ngègèlan boewah saninten. Mariksa ka kèkèrè: Naha koe

paman éta monjèt diseboet boeroeng? Ki kèkèrè ngawangsoel: Noe matak éta monjèt koe koering diseboet pangboeroengna, éta baè ngurujuh, ngégèlan boewah saninten, sakitoe hèsèna. Lamoen koering mah, djung ngurujuh noe hèsè mah, luwih hadè nèjangan dui kahakanan anoe sèdjèn, noe gampang serta ngunah. Saoer kijai Abidin: Ari pikir kawoela mah, paman, éta monjèt hantu boeroeng, malah wekel. Noe matak dibèlaan hèsè tjapè, njahoun jèn didjerona ngunah, amis, pelem; mengkè, enggus béak koelitna, manggih usina, djadi kapoenah tjapèna koe ngunahna. Èta kalakoean monjèt bunang didjiun ibarat. Oerang moal manggih kangunahan, lamoen hantu hèsè tjapè mimitina; mana ari djelema koedoe daèk hèsè mimitina, soepaja ngunah toengtoengna. Ki Djahidin roemasa jèn malindes ka awak manèhna, hantu tjara kitoe, hajang oedjoeg-oedjoeg ngunah baè, emboeng tjapè mimitina. Handjakal noedoehkun monjèt kur ngégèlan saninten ka kijai, soegan tèh moal kitoe ngibaratkunnana; tjitjing baè, hantu poegoeh wangsoelna.

§ 12. Kijai ladjoe angkatna. Sisi djalan aja tjaringin gedè, handapunnana aja tji njoesoe, serta éta handapun tjaringin rèja paroekoejan, oeroet noe ngoekoes, rudjung rèja doewit, krana oenggal noe ngaliwat pada naringgalan doewit, ditundun dina handapun éta tjaringin, niatna mitjun tjilaka doraka, soepaja kaharupna manggih rahajoe. Kijai Abidin sindang didinja bari kahampangan handapun éta tjaringin. Ki Djahidin serta santri, noe ngiring kijai, banget kagètna. Toeloej pada nararos: Koemaha sababna adjengan mana kitoe nja lampah? Koe dungun-dungun iju tjaringin dipoesti-poesti, malah djadi pamoedjaan, ari koe adjengan ditjamahan. Koering banget hantu ngaharti kana lampah adjengan sakitoe. Kijai Abidin ngawangsoel: Montong harèran, karana iju kai tèh hantu sakti. Djelema, noe enggus pada maroedja kadiju, kabèh boeroeng. Kawoela hantu sijun katoelah. Noe matak wani ngiihan, soepaja paman njaho jèn iju hantu sakti. Kawoela soempah demi Allah, jèn taja noe kawasa kadjaba ti Allah, noe kagoengan sipat koedrat iradat. Kijai Abidin

toeloej njandak doewit, noe aja dina dukut paroekoejan, kira aja doewa keton réjana, barina ngalahir: Iju doewit milik kawoela, da koe noe boga enggus dipitjun, lain doewit katinggalun. Gus kitoe toeloej kijai mangkat. Kira gus munang saratoes léngkah, aja djelema tiloean ngoedag ti panduri, marawa gegendir, barina ngageroan, nitáh urun. Karungu koe kijai, urun, ngadagoan. Djelema tiloean téh datang bari popolotot, pokna: Nja manéh noe ngaroeksakkun poepoedjaan kami téh. Lamoen manéh hantu njaho, éta téh pangtjalikan Batara Doerga.

§ 13. Kijai gantjang munang akal kur ngawangsoel: Enja kami noe ngaroeksak téh, dipiwarang koe Batara Wisésa, njiksa Batara Doerga, sabab boga dosa sok méntaan doewit, oenggal noe ngaliwat sok ninggalan doewit. Djelema noe tiloean téh kagét ngadaréngé wangsoelan kitoe, gèk darijoek, dat njarembah, pokna: Karah gamparan téh piwarangan Batara Wisésa. Ari Batara Wisésa téh pernah koemaha ka Batara Doerga? Kijai njaoer: Lain barajána ngan rahajatna baé. Ari Batara Wisésa tamah, nja éta anoe ngadamel boemi langit serta sausina kabèh, serta anoe njiun andika djung kawoela. Ajuna koemaha karep manéh? Lamoen manéh hantu taloek ka kami, murun didoedoet baé njawa manéh. Noe tiloean pada ngawangsoel kabèh, njarembah atjong-atjongan, pokna: Tobat, koering njoehoenkun hiroep baé. Lahir kijai: Hadé, manéh dihiroepan, tapi patjoewan oelah daék dui njembah ka noe diseboetkun pangtjalikan Batara Doerga. Éta tékad manéh, lamoen kitoe, kasasar, karana nja éta noe diseboetkun njembah ka kajoe, ka batoe téh. Ari Batara Wisésa téja nja éta Allah. Djelema noe tiloean njarembah atjong-atjongan, pokna: Soemoehoen, soemoehoen. Kijai ngodok doewit tina kantong, noe bunang njandak tina handapun tjaringin téja, dipaparinkun ka djelema tiloean téja, lahirna: Hé, iju doewit bagi tiloe, masing saroewa réjana, paké modal dagang lalawoeh ngopi, batina kur hakanun anak-éwé. Djung njembah ka noe tu poegoeh mah, hadé kitoe. Kijai saréntjangna ladjeng, noe tiloean paroelang semoe

soeka-boengah, doemèh ngandoeng doewit pimodalun dagang tjianut.

§ 14. Kijai angkatna gus liwat luwung, nJORANG pasawahan, toetoegan goenoeng. Rèja manggih piboewatun; roepa-roepa parèna, aja noe gorèng, aja noe hadè. Kijai ngalahir ka kèkèrè: Itoe, paman, birunguh parè piboewatun; hadè mana, noe taroengkoel djung noe djarotjong? Ki kèkèrè gantjang ngawangsoel: Rasa koering mah, hadè noe djarotjong tèja; pantes ditingalina. Kijai ngalahir dui bari goemoedjeng: Tah, tina kabodoan paman; tandana tara pisan njabak pagawèan. Lamoen hantu njaho, hadè noe taroengkoel tèja. Noe matak taroengkoel, tina burat koe usi. Noe matak djarotjong, tanda hapa, taja usina, djadi hampang, taja noe ngabungburatan. Èta ogè djadi oepama, bunang diibaratkun ka djelema. Lamoen djelema langsoeng saer, loehoer tintjak, tanda taja usina. Ki kèkèrè ngawalon semoe isin: Karah kitoe koelanoen; koering mah kakara oeninga ajuna. Tidinja ladjeng dui kijai loemakoena, dongkap ka sisi lemboerna. Ki kèkèrè ingetun oeroet bahula manèhna masantrèn, rada risiun, semoena sijun papanggih djung doeloerna. Mèh hantu bunang dibawa asoep, dipaksa baé koe kijai. Barang gèk dijoeck di tepas boemi kijai, ki kèkèrè loewak-lijuk baé ngalijukan doeloerna. Oerang pasantrèn didinja taja hidji noe ingetun ka ki kèkèrè, tina kalawasannana serta pangling doemèh djadi gorèng patoet. Ngan ki kèkèrè aja ogè ingetna ka hidji doewa, ka kolot-kolot, ngan ka noe ngarora, noe mangsana papisah baroedak kènèh, panglingun kabèh. Kijai ngalèlèr papakèan tiloe pangadeg, samping, badjoe, tjalana, totopong, serta dipangnjiunkun enggon di pangkèng tepas boemina.

§ 15. Ari ti puting, bada isa, koempoelan di boemi kijai, badè hadjat nadar. Sanggus diambengkun, kijai ngalahir: Hè moerid-moerid kabèh, kawoela neda panaksèn. Iju hadjat nadar sapoeloekanun, sarèhna kawoela dikaboel nja paneda. Salawas koela imah-imah, munang pirang-pirang taoen, malah gus boga anak toedjoe, saenjana kawoela ngandoeng kasoelah.

Ajuna lungit kasoelah kawoela kabèh, didatangkun kasoeka kawoela, noe taja wiwilangannana. Ngan sakitoe kijai ngalahirna, ladjeng dahar ngarijoeng sakoelawargana, sarawoeh moerid-moeridna; ki kèkèrè ditjandak dahar ngarijoeng, digèdèngkun saboboko rudjung. Sapandjangna dahar, sakabèh koelawargana rawoeh moerid-moeridna hantu pegat-pegat mikir, doemèh kijai kitoe lahirna: Naon anoe matak djadi soeka-boengah? Djung kagèt doemèh éta kèkèrè ditjandak dahar saboboko rudjung. Tapi taja hidji djelema, noe wani naros ka kijai tegesna éta prakara. Sanggus dahar, kijai ngabagi oewang, sasoeke sèwang ka sakoer noe ngarijoeng dahar, lahirna: Iju kawoela hadjat nadar, rèhna kawoela dikaloewarkun tina prihatin. Djelema noe diharadjatan pada narampanan doewit, serta pada njareboet: Djadjakallahoe haèran kasiran, tegesna: Moega males Goesti Allah koe pirang-pirang kasaèan. Buki tambah kagètna noe pada aja didinja. Sanggus kitoe kijai ngalahir: Hè moerid-moerid kabèh, kawoela ngarti jèn andika kabèh pada harèran. Nja pantes ogè hèran, tina tatjan pada ngarti rasijahna, anoe dikemoe kènèh koe kawoela. Ajuna koe koela rèk dibabarkun. Iju kèkèrè, bawa kawoela ti dajuh, teges doeloer kawoela misan, ngaranna ki Djahidin. Bareng ti lemboer kawoela indit masantrèn, nja ka pasantrèn iju pisan, hantu lila papisah. Ari kawoela tetep tjitjing didiju, nepi ka dipoendoet mantoe koe kijai noe soemèrèn, noeloekun moeroek nepi ka ajuna. Ari iju doeloer kawoela, kakang Djahidin, kaloe-war tidiju, loemakoe sakaparan-paran, ngantur lampahna anoe hantu hadè, karidjet koe iju paririmbun, poesaka ti karoehoen, nepi ka djadi kèkèrè, papanggih djung kawoela di dajuh. Ajuna kawoela nandakun soeka-boengah, rèhna dipapanggihkun dui djung doeloer, noe dikira tadina moal papanggih dui. Kijai Djahidin banget kagètna, semoe soeka, tapi èra. Lila-lila lungit èrana, ngan woengkoel soekana baè, serta mitjun kalakoeannana pertjaja kana paririmbun tèja, noeroetkun koemaha pangrigelkun doeloerna baè. Lawas-lawas djadi mahi ogè, boga imah tangga, boga

sawah, boga kebon, sarta banget ngalarang ka anak-intjoena,
hantu munang ngapalkun atawa pertjaja kana djampè-djampè,
noe enggus dipakè koe manèhna tèja.

Hè èling-èling sanak-braja,
hiroep di doenja koedoe sadija,
koedoe digawè getol pakaja,
soepaja salamet djaoeh ti baja.

Koedoe ngadoa ka Goesti Allah,
tèkad djung lampah oelah sok salah,
sagala lampah koedoe kerna Allah,
soepaja hiroep oelah katoelah.

Djampè tu poegoeh taja gawèna,
anggoer sok matak gorèng djadina,
tara pisan matak djadi sampoerna,
tjara ki Djahidin kitoe toengtoengna.

Tamat.

H I B A T.

Mangsa taoen 1850 di kabopatèn Limbangan aja hidji djelema gus kolot, kira-kira oemoer genep poeloeh taoen, boga doewa anak, lalaki hidji, awèwè hidji. Remen ngomong ka bapana, pokna: Bapa, sarèhna bapa gus sepoeh, rasa kawoela, gus mudjuhna ngahenang-ngahening baè, montong ngalampahkun padamelan koe andjun. Ajuna mah gus mudjuhna sèsèrèn baè damel rawoeh banda. Bapa mah oeninga di nganggo djung dahar luut baè; hèsè-tjapèna mah koe-maha kawoela sareng poen adi. Djasad kawoela poerah njijar pakunna, poen adi poerah njisih-masangna. Koe prakawis èta rasa djasad kawoela mudjuhna gura hibatkun baè kagoengan-kagoengan tèh, tjara atoeran waris, djasad kawoela lalaki doewa bagian, poen adi awèwè sabagijan, soepaja djasad kawoela rawoeh poen adi saregep nja roemawat ka salira bapa rawoeh ka banda.

Tidinja dipikir koe bapana, boa bener omong anakna sakitoe. Toeloj baè dikoempoelkun bandana; noe djaraoeh didukut-dukutkun, koeda moending ti tegal digiring. Sanggus koempoel kabèh bandana, serta ki lebé gus diogan,

soepaja njaksian kana hibatna, toeloej ki djompo ngomong, ngikralkun hibat, kiju pokna: Ki Lebè, kawoela neda panak-sèn. Iju kawoela ngahibatkun genep moending ka iju anak kawoela lalaki, djung tiloe koeda sarawoeh tataloenan radja-kaja, sawah, kebon, djung iju tiloe moending, doewa koeda djung imah katoet usina, hibat ka anak kawoela awèwè. — Toeloej koe anak-anakna ditampa, serta ki lebè nanda-tangan, narima djadi saksi.

Ti harita wates sataoen lilana tetep kènèh roemawatna anakna lalaki ka bapana. Kadoewa taoenna gus bolaj roemawatna; katiloe taoenna pot pisan, hantu ngarawatan, bapana gus roentang-ranting papakèannana. Tidinja toeloej bapana ngomong ka anakna, mènta anak koeda, djoewalun kur muli totopong. Kiju pokna: Ajuna bapa mènta èta anak si Temboeng, rèk didjoewal, kur muli totopong. Wangsoel anakna: Prakara bapa mènta anak si Bopong, hantu kaha-toerkun, krana ngan sakitoe panghadèna kur baris bibit. Bapana ngomong dui: Ari hantu dibikun mah anak si Bopong, kadjun atoech bapa mènta totopong baè pakèun, rèhna bapa gus hantu boga pisan totopong. Ngawangsoel anakna: Totopong koela hantu boga; djung dui kolot mah montong hajang makè noe aloes-aloes tuing, sok moen mulit baè dina sirah.

Tidinja bapana ngalimba serta ngomong sadjero pikirna: Bèhna mah bener tjek paribasa: Ari djelema oelah sok tamplok-batokun. Nja kiju karasana, tjara ajuna kami. Banda béak dihibatkun ka anak, ari kami ngongkrong, datang ka hantu bisa ngaganti totopong-totopong atjan. Ari rèk istori ka hoekoem èra, da bunang kami bongan, kagendam koe anak. Gus kitoe èta ki sepoeh pindah ti anakna lalaki, tji-tjing di anakna awèwè. Ari anakna awèwè mah masih kènèh roemawatna, getèn toelatèn, saaja-aja kadaharan dipoepeoedjoehkun baris bapa. Ari èta ki sepoeh asalna djelema getol, rèja kabisana, rèja kadaèkna. Ti burang matjoel di kebon, ari ti puting nganjam ajakan, said, njiroe. Koe sabab tina getolna serta kabisana tjoekeop ogè bisa ngagandjel-gandjel

ka anakna awèwè. Serta ki sepoeh boga kènèh peperenian oewang dina tjétjélèngan, roepa keton djung pasmat, aja 30 keton djung 80 pasmat, nijatna tina roemasa gus kolot tèrèh nepi ka adjal, oelah njoesahkun anak merbaitan.

Katjarita èta anakna lalaki, sanggus kitoe ka bapana, tu koe hantu réja pisan halangannana, buki koerang baé bandana, tina tatanggana pada ngaréwaun, diseboet djelema koerang panarima. Ka dungun komo, ka bapa nepi ka kitoe, saroewa djung ngarampog doang ka bapa. Ari benerna ka bapa mah, oelahmoen dihibatna radja-kaja sakitoe gedèna, hantu kitoe gé, wadjib moelang tamba ka indoeng bapa. Tina dirunuhkun nepi ka ahir balég matak hèsè indoeng bapa baé. Djadi koe sabab kitoe èta djalma ditelahkun baé ngaranna ki Mahiwal, tegesna adat hantu saroewa djung dungun. — Toengtoengna èta ki Mahiwal djadi malarat pisan, koeda moendingna toempoer. Tina gus éra hiroep, los baé ngentjoel ka Karawang, bèdjana djadi toekang ngangon meri di hidji Tjina, datang ka paèhna hantu bisa moelang dui ka djamanna.

Tamat.

VII.

NINI-NINI MALARAT DJUNG DELEG KASAATAN.

§ 1. Djaman bahula aja nini-nini malarat tu kinten-kinten ; papakéannana gus boetoe sarta laip, disampingna ogè, ngan oekoer bisa noetoe pan orat. Kitoe dui dahar luutna salawasna ngan sapoè sakali baè, malah-malah sakampung mah datang ka pot pisan, sapoè doewa poè hentu manggih-manggih sangoe, ngan oekoer nginoem tjai woengkoel. Ari boeboeroeh dederep hentu kadoega djung gus hentu lakoe, wantoe-wantoe enggus kolot, koerang tanagana. Djadi kahiroepannana taja dui ngan tina ngaroroték baè dina tegal-tegal atawa di kebon awi ; ari bubunangannana dipakè noekuran béas atawa tjangkaroe ka tatanggana. Pandéning imahna ngan sempil baè, ditangkodkun kana pongpok imah batoerna, kitoe ogè hatupna bilikna gus balotjor, wantoe-wantoe hentu aja pisan anoe daék noeloeng, mangngoméankun, koe tina hentu boga sanak-baraja, soemawona anak intjoe, éstoening noenggoel pinang. — Ari éta nini-nini téh sakitoe nja kakolotannana hentu pisan njaho ka Goesti Allah. Oelabon ngalampahkun kana paréntahna téja, djenengannana ogè

hentu apal. Pangrasana iju boemi djung langit tèh djadi sorangan baè, uwuh anoe midamel.

§ 2. Dina hidji mangsa éta nini-nini gus doewa poè hentu manggih-manggih dadaharan, sosoroh noekuran sangoe ka tatanggana, taja noe mèrè. Tidinja manéhna toeloj ngadjentoel di imahna bari hoemanduwar, pokna: Adoeh, tjilaka tuing diri aing iju; nja ajuna paèh langlajusun tèh. Sanggusna ngomong kitoe tèh, toeloj boga nijat rèk ngarorotèk dui ka tegal, bari soegan manggih dangdaenan atawa bong-borosan noe ngunah dihakan, kur tamba oelah langlajusun tuing. Gus kitoe bral lumpang ngadjoedjoeg ka tegal kaso oeroet njoendoetan, anoe dukut kana talaga sarta di sabeulahna dui njandingkun waloengan gedè. Barang datang kadinja, éta nini-nini tèh manggih laeok deleg pirang-pirang, rèk pindah tina waloengan kana talaga. Saenggus nepi kana tengah-tengah éta tegal kaburangan pananpoè, gus katjida tuing panasna, djadi deleg kabèh awakna taloehoer koekoe-moerna, koe tina susut datang ka hentu bisa madjoe lumpangna. Koe sabab éta deleg kabèh pada njandang soesah, tanwandè manggih bilahi paèh kasaatan.

§ 3. Didinja éta nini-nini tèh boengah katjida, pikirna gus tangtoe manggih oentoeng munang laeok pirang-pirang, boga kur noekuran sangoe. Tapi manéhna hèran nulu aja hidji deleg, anoe panggedèna ti sakabèh batoerna djung dui lumpangna ogè panghulana, kawas-kawas noe djadi ratoena, sarta bisaun ngomong, pokna: Sami'oen Allah, koering neda hoedjan. Sami'oen Allah, koering neda hoedjan. Kitoe baè omongna, bari tatanggahan kaloehoer. Ari koe nini-nini tèh didèngèkun baè saomong-omongna éta deleg tèh, hajang njaho koemaha kadjadiannana. Barang gus kira-kira satengah djam lilana, datang hoedjan gedè naker, wani tjilungtjangan. Tidinja éta deleg barisaun dui lumpang, toeloj kebat loemakoena. Ari nini-nini tèh datang ka ngadègdèg awakna tina bawaning tiris kahoedjanan, sarta léngoh balikna, tu barangbawa.

§ 4. Katjaritakun éta nini-nini tèh, sanggus datang ka

imahna, toeloej mikir bari ngomong didjero hatèna: Ih! boa, lamoen aing ogè neda doewit ka noe ngaran Allah tèh, murun dipaparin. Ari piomongunnana mah nja tjara deleg tèja baè, ngan bèdana aing mah rèk neda oewang. — Tidinja èta nini-nini sèg baè tapakoer di imahna, bari ngomong, tatanggahan kaloehoer noeroetan sakoemaha kalakoean deleg tèja: Sami'oen Allah, koering neda oewang. Sami'oen Allah, koering neda oewang. Kitoe baè omongna tu urun-urun, djung pikirna antèk katjida panedana ka Goesti Allah, datang ka gus tu aja pikiran dui ka noe sèdjèn. Ari djalma anoe imahna ditangkodan koe imah nini-nini tèh, banget ngè-waunnana, koe sabab gandèng djung bosen saoeanggal poè, oenggal puting ngadèngèkun omongna èta nini-nini ngan kitoe baè, taja pisan rèpèhna. Toeloej baè njentak ka nini-nini tèh, pokna: Nini, rèpèh. Aing gandèng ngan kitoe baè, uwuh dui kasab. Moal enja Allah tèh soemping kadiju, sebar doewit ka manèh. Djung kitoe baè mah anggoer ngala soeloeh, ngala daoen ka luwung, murun aja hasilna. Djung dui lamoen manèh hentu bunang ditjarèk, gura oendoer baè, imah manèh oelah ditangkodkun ka imah aing.

§ 5. Panjentakna èta noe boga imah koe nini-nini hentu digoegoe, tonggoj baè ngomong njoehoenkun doewit ka Allah, anggoer buki tambah maksoedna. Barang gus nepi ka lima poèna, anoe boga imah tèh buki katjida garètèkunnana hentu bunang ditjarèk, sarta dititah oendoer, hentu los. Tidinja èta djalma toeloej njokot karoeng goni bunang ngusian koe beling, datang ka pinoeh, sarta dipèprèkan soepaja dje-djel ambih burat, nijatna rèk dipakè ngabobodo ka nini-nini tèja, sina dinjanaan doewit paparin Allah ragrag tiloehoer, djung soegan njeriun ditinggang tonggongna koe èta karoeng, ambih kapok moal ngomong kitoe-kitoe dui. — Kira-kira gus wantji sarupna koe èta djalma karoeng tèh dibawa naèk ka para, toeloej dipontjorkun tina sipandak, ditindihkun kahandap, mener kana tonggongna èta nini-nini. Barang bloeg ninggang tèh, kalenger tina bawaning njeri.

Ana gus inget, néndjo aja karoeng ngadoengkoet, katjida atohunnana, panjanana nja éta karoeng doewit, paparin ti Allah.

§ 6. Anoe boga imah tèh soeka, suri néndjo kalakoean nini-nini, doegdoeg-dègdèg semoe banget atohna. Gus kataksir piengkèunnana bakal munang éra kabobodo, karana noe dikaroengan tèh tètèla pisan jèn beling. Gus kitoe karoeng tèh disembah koe nini-nini tèh, bari ngomong kiju: Noehoen, Allah. Noehoen. Naha loba-loba tuing maparin doewit tèh. Mana, ari kur adjengan, aja kènèh, noen? Tidinja toeloej guwat diboeka. Gus kitoe kersana noe Agoeng doemadakan éta beling kabèh djadi doewit, aja oewang emas, aja oewang pérak, djung dui koemaha gedèna baè, aja noe djadi ringgit, aja noe djadi oekon. Ari ispekna tatangga kabèh daratang ngadegdeg, sabab kadèngèun jèn éta nini-nini munang bagdja boga doewit pirang-pirang, asal tina dibobodo; malah kapala distrik soemping kadinja ngalajad, sarta toeloej dilaporkun ka nagara djung ditètèlakun asalpoerwana. Ari timbalan ti nagara éta nini-nini hentu kaidinan tjitjing di kampoeng, bisi aja noe nganijaja, dipaling doewitna, djung dioeroes dipangmulikun lemboer imah katoet usina. Ti wates harita éta nini-nini tèh djadi soegih tu kinten-kinten. Kitoe dui dipikanjaah koe mènak-mènak tina saregep koemawoelana djung tambah aloes boedina, kaloeloetan koe djalma, rèja sobatna, tina soeka toeloeng ka djalma-djalma noe miskin, soemawona ka noe kur kasoesahan, margi ngaraskun ka dirina basa kur malarat kènèh.

§ 7. Katjaritakun éta djalma, anoe méré karoeng beling téja, kabitaun naker nulu éta nini-nini téja djadi bunghar, lantaran dibobodo karoeng beling koe manèhna. Gus kitoe boga nijat hajang noeroetan. Tidinja toeloej ngandjang, sedjana rèk badami, soepaja dibales koe éta nini-nini téja sina nindih koe karoeng beling ka manèhna, pokna: Nini, saterangna éta doewit tèh asalna beling bunang koela ngaroengan, dipaké ngabobodo ka sampéan, koe sabab satadina

kaeola giroek ngadèngèkun adjengan ngomong baè njoehoenkun doewit ka Allah. Tatapi ahir-ahir éta beling doe-madakan bet djadi doewit kabèh. Koe prakara éta ajuna kaeola rèk neda dibales koe sampéan, hajang ditinggang koe karoeng beling, karana tanwandé djadi doewit ogè, tjara noe gus kalampahan. Tatapi kaeola mah hajang ditinggang koe doewa karoeng, noe galedé, ambuh kaeola luwih bung-har manan nini. Wangsoel nini-nini tèh: Hadé, hug baè gura tapakoer, tjara kaeola baréto.

§ 8. Tidinja éta djalma tèh toeloej balik; sadatang ka imahna hug baè tapakoer, noeroetan sakoemaha polahna nini-nini téja sarta ngomong, pokna: Sami'oen Allah, koering neda oewang. Sami'oen Allah, koering neda oewang. Kiteo baè omongna, djung pikirna oedjoeb katjida, nangtoekun jèn bakal munang doewit ti Allah doewa karoeng goni parinoeh. Barang gus nepi ka lima poèna, nini-nini tèh toeloej ka imahna éta djalma noe kur tapakoer téja, bari mawa doewa karoeng beling bunang mèprèkan, sarta toeloej dibawa naèk ka para. Tidinja hug éta doewa karoengannana ditindihkun kana tonggongna. Barang bloeg ninggang sek baè kapaèhan, malah-malah toelang tonggongna datang ka potong. Arina inget ngaguwat mènta paroeboekjan ka pama-djikannana, hug karoeng tèh dikoeoesan. Ari mentas dikoeoesan toeloej disembah, bari ngomong noeroetan tjara omong nini-nini téja, pokna: Noehoen, Allah. Noehoen. Naha maparin doewit réja-réja tuing. Mana, ari kur adjengan, aja dui?

§ 9. Barang gus tamat ngomong, karoengna diboeka, bèh beling kènèh baè, hentu daèkun djadi doewit. Tidinja katjida handjakalunnana datang ka ngalambah rèk tjurik tina bawaning aral, sèg baè bidjil omongna soewaban, ngahina ka Goesti Allah, pokna: Ih, naha Allah tèh bet pilih kasih dipangnjiunkun doewit sawarèh-sawarèh? Ari kaeola hentu? Djung dui: Koemaha, Nata atawa Allah tèh gus diganti dui tajohna. Da noe baréto mah bisa njiun doewit koe beling, ari Allah anoe djeneng ajuna tajoh-tajoh hentu bisaun? —

Ti wates harita éta djalma gering, hubul pisan njeri tjangkéng, tatamba ka pirang-pirang doekoen. Tina aja kénéh berkah Allah bisa tjagur ogè, tatapi tampadaksa, djadi bongkok tonggongna, datang ka hentu koewat njjar kahi-roepan rosa-rosa. Lawas-lawas manéhna djadi malarat tjara nini-nini téja; kawas-kawas djadi tépa malaratna éta nini-ini ka éta djalma téja.

Tamat.

manjo -
muri ringa

**14 DAY USE
RETURN TO DESK FROM WHICH BORROWED**

LOAN DEPT.

This book is due on the last date stamped below, or
on the date to which renewed.

Renewed books are subject to immediate recall.

22 Nov '60 LR	REC'D LD JAN 17 1961
IN STACKS	
NOV 15 1960	18 Feb '61 CT
IN STACKS	IN STACKS
NOV 16 1960	JAN 30 1961 REC'D LD
IN STACKS	MAY 15 1961
NOV 17 1960	
REC'D LD	
NOV 18 1960	
16 Dec '60 CT	
IN STACKS	
DEC 2 1960	
LD 21A-50m-4,'60 (A9562s10)476B	General Library University of California Berkeley



